МЫРЗАҒАЛИЙ ДӘРИБАЕВ



# МЫҢЛАРДЫҢ БИРИ

(ТАМАМЛАНБАҒАН ПОВЕСТЬ)

„ҚАРАҚАЛПАҚСТАН"
БАСПАСЫ.
Нөкис—1974

www.ziyouz.com kutubxonasi

ҚҚ Дәрибаев. М
Д. 54. Мыңлардың бири. (Тамамланбаған повесть).
Нөкис, „Қарақалпақстан", 1974.

„Мыңлардың бири"—Мырзағалий Дәрибаевтың прозалық мийнетлериниң ишиндеги ең көлемли шығармасы. Оның „Сырлы мазар" деген бөлими бизиң әдебиятымызда хрестоматиялық шығарма болып кетти. Ол орта мектеп оқыўшыларына күтә таныс.

Бул повесть қарақалпақ халқының Октябрьден бурынғы турмысының үлкен бир бөлегин көрсететуғын баҳалы шығармалардың бири болып табылады. Соның менен бирге повестьте Қарақалпақстанда совет властын орнатыў ҳәм оны беккемлеў ушын алып барылған гүрес шебер сүўретленеди.

Индекс $\frac{7-3-3}{60-74\ м}$

Художник. *Қ. Бердимуратов*

© „Қарақалпақстан", 1974.

www.ziyouz.com kutubxonasi

# АЙРАЛЫҚ



Төренияздың тораңғылының арасынан жыланның көзиндей жылырап аққан булақлы жардың жайпаўытына қарап, қабағын ийнине салып, бир қыз киятыр. Алты қос айдынлыны ҳайўанқаслап ораған, оның бир шекеси едирейип, айға қарап ҳаңкийип турыпты. Сыртынан сыны түскен орамалды баса бүркенип, алып желкесинен байлаған. Үстиндеги шатыраш көйлектиң етеги езиўи жыртылған геўишине оралып жүргизбейди. Бирақ қыз тезирек жүргенди жақсы көретуғын сыяқлы өзинше тез-тез жүреди. Жас маралдың көзиндей мөлдир қара көзин дөгерегине төңкерип таслап қаранады. Бирақ, салбырап, турған тулымшағы ескен жел менен жипектей желбиреп ушып, гей ўақта көзин жабады, ал қыз тулымшағын қайырып таслап, тағы дөгерегине қарайды... Суўдың жағасына келип, әтирапына айнала қарап турып:

Шатыраштан тиккен жегде, көйлегим,
Тиккендеги бундаймеди тилегим,
Мен ярымның умытпайман атағын,
Топыраққа қосылғанша сүйегим".—

деп „Мүйиз мәки" намасы менен әстелеп қосық айтты...

Тағы дөгерегине қарады... Оның көз қарасынан, бет әлпинен, жүрис-турысынан кимде болса биреўди күткени билинетуғын еди.

Бул Нурлыбайдың қызы Мийригүл. Нурлыбайдың улы да, қызы да усы. Бир үйде бир бала болғанлықтан ол ерке болып өсти. Өсе келе сол дөгеректеги



www.ziyouz.com kutubxonasi

атакқа шыққан қыз болды. Нурлыбай аскан бай да емес, дымы жоқ жарлы да емес, жықпа-жығылма ҳалы бар дийхан еди. Қолындағы жалғыз қызы болғанлықтан тапқанын қызына кийгизетуғын еди. Мийригүл де кийимди таза кийетуғын. Ол кийим кийгенде адам қарап турғандай болып жарасатуғын еди.

Сол дөгеректеги жигитлердиң барлығы қалайда болса Мийригүлди өзине қаратыў ушын умтылып, қол созған менен ҳешқайсысына да жөнли жуўап берген жоқ. Малы көп жигитлер малдың күши менен урып-жығып алыў ушын малын бетине услаған менен де ҳешнәрсе шықпады. Нурлыбай малды тәуир көрген менен, қызының райына қарап „қызыңды бер“ деген адамларға дурыс жуўап бермейтуғын еди.

— „Жуўырған алмайды, буйырған алады“—дегендей талай жигит қол созғаны менен босқа қалды да, Мийригүл Ерполатты сүйди. Ерполат сол аўылдағы Ержан сыйпаң дегенниң шопаны. Шопанда болса жигиттиң сейдини еди. Жаўырыны қақпақтай, еки ийнине еки жигит мингендей, келбети келип қалған. Ақылдан да алдына адам салмайды. Қара күштен де ҳешкимниң қойын бағa қоймайды. Ол өзи қатарлы жигитлер менен гүресип жүрип жаўырыны жерге тийип көрген емес.

Мийригүл әдепки ўақытта жаслық пенен ўақытша ойнап-күлип жүрмекши болса да, соңын ала, „усы жигитке бас қосып өмирлик жолдас болсам өлгенше хор болмайман ғой“,—деп ойлайтуғын. Ерполатта ойнап-күлип жүргени болмаса „маған тий“ деген жоқ, бирақ қыздың кеўлиниң бөтен емеслигин билетуғын еди.

Мийригүлдиң сөйткен жигити—Ерполатты, алты шопаны менен көшпели қоныс қылып, отарлап қой жайыў ушын жиберип атыр. Алты шопан бағана азанда қойды жайып кетти де, Ерполат дәркар ўәжлерди алып изинен жетпекши болып қалып еди. Мийригүл келген жаптың қасынан жол өтеди. Ерполат сол жол менен жүреди. Мийригүл ярына оңашада көрисип қалыў ушын „сылтаўым саз—бәҳәнем басқа“ дегендей, суўды сылтаў қылып, Ерполаттың жолына келип турғаны еди ғой.

Бир тәрептен Ерполатты қараса, бир тәрептен басқа адамды қарайды. Егер, Ерполат ҳәзир келип қалып,



www.ziyouz.com kutubxonasi

биз сөйлесип турғанда сыртымыздан көрип қалатуғын адам жоқ па деп те қарап тур еди. Ҳешким көринбейди. Жəне қарайды, жəне қосығын даўам еткизеди:

„Шатыраш көйлек шаң болар деп қағаман,
Ҳəсемликке бақа түйме тағаман."

деп бир аўыз қосықтың ярымын айта бергенде „баўып" деп бақырған түйениң даўысы еситилди. Мийригүл қосығын қойып, сол бетке жалт қарады. Соның арасында қара нардың еки жағына бир нəрселерди артып, жүктиң ортасына минип, киятырған Ерполат көринди. Мийригүл оның жолына келип турды да, сыр алдырмайын деген кисидей болып отыра қалып, қабағына шəңгили менен суў қуя баслады. Ерполат капталына келип:

— Мийригүл:—деди.

— А—деди Мийригүл күлимсиреп қабағын көтерип ырашқа шығып киятырып.

— Неге қарамайсаң?

— Кетип баратырған адамға не қыламан.

— Кеткенде мен өз ықтыярым менен кетип баратырман ба, ықтыярым кисиде болғаннан соң, хожайын қайда жумсаса, жел қуўған қаңбақтай болып, жиберген жағына кете беремен,—деп Мийригүлдиң ойын сөзине шын жуўап берди Ерполат.

Ерполаттың қандай жағдайда кетип баратырғанын билседе:

— Қайдан билейин, əдеп кеўил қосқан менен мени умытып баратырма деп едим!—деди Мийригүл мыйығын тартып.

— Ондай сөзди айтсаң, айтпасаң да мениң жүрегимде сен ушын жанған муҳаббат оты өшпес. Мендеги муҳаббат оты өмиримше өрттей ғаўлап жанар,—деди Ерполат. Бул сөзлеринен оның басланған исин ақырына шекем апаратуғын бир сөзли, турақлы жигит екенлиги билинетуғын еди.

— Ойнап айтаман. Сениң мен ушын жанған жалыннан да, аққан суўдан да қайтпайтуғыныңды билемен. Бирақ еркеклердиң ашықлығы ҳаяллардың ашықлығындай узаққа созылмайды. Еркеклердиң ашықлығы жалындай жанып дəрҳал сыртқа шығып, тез сөниўи



www.ziyouz.com kutubxonasi

итимал. Ҳаяллардың ашықлығы—иштен жүректи жейди!.—деди Мийригүл. Орамалын көтерип көзиниң асты менен бир қарап, ұялып бетин жасырайын дегендей қайтадан орамалын көзине таслады. Мийригүл буны айтқанда, Ерполат астындағы қара нарға „шөк-шөк" деп буйдасын еки рет силикти, нар „бауып" деп еки дизесин бүгиуден ақ Ерполат нардан секирип түсип, Мийригүлдиң қапталына келди.

— Ҳа неге түстиң—деп Мийригүл тағы мыйығын тартып назланды.

— Сениң жүрегиме илген ашықлық қармағын мени ериксиз өзине тартты. Шыдап туралмадым,—деп қушағын ашты. „Өзи қашайын деп турған қоянға ҳайт деген соң не турыс" дегендей, өзи жолға шығып турған Мийригүл қушақ ашқаннан соң қалай шыдап турсын! Олда қушағын ашты, бириниң белинен бири қысып бауырына басты.

Еки жастың жанған жаслық жалыны бир-бирине уласты. Жас баланың апасының емшегин сорғандай қылып бириниң бири тилин сорды. Оннан арғысы еки жастың өзлерине ғана мәлим... Бирақ аздан соң жүреклери лүпилдеп, екеуиниң де ҳаплығып сөйлеп турғаны көринди.

Бираз уақыттан соң:

— Жақсы, Мийригүл, мен кетемен—деди Ерполат.

— Сениң кетпегениңди жақсы көрген менен жибермей қалыуға қудиретим жетпейди, кетсең жолың болсын. Бирақ имканияты болса тез-тез келип турарсаң,—деди Мийригүл.

— Хош Сау́шылық пенен көрискеймиз—деп Ерполат нарға миниуге оңайланды.

— Хош! Жолың болсын!—деу менен Мийригүл қалды. Ерполаттың қашан қарасы үзилип кеткенше Мийригүл изинен қарап „айралық"—деп турды да, тағы қабағын ийнине салып айралық қосығын айтып ауылға қайтты. Сондағы оның қосығы:

Айралықтың есип жели,
Кеттиң ярым таслап мени,
Умытпаспан бирақ сени,
Айырса да сум айралық.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мухаббаттың қызыл гүлин,
Дөндиремен еле берин,
Гүлдиң дөнип турған жерин,
Шаңғытаалмас бул айралық.

„Қосығым Ерполаттың қулағына еркин еситилсин" — дегендей болып изине қайрылып турып қаттырақ айтты.

www.ziyouz.com kutubxonasi

# „ГӨРБАРДЫ КӨРГЕНДЕ"



Салқын гүздиң сабырсыз самалы өрден ыққа ығысып, дүт тоғайдың қоңыраўлы шеңгелин, сөкли сары жантағын, ерманы жыңғылын қозғап, жорғадай теңселтеди, теңиздей шайқалтады. Тоғайдың жанға жайлы жағымталлы ҳаўасы, өсимликтиң хош ийиси жан-жаниўарға жүдә жағымлы, қазандай төңкерилген қалың қарабарақ, сары сөктей сап-сары денесин көтере алмай ийилип, басы жерге тийип турған сары жантақ ҳәр жапырағы шайқалған тораңғыл, ишинде жүрген сайын жүргиң келеди, қолын былғап шақырған сулыўдай сени өзине ықтыярсыз тартқандай болады. Бирақ оның ҳәрекетин көретуғын бул дөгеректе ел жоқ.

Бурында ел жайлаған көл, дәрья, анаў Шоманай бул күнде „қус ушса, қанаты күйеди, қулан жүрсе туяғы күйеди" дегендей, шөлге айналды. Суў болмағанлықтан ба, бул әтирaптан ел кетти, буған көп жыллар болды. „Аўылымыз Шоманайдың бойында"— деген сырғалы Айгым қақайдың қосығы да умыт болып баратыр. Булкәрадағы елдиң бирсыпырасы Қоңырат бетке—Қанлы көлге, Көкли көлге кеттиде, гейпарасы Хожелиге кетти. Ел жайлаған ақ шаңлақ ҳәзир „пышық мурны батпайды" дейтуғын қалың тоғайлыққа айланды.

Тоғайда бәри де, қоян да, қырғаўыл да, шағаллар да, ал ана күнбатардағы Айбүйир таўы жағында кийик, түлки де, таўдың баўырына уя салып, өсип-өнип шаңқылдап ушып жүрген таўдың жабайы бүркитлери де бар...



www.ziyouz.com kutubxonasi

Усы тоғайда қара нарлы биреў бираз ўақыттан бермаған қоян, қырғаўыл, атып журди де кешке қарай кейин қайтты. Нарын желдирип, гә аянлатып, айдап киятыр. Оның қатты жүргени менен үстиндеги адамның еки аяғы менен еки қолына, аўзына тыным жоқ „шүў деп буйдасын силкип таслап, нардың өкпесине де қос аяқлап тебеди-тепсинеди. Биресе таяқ пенен қара нардың жамбасына қайқайып берип қалады. Жәниўар қара нар танаўы пысылдап, еки көзи жасаўрап, самалды тумсығы менен түйип таслап, каттырақ желеди.

Нардың үстиндеги жаман қара телпекли, жыртық шапанлы, белин кендир арқанның үзиндиси менен байлаған, өкшеси қайырдың қатқан ылайындай жарылған қараторы жигит қара нардың жүрисине, кешки ҳаўаның рәмәўзине, табиғаттың көринисине кеўли хош болып, тахта отырған патшадай нардың үстинде шалқая түседи. Ол, сол ўақытта өзин" кең даланың патшасы" деп ойлап киятырған сыяқлы, өсимликтиң самал менен шайқалып ырғалыўы оның өз қыялына бас ийип сәлем бергендей болады.

Сол жүриси менен көп жол жүрди, күнде кеш болды. Қызыл-жасыл болып, алмадай қызарып күн батты. Күнге шағылысып жалтырап көринген күймеген пордай ҳәржерлерден сығырайып жулдызлар да көрине баслады. Бағанағы қубладан көринген қара бултта кемкемнен қарасын батырды. Елсиз жерлерде болатуғын сона да суў сепкендей жоқ болды. Қалың тоғайды тынышлық басты. Тек самал менен қозғалған ағаш жапырақларының сести ғана еситилди. Сол тыныш күнниң мазасын қашырып киятырған қаранарлы жигит бир жерге келип түсе қалды да, қара нардың еки дизесин байлап таслап, тоғайдың арасындағы қуў жыңғылларды омырып-омырып, әкелип отты өртеп жағып жиберди. Қара нардың үстинде 5—6 қоян, 6—7 қырғаўыл бар еди, солардан дәрҳал еки қоянды алып, терисин сыйырып, қуў жыңғылдан еки-үшеўин жонып жиберип, қоянның етинен ислик етип, жаққан оттың жалыны өшкеннен кейин майын шыжылдатып, писире баслады. Гүзги қоянның ети қандай нық, қандай мазалы, қандай майлы болады. Шоққа қып-қызыл болып писти. Адам жемей-ақ пуўына тойғандай болды. Азаннан бермаған



www.ziyouz.com kutubxonasi

аш жүрген адам пискенин-пискендей қағып алып, майын сорғалатып жеў менен болды.

Ҳәзир жан дегендеги жалғыз жолдасы-қасындағы қара-нардың тиси пырт-пырт етип гүйсейди. Елсиз далада, қараңғы түнде жалғызсырап алақлап ҳәртәрепке жәниўар биржапырақ қулағын ербийтип, тынық суўдай қара көзи жаўдырап қарайды. Жолдасы ҳешнәрседен хабарсыз қоянның етин жеп, шоққа қызып, терлептепшип, өзи менен өзи болып отыр.

Бир қоянның етин жеп болып, енди екинши қоянның етине қол сала бергенде қара нар бирден қозғалып туражақ болды. Жигит басын көтерип жалт қарап еди, нардың қарсы алдында шоңқайып бир „бәле“ отырғанын көрди.

Бурын бул дөгеректе ел болған. Ел болған жерде қойымшылық болатуғыны тәбийғый нәрсе. Мына келген „бәле“ сол қойымшылықтан шыққан „гөрбар“ шығар— деген ой сап ете қалды. Егер бул „гөрбар“ — „албаслы“ болмаса, бул не. Елсиз, суўсыз қуў далада не жүретуғын еди. Бул я гөрбар, ол болмаса „шайтан“ шығар деп ойлады. „Байы жоқ қатын бала туўса оны сол саатта өлтириў керек, егер өлтирмесе ол тәжжал болады. Егер өлтирип көмип тасласа, бираздан кейин тирилип гөрбар болады. Ол тәжжалға қарағанда зиянлы емес“ дейтуғын еди. Имамматдийин молла. Молланың сол гөрбары тап усы саатта оның көзинен бирбир елеслеп өтти, қорқыныштың қуйыны бурқырап көз алдынан өтип атты.

Нар омыраўын көтерип туражақ болған менен дизеси байлаўда жатқанлықтан тура алған жоқ, бөксесин бир-еки көтерип умтылды да қайта жатты. Гүйсеўин қойды, мөлдиреген көзинен таўдан аққан булақтай жас парлап аға берди. Буны көрген ийеси „бул жәниўар адамдай ақыллы аў, келгенниң бәле екенлигин билип, меннен бес-бетер қорыққанын—“деп нарға бир түрли аянышлы көз бенен қарады. Ал шоңқайып отырған „албаслыға“ бир қарағаннан ақ өзинше көзиниң нурын алып кеткендей болды, бир қараған соң қайтып қараўға бата алмады. Оның еки көзи оттай лаўлап жанып баратыр, үстин жүн басқан, ҳәрбир түги темир жабаның тисиндей еки қулағы ешектиң қулағындай, аўзы доңыз қабақтың аўзындай бир бәле. Жигит екинши қараў туўе, қозғалыўға қорықты. Егер қозғалсам жа-



www.ziyouz.com kutubxonasi

быса кетер дегендей оның ақылын алды. „Япырмай ҳеш болмаса сүйегим көмиўсиз қалатуғын болды ма?“ — деп састы, көз алдында өлим базарының саўдасы қызғандай болды.

Баяғы келген „албаслы“ ербийип еле тур. Жигит састы. Не қыларын билмейди, ҳәрқыйлы ой-ойлады. Мылтықты алып тап өкпесинен атсам қалай болар екен деп бир ойлады; қып-қызыл шоқты үстине шашсам қайтер еди,—деп тағы ойлады; „албаслы“ның көзин ала берип нарға минип алып қашсам қалай болар екен деп те ойлады; жүребермей не қылайын деп булкәрағa тоқтадым; аштан өлмес едим, гидирмей жүре бергенимде, бул ўақытқа шекем барып та қалар едим,— деп тамақланыўы ушын өзиниң булкәрағa түскенине пушайман жеди. Ой деген теңиз емес пе, ойласаң түбине жете алмайсаң. Ҳәр нәрсени ойлайды, ал, келген нәрсе шоңқайып еле отыр. Нар көзин оннан айырмайды, ол көзин жигиттен айырмайды.

„Қой, бүйтип отырсам ахыры жер, бир тиришилик етейин, душпанымның алдын алайын. Тәўекел, өлим-өлим бир өлим, я өлермен я өлтирермен. Жоқ өлмеймен, өлтиремен“—деди де шоңқайып турған „бәле“ниң тап жүрегинен мылтық пенен берип қалды. Шоңқайып турған „бәле“ аўнап түсип, аяғын серппестен қатты. Өтирик өлген жоқ па, деп азырақ қорқып, жүреги соғып турды да, мылтығын тағы оқлап алып, жайы менен жаңағының жанына барды. Қараса бир қара қаншық буннан бес күн бурын Палман деген шопанның қапталына ерип жүргенин көрип еди. Палманды буннан еки күн бурын көргенинде бул қара қаншықтың адасып кеткенин айтып еди. Қапталына келип көрип турғанда усылар ядына түсти. „Бәле“ ден қутылғанына қуўанған жигит қара нарға қайта минип және жолға раўан болды.

„Қорыққанға қос көринеди“—деген усыдағы, дүньяда болмаған ҳәм болмайтуғын—„албаслы“, „шайтан“, „гөрбар“ деген моллалардың қорқынышлы сөзин көз алдына елеслетип жүргени еди. Бундай сөзлерди моллалар халық арасына шеберлик пенен жәриялайтуғын еди, бизиң мына жигит те жас ўақтында моллалардың сөзин көп еситип еди. Бул жигит Ерполат. Отар қой менен кеткеннен бермаған майданда жүр. Жети шопан 1500 дей қойды аўылдан 20—30 шақырым узақлыққа



www.ziyouz.com kutubxonasi

әкетип бақты. Жети шопанның ишинде шаққағы да, атқыш мергени де, гүресшиш палўаны да Ерполат. Сонлықтан жети шопан аңшы бармайтуғын елсизге ортасынан Ерполатты жиберип қоян, қырғаўыл аттыратуғын. Атып әкелгенин бәри бөлисип жейтуғын еди. Ал, мына қара нар Ерполат баяғы Мийригүл менен айрылысардағы нар. Оған жети шопан қос-қолаңын, өлген қойды артатуғын еди. Ерполат бүгин де аўылдан қайтып киятыр еди.

Ерполат бул бир емес, неше сапар усындай аўшылық етти. Мергенликти ол ҳәммеден өткереди. Көзлеген жеринен тийгизеди. Шақаға қонған карғаның турған шақасына тийгизип өзине тийгизбей де жүрди. Өзи геўдели, батыр жүрекли, айбатлы жигит еди. Оған мергеншилик сай келди, алтын жүзикке қызыл пириўзадан қас қондырғандай болды. Топа-торыстан ушырап қалған бир нәрсе болмаса, ол, анаў-мынаўдан қорықпайтуғын да болды. Оның ата-анасының қойған аты Полат еди, Анаў-мынаўдан қорықпайтуғынына қарап оны шопан жолдаслары Ерполат деп айтатуғын болды. Сөйтип оны ҳәмме Ерполат деп атап кетти.

Ол қара нарға қайта мингеннен қамшыны қаттырақ баспақшы болды. Жаниўар қара нарда қорқып қалғанлықтан ба, ийесинен қамшы талап етпей ақ танаўын шуўылдатып, қулағын ербийтип, алға тез жүрип киятыр. Жымыңлаған жулдыз арасындағы алтындай, басы бесиктей шайқалып турған өсимлик Ерполаттың „бәле"ден аман қутылып киятырғанын қутлықлағандай болады. Жүрип киятыр, бирақ жете алмайды. Күндиз жер тусаўлы турады, түнде жердиң тусаўын алып жибереди, сонлықтан түнде жүрген адам баратуғын жерине тез жете алмайды дегендей еситетуғын еди жас ўағында. Сол айтқан распа екен, түнде жүрген адамның кетер жолы өнбегендей болады,—деп Ерполат ишинен ойланды. Күндиз жүрген адамға киятырған жолынын бәрлығы таныс, анаў жер, пәлендей жаққа жетсем, баражақ жерин бәрҳа кесип-пишип отырады ҳәм оған жол өнгендей болады. Қараңғыда булай емес, қай жерде киятырғанын билмейди, ҳәзир пәлендей ағашқа жетемен деп алдын кесип-пише алмайды. Сонлықтан да оған жүриси өнбегендей көринеди. Түнде жүрген Ерполатқа жүриси өнбегендей болып киятырғаны да сол.

Сөйтип киятырғанда алдынан жанған от көринди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Тоғайдың арасынан көринген от—терезеден көринген тас шыраның болар-болмас жақтысындай болып зордан ғана көзге түсти. Отты көргеннен соң қара нар тағы да қаттырақ жүрди. Жолдаслары жаққан отты көргенликтен, Ерполат жолдасларына ырза болғандай болды. „Мени адасып кетпесин, оттың жақтысын тауып келер деп жаққан жақтысы шығар"—деп ишинен рахмет айтты. Жолдаслары жаққан отты көрип қуўанышы қойнына сыймаған Ерполат әсте ғана қосық айтып жолдасларына кетти. Алдынан абалап ийтлер шықты.

— Аман келдиң бе?

— Не олжаң бар?

— Саўға.

— Не қылып кеш қалдың?

— Жолыңа көп қарадық.

— Адасып кетпесин—деп от жағып едик—деп Жолдаслары Ерполаттың алдынан шықты. Ерполат мыйығын тартып күлди де өзиниң аман келгенин ҳәм бағанағы „бәле" ден қалай қутылғанын айтып берди. „Қарасам қаншық екен" деген сөз Ерполаттың аўзынан шыққанша жолдасларының көзлери адырайып, аўызлары ашылып, барлығы да Ерполаттың аўзынан көзлерин айырмай:

— Япырмай бала.

— Оннан соң.

— Аўа, сөйтип,—деп суўық демлериң алыў менен болды. Абайлап „қарасам қаншық екен" деген сөзди айтқанда бәри де ғарқылдап қатты-қатты күлди.

— Сени биз ер деп жүрсек, қоян жүрек қорқақ екенсең ғой...

— Жүрегиң жарылып қалған жоқ па... деп жолдаслары азырақ басқылап та алды.

Жети шопанның бири Жийемурат—көлеңкесинен қорқатуғын, дыбырлап сөйлейтуғын, мурнының ушы жетим баўырдай салбыраңқыраған. Сөйлегенде еки сөзиниң биринде „алғарез" деген сөзди қосып айтыўға әдетленген, тығыншықтай кишкене, қарапәрең жигит еди. Тоғайда жүргенде алдынан бирден пыр етип қырғаўыл ушса „ўа" деп бақырып жибергенин билмей қалатуғын да әдети бар. Жердеги кишкене бир тесикти көрсетип, мынаў бузаўбастың ини екен,—десең бул әтирапта тура алмайтуғын еди. Сонлықтан жолдаслары бир жерде отырғанда көзин ала берип жерге бир шөп-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ти тығып, қайта суўырып алып, „Жийемурат бузаўбастың инине қара“—десе, қарап көрмек түўе тура қашыўға шамасы келмей жығылатуғын. Оның тағы бир қорқатуғын нәрсеси пышықтың баласы еди. Сол қой бағып жүрген күнлериниң биринде шопанлар менен келисип, бир күни түнде ол үйине барып келиўге кеткен. Барса ата-анасы үйиниң басқа адамлары да отыр екен. Меҳрибан ата-ана баласын көргеннен соң:

— Жийемурат жан...

— Келегөр, былай шық балам.

— Аман ғана барсаң ба—деп баласының барғанын қарсы алған. Бирақ атасы бир пышықтың баласын услап отырған екендағы, оған Жийемураттың көзи түсип, не дерин де билмей жаман сасқан. „Аман, қуўатлы отырсыз ба“, деўдиң орнына атасына „ўай-ўай“ аға еле өлген жоқпа едиң депти. Ашыўы келген атасы „ҳа маңлайы қара, маған өлим тилегеннен өзиңе жүрим тилесең болмай ма“ деп қолындағы пышықты баласына зыңғытыпты. Қорыққан Жийемурат үстиңе таў қулағандай болып „ўай-ўай өлдим“ деп шалқасынан түсипти,—деп Жийемураттың жолдаслары күлетуғын еди. Бирақ Жийемурат өзиниң онындай қорқақлығына уялатуғын. Жолдаслары айтса намысы келип арланатуғын еди. Өзин ақлаў ушын ҳешнәрседен қорықпайтуғын адамдай бир нәрсе бола қалса „ўа пәлендей қылып таслаў керек“—деп көкирегин көтерип, қоқаң ете түсетуғын еди. Оның сондай минезин билген жолдаслары оны „қорқақ батыр“ деп күлиседи. Сол қорқақ батыр қорыққан жүрегин баса алмай ҳәрқайсысына аларып бир қарады. Журт енди Ерполатты қойып Жийемуратты басқылайды. Узақ ўақыт күлкили сөзлер даўам етти. Бираздан кейин Жийемурат Ерполаттың әкелген қоян, қырғаўылларының терисин сыйырып, ислик қылыўға киристи. Қып-қызыл ошақтың айланасында отырып басқалар және Жийемуратты басқылап узақ күлисти.



www.ziyouz.com kutubxonasi



# ҚУМ ҚАЙРАҚ ЕТИП, ТАС ҚОРЫЛДАҚ ҚЫЛДЫ

Булкəраға булардың келип қой жайғанына онбес—жигирма күн болып қалды. Əдеп келген ўақтында сөкли сары жантақ, тораңғылдың атқулақтай жайқалған сары жапырағы, шаттынжоңышқадай басы, бир аўық жеўге қарабарақ, ақсар, балыққөз, бар еди. Бир ярым мың қойдың жүрген жери оңсын ба. Ҳəзир жайлымға жарамсыз болып қалды. Желингени желинди де желинбегени шаң-тозаң болды. Енди бир жаўын жаўып гиртин кетирмесе булкəра күтə қолайсыз, шарўаның тили менен айтқанда, қойдың өриси тарылды, өрис аўдарыў керек...

Қойлар таң азаннан өрип, сүйсинип тоқтап жайылмай, суўға шубырған қуландай шубырып, жəниўарлар танаўы пырқырап жүре жайылып, бираз жерге асып кетти. Бурын бармаған, көрмеген бир жерлерине барды.

Күн шашырап киятыр, жердиң бетин басқан шық, күнниң сəўлеси астында моншақтай жылт-жылт етеди. Шық пенен жибисип турған жантақларды қойлар пытырлатып қыя баслады. Қара нар да дуў-сыйына қарамай жантақты, ақсарды, еки шайнап бир жутып, гүрилдетип өзи менен өзи болып жүрипти. Шопанлар таяқларын белине услап, шеберлеп ысқырып, қаплап жайылған қойдың алдын орап жүр. Қойдың соңына ериўге ешектей кесик қулақ ийтлер, қойдың алдынартын орап өзлеринше сақлық етип жүрген сыяқлы.

Мине, Ерполат таяғын белине қыстырып, қойдың алдында киятыр. Басын төмен салып жиберип өзиниң өткен өмирин көз алдынан өткерди. Өткен өмириниң ишиндеги есинен шықпайтуғыны—туўған анасы ҳəм



www.ziyouz.com kutubxonasi

кишкене иниси менен хошласқан жылы. Ол есине түскенде суўық демин алып, өткен өмирине нәлет айтады. Анасынан айрылған күнлери ядына түскенде дүньяға шыққанына пушайман жегендей болып, өз-өзинен кеселенип, көзин бир ноқаттан айырмай отыратуғын еди. Бүгинде анасынан айрылғаны көшкен булттай түйдекленип көз алдынан бир-бир өтти.

Тастай қараңғы түн. Арқадан уйтқып қар борайды. Жердиң бети, аспанның асты ақ қағаздай аппақ. Ақ қағаздың бетине тамған бир тамшы қара сыядай болып, қараңғыда қар үстинде қаранлап батыстан-шығысқа қарап биреў киятыр. Ол өзинше жуўырып жортып тез жүрип киятырған сыяқлы. Ал, сыртына қараған адамға жүриси кеселден жаңа турған адамның жүрисинен ғаў емес, тентиреклеп зордан жүрип киятыр. Уйтқып ескен самал-үстиндеги жаман шапаны, ҳәр жеринен ширип түсип сирексиген жаман қурашының селеўдей селдир жүнин уйпаландырып, үйткен мыщықтың жүниндей еткен. Аяғындағы шерим етик суўық пенен сиресип қатқан. Жүргенде ҳәр жери аяғын қысып ғайзайды. Бирақ оның ғайзағаны билинбейтуғын сыяқлы. Өзинше аяғын аннан-саннан бир басады. Ҳәр жери тесилип пахтасы көринип турған жаман шапанның басына пайдасы жоқ сияқлы, қолтығынан ҳүўлеп кирген самал, өкпесиниң буяғынан кирип оятына өтеди. Бирақ оны да билмейтуғын сияқлы. Оның алдында күтип отырған биреўлери бар ма, ҳеш нәрсени елестирмей өзинше болып-өтип киятыр...

Ол сол жүриси менен бир аўылга келди. Қора қылған қамыслар самал менен қозғалып, өзлеринше сөйлескендей, басларын ийзесип турыпты. Үйди айландыра тутқан қамыс қорадан көринер-көринбес болып турған үйлердиң шаңырағынан жалын шығады, ушқын ушады. Аўыл-арасы суў сепкендей тым-тырыс, ийт үрмейди, адам жүрмейди. Мына киятырған адамның нәзерлеген үйи, аўылдың шетине таманырақ шыптадан үзик, түңлик жапқан, биржағына қарап қулайын деп турған жаман үй. Оннан отта шықпайды. Үйде адам жоқ па, болса да жатып қалған ба, қулласы тым-тырыс. Отта шықпағаннан соң киятырған адам үйге жақынлаған сайын тағы не болды,—деп қорқа түсти, алға атлаған аяғы кейин кеткендей болды.

— Бул ким?



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Бул Ерполат.

Пүткил Хорезмниң толысын төгип, ортасын шайқаған 1912-жылғы „Аққапшық" жылы еди. Бул жыл Ерполатлар сыяқлы жетим бала, жесир қатынлардың өкпесин қысып, демин тарылтыў менен қатар, талай жарлылардың жанын көзине көрсеткен жыл. Жақсы, пүтин, кийим кийген, жаны саў, ошақ басы аманлардың жаны көзине көрингенде Ерполатлар кимниң шикарасы, өлим зәңгисине аяғын салып турған адамлар емес пе? Әкеси Батырбек өлгенде Ерполат алты жасқа жаңа шыққан бала екен. Ол атаның әлпешлеген тәрбиясын көре алмады. Анасы Айымгүл күйеўи өлгенде тап ғана 25 жасындағы жас келиншек болса да, ол басқа байға тиймеди. „Аға өлсе қатын мура, ат өлсе саўыр мура" деген, деп аўыл адамлары оны бир жылдан кейин Батырбектиң бир бай жақын ағайинлерине еки қатын үстине алып бермекши болды. Бирақ Айымгүл бир өжет ҳаял еди, журттың айтқанын қылмады. „Мени еки қатын үстине неке қыйғаннан көре мынаў ошақтың басындағы қара қумғанға неке қыйын, өлгенше балаларымды бағып отырайын",—деп қатын үстине тий дегенге бет бақтырмады. Ақыры айтқаны болды, ҳешкимге неке қыйдырмады. Ҳәркимниң кирин жуўып, дигирманын тартып, палапандай төрт баласын бақты. Ерполаты сегиз жасына шыққаннан соң-ақ ҳәркимниң ылақ-қозысын, бузаўын бағып тамақ таўып апасына көмеклести. „Ылақ маңырап суў ишер" дегендей, жетим бала, жесир қатын, жылап-сықлап күн кеширди. Ерполат ержетти, жигит болды, мине быйыл саррас жигирмаға шықты. Бунын жигирмаға шығып жигит болыўын күтип турғандай ашаршылық басланып, тамағын бирде таўып бир де таппай отырған адамларға оғада қыйын болды. Жазы менен жыйнаған өнсериқырқағары ғаллесин де ишип болды, күн кешириў қыйынласты. Шаппаттай нан, аттың пулы, ердиң қуны, болып кетти. Сонлықтан Ерполат 5-6 күннен бермаған дийўанашылық қылып апасын ҳәм еки үкесин асырап отыр еди. Бүгинде сол дийўанашылықтан қайтып киятыр еди.

Айымгүлдиң де, Ерполаттан киши еки баласының да нәр татпағанына бүгин еки күн. Меҳрибан анаға баўыр ети бала артықмаш, қымбат емес пе, еки бала аштан буратылып жатыр. Кишкене қызы Қарашаш:



136861

ККАССР
Республиканск. детская
библиотека

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Апа жүрегим үзилип баратыр,—деп Айымгүлдиң мойнын қушақлай жығылып, оң дизесине басын қойып, анда-санда нан деўменен ыңыраныи жатты.

Ортаншысы Жийемурат көзи аларып, тынысы тарылып отыр:

— Ақ сүт берип адам қылған меҳрибан ана, берген сүтиңе ырза бол, қудай кесе көлдененнен бир нәрсе берип жүрек жалғап адам болмасам, ҳәзирги турысым болса адам бола алмайман.

Алдыңда жүрип, хызметиңди қылып, берген сүтинди өтей алмадым, сол жүрегимде әрман болып баратыр,—дегенде, қара көзинен мөлдиреп жасыда шығып та кетти.

Тоғыз ай тоғыз күн көтерип тар қурсағын кеңейтип туўған ана, тас емшегин жибитип, ақ сүтин берген ана баласынын сөзине шыдайалмай, онын да көзинен жас шығып кетти. Өзиниң жылағанын билдирмейин дегендей болып, түйин-түйин болған жаман жыртық бөз көйлегиниң жеңи менен көзин сүртип, писте мурнын қысып турып, бир сиңбирип, шыққан нәрсени жергебылш еткизип атып урды. Балаларын жубатыў мақсети менен:

— „Қой қарақларым, тамақ излеп кеткен ағаң жүрек жалғағандай бир нәрсе таўып келер. Бир күн таўып, бир күн таппасақ та илесип бәҳәрге бир шығып кетсек, көк жесекте өлмеспиз,—деп аналық ақылын айтқан болды.Еки баласы еки дизесине басын қойып жатты. Айымгүл екеўиниң де басынан сыйпалап отырып жоқарғыдай ақылын айтып отырған болды. Бирақ Ерполат келгенше жүреклери сазып, үзилип кетпесе болар еди, деп қорқады. ал, Ерполат келсе өлмейтуғындай, Ерполат қап-қап ғалле алып киятырғандай көринеди. Еки көзин есиктен айырмайды. Үйинде шырасы болмағанлықтан, от жағып жақты қылатуғын еди бүгин оған да шамасы келмей, үйине от та жақпай отырғаны еди ғой.

Ерполат әсте ақырын жүрип, үйиниң қапталына келди, неге сес шықпайды,—деп әсте ғана тыңлады қораның ишинде қуйрығын путының арасына қысып тумсығын төсине тиреп атырған Жоллы Ерполатты әдеп танымай ырылдағаны менен танығаннан кейин ол да қайтадан уйқыға кетти. Ерполат өз үйине аяғы



www.ziyouz.com kutubxonasi

аңлап басып әсте ғана есик ашты. Оның есикти ашыўын аңлып турған Айымгүл:

— Кимсең—деп асыққан ана, баласына бежирейе қарады.

— Мен ғой апа, неге от жақпай отырсыз—деген сораўға жуўап берместен, асыққан Айымгүл:

— Нең бар шырағым, жүрек жалғағандай бир нәрсе таптың ба?—деди әсте ғана.

— Не болсын апа, ҳеш нәрсе таппадым. Қарасқандай жарлылардың бәри өзимиздей аш, малы көп байлар өлип баратырғанда аўзына суў тамызама, ҳешнәрсе бермеди. Бүгин дым таппадым,—деди Ерполат муңайған түрде. Айымгүл қайтып үндемеди. Ерполаттың өзи от жағып, аштан буралып, көзи аларып, ийегин қағып лық-лық атып жатқан Жийемуратты көрди. Барып басын сүйеп:

— Баўырым, қанатым, әкеден жасымда айрылып едим, енди, сизлерден де айырылатуғын болдым ба? Бахтым ашылмады, маңлайымның қарасы бар ма?—деп өз маңлайына өзи урды. Мөлдиреген жас бетинен төмен қарап сорғалады. Соның арасында Жийемурат көзи аларып ширенгендей қол аяғын керип турды да, иийегин бир қақты. Меҳрибан ананың жылаўға да дәрманы келмеди, баланың үстине қушағын ашып талып жығылды.

Жийемураттың өлими-өлиўдиң басы болды, сол күни түнде меҳрибан ана, Ерполат ҳәм Қарашаш пенен хошласты. Ертең буларды орап көметуғын кепинлик бир қарыс бөз де табылмады. Сол аўылда Атамурат деген бир бай бар еди, ҳеш болмаса бир арқа сабан бер, екеўин орап көмейин дегенде бир арқа сабан бермеди. Аўылдағы Низамаддин молла ешейинде қуранын қолтықлап, өлиниң басынан қузғын ғарғадай кетпей жүрседе бул сапар он ирет шақырса да келмеди. Молла менен байға Ерполаттың қаны қайнап, ашыўы келип, тисленип турып „өлермен, өлмесем бир көрермен“—деп серт етти.

Аўылдың жарлылары жыйналды. Өлилерди әдиўлеп ақ жуўды, кепинсиз бурынғы кийимлери менен апарып көмди. Ерполат 13 жасар қарындасын дайысыныкине апарып таслап, өзи мойнына дорба илип, тағы дийўанашылыққа кетти.

Мине, Ерполаттың өмиринде бул күн ҳешбир умы-



www.ziyouz.com kutubxonasi

тылмайтуғын бир күн болып қалды. Қой жайып киятырғанда усы ўақыя көз алдынан бир-бир елеслеп өтер еди. Сөйтип, ойдың түпсиз теңизиниң түбине сүңгип жүргенде күн түс болды. Қойларды жатқызып, қойшылардың түсленетуғын ўақты болып еди.

— Ерполат, қойларды мына саяға жатқызып, дем алсақ қалай болады,—деп Ерполаттың ойын бөлип, торанғылды көрсетти, Жийемурат.

— Ҳа қорқақ батыр, дем алғың келди ме—деп Ерполат күлди. Азаннан бермаған жайылып жүрген қойлар шоқ торанғылдың түбине келгеннен соң танаўлары пырылдап, басын төмен салып, жатыўға бейимленди, ешкилер ағашқа сүйкенип, биреўлери туяғы менен торанғылдың түбин тырнап жататуғын жерлерин қайымлады.

Қойлар жатты. Шопанлар саяның қойыў жерин алды. Түнде желинине қойдың қыйын жаққан ешкилерди, ылағының мурнына ис өткерген ешкилерди тутып алып, саўыўға киристи. Ешки емгиш Ерекеш қандай қашаған ешки болса да ебин таўып тутады. Өйткени, ол жасынан ешки бағыў менен өмири өткен саўатуғын ыдысы болмаса дәрҳал ешкини тутып алып, жығады да төрт аяғын еки қолы менен услап турып, ылақ емгендей солқылдатып соратуғын еди. Сонлықтан оны шопанлар Ерекеш деместен ешки емгиш, гейде ешки емер деп атайтуғын. Ешки емер деген атақты ылайықсыз көрип ол ашыўланып та жүрди. Көпшиликтен қашып қутыла ма, соңын ала ашыўланыўды қойып, „Ешки емер“ десе „я“ деп жуўап беретуғын да болды.

Шопанлар жиңишкелеп ис соғып ылақтың мурнының үстине байласа ылақ енесин еме алмайды, мурны аўрады, ҳәм еки ушы истей болғанлықтан енесиниң шамына кирип кетеди, сонлықтан енеси де емизбейди. Ешки желинине сүт жыйнайды. Шопанлар, ешкиге желин қап байласа ешки де ылағы да жәбирленбейтуғынын биледи. Бирақ желин қап қылатуғын бөзи болмағанлықтан ылақтың мурнына илажсыздан ис өткереди. Шопанлардың бир қатары ҳәзир усы ис түри менен шуғылланады.

Бир ўақытлары ешкилерди саўып болды. Сүтти писириўге киристи. Күнде от жаққан ўақтында бир тезекти тутандырып алып, ол өшейин десе тағы биреўин тутандырып алып жүретуғын еди. Бүгин сүт писире-



www.ziyouz.com kutubxonasi

туғын ыдысы қоста қалғанлықтан тезек тутандырып алып жүрген жоқ еди. Бирақ ыссы сүт ишкиси келгенликтен кум қайрақ қылып, тас қорылдақ етпекши болды.

— От та, ыдыс та жоқ-ғой сүтти қалай қылып писиремиз—деди ешки емгиш Ерекеш,

— „Дүньяны суў алса да үйрекке бир пул"—,дегендей от, ыдыс болмағаны саған бәри бир емес пе, ешкини емип жүрген адам, шийки сүтти ишиўден бас тартасаң ба—деди Ерполат.

— Биз шийки сүтти ише алмаймыз, тас қорылдақ қыламыз,—деди Жийемурат қорқақ батыр. Соның арасында бир шопан бир етик қум әкелди. Ерполат пенен қорқақ батыр еки таяқты бир-бирине ысты, қум әкелген шопан таяқтың үстине қумды косуўыслап қуйып отырды. Таяқ әбден қызған ўақытта тағыбир шопан гүкиртти тартып жиберди, пыр етип гүкирт жанды, қуўраған ақбастың басына тутандырып отты жақты. Булай қылыў гүкирттиң тасы болмаған ўақытта шопанлардың ислейтуғын ҳийлеси. Бул ҳийлесиниң атын „қум қайрақ" деп атайды.

Отты өртеп жақты. Суў алып жүрген қабағын сүтке толтырып қапталына қойды. Қабақтың аўзына сыйғандай муштай еки тасты отқа таслап өртеп, оны әбден күйдирди, күйген тас темирдей болып қызарды. Оттың ысыўы менен шопанлардың маңлайынан тер бақайына шекем сорғалады. Тамақ жаман ғой, отқа қаншама қызғанына қарамай сүтти писирип ише жақ, бәриниң көзи де, ойы да ортада жанған отта болып турыпты.

Бир ўақытта Ерполат тастың биреўин, еки таяқ пенен қысып алды да, бир қабақ сүтке салып жиберди. Тастың екиншисин таяқ пенен қысып аларын алса да аяғыма түсип кете ме деген қаўип пенен қорқыңқырап қорқақ батыр да апарып қабаққа салды. Күйген еки тастың қызыўы менен сүт қорылдап қадимгидей көпирип, көбикленип писти. Буны шопанлар „тас қорылдақ" дейди. Тас қорылдақты сүт писиретуғын ыдысы болмаған ўақытта ислейди,

Пискен сүтти аўызқабаққа қуйып ортаға алып қалды. Бир шеттен биреўи ыссылай еки-үш уртлап, екиншисине усынды. Ол биринشисиниң ислегенин ислеп үшинши биреўге усынды. Бир аўыз қабақтан усылай



www.ziyouz.com kutubxonasi

етип нәўбет пенен ишсе де бәриниң де маңлайынан аққан тер бақайына шекем сорғалады. Қайқайып отырып қант пенен қара чай ишкендей болып қара суўға түсти, териси жайылып рәҳәтленди.

Ҳақыйқатында да қой менен ешкиниң гүздеги сүти сондай қойыў, сондай мазалы болады ғой. Усы Ерполатлардай бир шопан қойдың сүтин ишип, манаўсырап ал-сал болып уйқылап қалыпты, қойлары кетип қалған. Оған қасқыр шаўып бирнеше қойды өлтирип, бир талайын жаралы қылған. Қойдың ийеси келип:

— Неге қойды қасқырға жегиздиң—депти.

— Қойдың сүти қорғасын денемди басып уйқылап қалыппан—деп жуўап берипти деген сөз бар. Дурсында да қойдың сүти қорғасындай салмақлы, палдай мазалы болады. Ерполатта елсиз далада емин-еркин қорғасындай салмақлы, палдай мазалы сүтти ишип рәҳәтленип отырды Азаннан бермаған жайылып тойған қойлар пырылдап гүйис қайтарыў менен болды.

www.ziyouz.com kutubxonasi



# АҒАШ БАСЫНДАҒЫ КЕЛИНШЕК

Күн батып баратыр. Аспанда асықтай булт жоқ. Қубладан жанға жағымлы салқын самал еседи. Ескен самалдың епкини менен тоғайдағы қалың өсимликтиң басы барып-келип шайқалады. Теңселип ырғалады. Жапырағы шайқалған ағашлардың астында самалдың өрине қарап көкирегиңди керип тура қалсаң, бир түрли рәҳәтленип зейниң ашылады. Турған сайын турғың келеди.,.

Тоғайдың арасында ағаштан, көк қамыстан исленген бир ылашық бар. Шатларды қырқып, көк қамысларды орып аямай басқан. Ылашықтан жаўын өтсе де қуяш өткендей емес. Есиги қублаға қаратылған екен, жағымталлы кешки самал есиктен кирип, ылашықтың қуўыс қолтығының барлығына жайласқан, иши терис ҳайўанның астындай ҳәзлик, салқын.

Күн батып баратырғанда усы ылашықтан бир қара торы жас келиншек шығады да, қорыққан адамдай алаңлап ҳәр тәрепке қарайды ҳешнәрсе көринбегенликтен қайтадан ылашыққа киреди. Туўылғанына 5—6 күн болған қызыл шақа жас бала ылашықта қундақлаўлы жатыр еди. Ингалап жыласа, баланы емизип жубатады. Баўырына басып:

— Өзи атасына усаған аў. Атасы қонқақ мурын, адырақ көзлеў еди, баласы да сондай. Тап атасының аўзынан түскендей. Баласын көргенде атасы қуўанар ма екен, ямаса бурын бала сүймеген адам жолдасларынан уялып алмас па екен,—деп келиншек гүбирлеп өзинен өзи сөйлейди. Бирақ оның сөзине баўырындағы қызыл шақа бала да, дөгерегиндеги тәбийғатта түсин-



www.ziyouz.com kutubxonasi

бейди. Келиншек сөйлеп-сөйлеп болды да ылашықтан майданға шығып, тағы дөгерегине қарайды, ағаштың басына шығып этирапына көз салады. Тағы да оң қолын маңлайына тутып ҳәр тәрепке қарап турғанын көргенде Айсәнемниң көшкиге шығып турып:

Бәлент шығып нәзер салсам ҳәр жаққа,
Яр қарасы көринбейди көзиме.
...
....

деген қосығы ериксизден ядына түседи. Айсәнемниң сүўрети көз алдына елеслеп, зарлы сеси қулағынан кирип, бойыңды бийлеп алғандай, сулыўдың сүўретин елеслетиўши жас келиншек шыдамсызлық пенен мойнын созып, ҳәржаққа қарағаны менен оның көзине ҳешнәрсе көринбей...

— Булар булкәрадан басқа жерге көшип кеткен бе, егер көшип кетпесе келетуғын ўақытлары болды ғой,—деп баласын биресе көterип, биресе жерге қойып, тағы қарайды. Егер шопанлардың қоста кийимкеншеги болмаса, сүт писиретуғын ыдыслары болмаса, көшип кетти дер еди, бирақ олардың барлығы да бар. Сонлықтан көшип кетти деген ойына исенбей, келер деген қыялменен қарайды. Ақырында ағаштың басына шығып күн батарға көз жиберди, түйин-түйин болған бөз көйлеги самал менен желқомдай қайдағы самалды тартты.

Келиншек көйлеги желбиреп ағаштың басына шығып, дөгерекке қарап турғанда, узақта, тоғай арасында шаңғытқан шаңды көрди. Ненин туяғы менен көterилип шыққан шаң болса да келиншектиң өзине қарап киятырған қусайды. Шыққан шаң, аз туяқтан шыққан шаң емес, кем-кемнен аспанды фабриканың түтининдей, қаплап баратыр. Бул көз ушында көринген шаң ағаш басындағы келиншекти қорқытайын деди. Елсиз тоғайда, қамыслы көл жағасында жолбарыс болады дегенди еситетуғын еди, келиншек мына шаңды көргенде сол сөз сап етип ядына түсти де, баласын ертип кешки салқын менен қыдырып бой жазып жүрген балалы ана жолбарыстың шаңы екен деп бир ойлады...

Кус қонбайтуғын қуў далада бөри болады, ол адам заттың ийисин билсе дәрҳал жыйналып келеди де,



www.ziyouz.com kutubxonasi

барлығы жерди тырнап шаңды даўылдай боратып, кисиниң көзин аштырмай, ортасына түскен адамды айпайына қаратпай жейди,—дегенди де еситетуғын еди. Аспанға көтерилген шаңды көргенде бул қорқынышлы ой тағы ядына түсип, көз алдында қорқыныштың теңизи толқыды...

Бүкли тоғайда шошқа болады. Ол күндиз тоғайда бүктиң астында жатқан менен кешке қарай жатқан жайынан турып, ел арасына барады, егинлерге ойран салады,—дегендиде еситетуғын еди. Мына көринген шаңда сондай шошқаның шаңы ма деп ойлады, я торайын ертип аяқландырып жүрген шошқаның шаңыма деп тағы ойлады... Қанша ойлаған менен ҳешбир ойдың басына жип таға алмады... Қорқыныш барған сайын күшейди. Ағаш басындағы келиншек қалың тоғайдың ишинде турса да өзин жасыратуғын қуўыс таба алмай жаман састы. Көзине зулым, өлимниң нәлетий сүўрети көринди. Тула бойы ысытпа болған адамдай дирилдеп кетти.

Аяқ-қолы дирилдеп, буўын-буўыны босап, жүреги дүрсилдеп алып ушып ылашықта жатқан баласына барды, дурыслап орамастан-ақ, бир қолын баланың мойнының астына, екинши қолын бөксесиниң астына салып, баланы көтерип, майданға шығып не қыларын билмей ойланып, тағы турды... Қосты таслап келген изи менен кейин қашпақшы болып бир ойланды. Бирақ алды қараңғы болғанлықтан қашып қайда бараман деп тағы ойланды. Баланы көтерип турып, бағанағы шаң шыққан жаққа қарады, шаң аспанға көтерилип бултқа араласып атыр.

— Мына баланы тоғыз ай, тоғыз күн көтерип, қабыртқам қайысып, омыртқам майысып, жүкли болып жүргенде сүйген ярдан жәрдем болмады. Ийегимнен басқа сүйегим жарылғандай болып қақсап күни-түни уйқы көрмей толғатқанда ярдан жәрдем болмады. Толғақтың түйини шешилмей жанымды қоярға жер таппай қысылғанда қолының ушын бере алмады. Елсиз, суўсыз қула дүзде жас баламды арқалап „қудай қосқан" қосағым деп излеп келгенде таба алмай, ҳеш болмаса баласын бир көрсетип қуўандыра алмай әрман менен өлип кеткенимбе. Усындай қысылған ўақытта жақсылығын көрмесем байдың қайырын қашан көремен—деп келиншек өз-өзинен сөйленди, Кавказ таўларының ба-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ўырынан төмен қарап домалап аққан булақ.ай балалы келиншектиң де көзинен ызалы жас сорғалап бетин жууды...

Өлим душпан, өмир дос—өлимге өзимди қыймайман, тиришилик қыламан дегендей болып, келиншек өлимнен қутылыўдың жолын гөзледи, дөгерегине айлана көз салды. Бирақ өлимнен қутылыўдың аңсат жолы табылмады. Қашып кетиўдиң де есабын таппады. Бир өзи болса да бир илажы болар еди. әттең қолындағы жас бала бар. Бираз ойланып турғаннан кейин келиншек бойына күшин жыйнап, баласын көйлегиниң етегине түсип кетпестей етип салып, етегин тислеп, бир жуўан тораңғылға асылды. Мақсети, қалайда болса басына шығып киятырған „бәледен" аман қутылып, жан сақлаў...

Адам ағаштың басына айдың аманында зордан шығады, қорқып буўыны босап турып, етегиндеги жас бала менен шығыў аңсат болсын ба, әри асылды, бери асылды, болмады. Суўға сүңгип шыққандай болып терледи. Жәрдем беретуғын жан жоқ, Жан қыйланды. Қорқыныштың қуйыны көз алдынан бурқырап өте берди...

Ағашқа асылып шыға алмай, баласы жылап атырғанда биреў:

— Ҳа не қылып атырсаң—деп бақырып жиберди.

Бурынғы қорқыў қорқыў ма, жүреги дүрсилдеп, төбе, қуйқасы шым етип шымырлап кетип, даўыс шыққан жаққа бурылып қарайда алмай „ҳа"—деп сылқ етип отыра кетти.

— Ҳа, не қылған ҳаялсаң—деп бақырды. „Кимсең" деп бақырған адам,—бағана келгенинде қоста ҳешбир ҳаял жоқ еди ҳәм болар деп ойлағанда жоқ, мине ҳаялдын жүрис-турысы ҳайран қалдырды. „Жин бе", „шайтан ба", „жез тырнақ па", деп ойланды да жақынлай алмай узақтан хабарласты. „Не қылған ҳаялсаң"— деген сөзди анық еситип, балалы келиншек әсте ғана бурылып даўыс шыққан жаққа қарады. Бул ўақытта қараңғы түсип еди. Ким екенин айырып таный алмай:

— Меннен не сорайсаң, сорлы болған бир ҳаялман. Ким де болсаң берман кел—деди балалы келиншек. Ҳақыйқат адам екенин билгенликтен, ана адам ҳаялға қарап адымын кериңкиреп атты.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Ағаш басындағы келиншек ким? Жоқарыда қорқақ батыр ҳаққында, бираз сөйлеп едик, бул кәрада сол жөнинде тағы сөйлемей болмайды. Қорқақ батырдың әке-шешесиниң өлгенине мине саррас еки жыл болды. Ата-анасы, көзимиздиң тирисинде Жийемурат жанды үйлендирип, келин жумсап өлсек, әрманымыз болмас еди,—деп әрман ететуғын еди. Өзлери өлместен төрт ай бурын баласының аяғын шатып, қолындағы барын берип, бир мүйтенниң қызын алып еди. Бирақ сорлылар бала менен келинниң қызығын көре алмады. Төрт айдан кейин дүньядан қайтты.

Әдепки ўақытта қорқақ батыр Жийемурат келиншеги менен бирге жатып, бирге турып жүрген менен кейинги ўақытта қойды отарға шығарғанлықтан келиншектен бөлек туратуғын болды. Жийемурат қой отарға кеткенде келиншеги жүкли еди, босаныўына жигирма күндей-ақ ўақыт қалып еди. Сонлықтан келиншек:

— Бир аяғым гөрде, бир аяғым жерде турғанын көрип турсаң, усы отарға кетпей-ақ қойсаң қалай болады,—дегенди айтты.

— Кисиниң хызметин қылып, малын баққаннан соң, өзинде ықтыяр болама. Баярыңның отыны менен кирип, күли менен шығыўың керек. Мен сениң сөзиңди қыймай, кетпеймен деген менен бола ма—деп Жийемурат жуўап берди.

— Еки ийнимнен демимди алып жүргенимди көрип жүрип, мениң бир өзимди қалай таслап кетесең,—деди келиншек.

— Жаныңда болған менен жаныңа ара түсемен бе, кете берейин,—деди Жийемурат келиншегиниң сөзин бөлип. Қойдың отарға кеткенине де, басқа шопанлардың кеткенине де бираз ўақыт болып еди. Жийемуратта асығып келиншегине жуўапты келтесинен қайтарып отыр еди. Булардың усындай сөйлесип отырғанын билгендей:

— Ҳа, не қылып отырсаң, кетсең болмай ма,—деп баяры келди.

— Ҳәзир кетемен,—деп таяғын излегендей болып Жийемурат жалтаң-жалтаң дөгерегине қаранды.

— Турма, қаранды батыр,—атаңа нәлеттиң баласы,—деп баяры ақ таяқты ала умтылды. Жийемурат асығып албырап есиктен шыға қашты. Сол кеткеннен отарға кетти де, келиншеги менен хошласа да алмады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жийемурат кеткеннен соң аман-саў келиншеги босанды. Бирақ қарасатуғын қаўендери болмаўы себепли көп қыйыншылық көрди. Амансаў босанды аяқ-қолын баўырына алды. Бели қатып, өзине келгенше де қарасатуғын адам болмағанлықтан босанғанының ертеңине суўын өзи әкелип, отын өзи жағып турмыс қысқысына түсти. Ақырында, бүйтип жүрип күним кешпес, өлсекте, тири болсақта бир болайық,—деп босанғаннан бес күн соң баласын арқалап 25 шақырым жердеги Жийемуратына пияда келип, қосын тапса да өзин таба алмай, узақта көринген қойдың шаңынан қорқып тығылыўға тесик таппай жүргени еди.

Ағаш басындағы келиншектиң қапталына келген Ерполат еди. Ол басқа шопанлардан бурынырақ келип, сүт писириў ушын, отын-потын ғамластырмақшы еди. Мына келиншекти көргеннен соң оның менен сөйлесип, оның аўыр аўҳалына рәҳими келип отырғанда отын жыйнаў ядынан шығып та кетти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

# ТОҒАЙДАҒЫ ТОЙ



Шопанлар қойды иййрип таслап, Ерполаттың кеше атып келген қоян-қырғаўылларының етинен дузлап қойғанларын кабап етпекши болып, бири дузлы етти жуўып есикке илип, бири отын жыйнап, бири от жағып, ҳәрқайсысы ҳәр нәрсе менен шуғылланды... Қонақ келиншектиң аш болғаны бир жағынан, екинши жақтан ерни тобарсып шөллеп, қайта-қайта ернин жалай береди. Бағана қорыққан ўақытта шаршағанды билген жоқ еди, енди өзине-өзи келгеннен соң шаршағаны да билинди, ашлық, шөл, шаршағанлық—үш жақлап қысты, келиншектиң көзи қараўытты. Жас бала шырқырап жылайды. Келиншек аўзына емшегин салды, бирақ сүт шықпайды. Бала қуры шандырды тартқылап сорады. Тағы жылайды. Басындағы бундай қыйыншылықты келиншек айтыўға уялып, иба қылып ақ отырып еди, бирақ болмады. Ақыр аяғында от жағып жүрип қапталына бир келип кеткен күйеўи Жийемуратқа:

— Ишкендей ҳеш нәрселериң жоқ па?—деп көзиниң асты менен бир қарап, кеўип отырған ернин жалай түсти.

— Неге жоқ болсын, бар!—деди де Жийемурат қостың түслик бетиндеги шаңлақтың ортасына барып, бир жерди тырнап қаза баслады. Жийемурат олкәраны қазғанда келиншек жумыр излеп атыр аў деп ойлады. Ҳақыйқатында да ол кәрада көмиўли жумыр бар еди. Бағана азанда ешкини саўып-саўып жумырды сүтке толтырып көмип кеткен еди. Жердиң ысыўы менен сүт-гүзеге уйтқаннан да жақсы болып уйып, суўсыз сүт баўырдай болып дир-дир етип туратуғын



www.ziyouz.com kutubxonasi

еди. Жийемурат жумырды жерден суўырып алғанда сап-сары болған жумырдан балалы келиншек жутып жибергендей болып еки көзин айырмады. Ол қадалып қарап отырғанда Жийемурат келиншектиң капталына келип, қабақтың аўзынан кесип ислеген табакқа қатықты қуя баслады. Кайырдың уймасындай болып уйыған қатық қуйылада қоймады. Көзи қараўытып ернин жалап, зордан отырған келиншек табаққа бир жутымдай қатық тамғаннан ақ жутына баслады.

Баласын алдына жатқызып, сол қолын дастық қылып, оң қолы менен табақты басына көтерип жутып атырған келиншекке Ерполат аянышлы түрде қарап:

— Шөллеп қалған екенсең ғой, бағанадан бермаған неге айтпадың,—деп келиншектиң қатықтан аўзын босаўын күтти. Тағы бир шопан дәлкек қылып ойнағысы келди. Келиссе-келиспесе де бир қапталдан қойып қалатуғын оның әдети еди, ол оны өзинше жақсы нәрсе деп билетуғын. Сөзиниң усындай жеңиллигине қарап, оны ҳәрким басқылайтуғын. „Сен аўзынды дастурқанға көп сүрткенсең, сонлықтан аўзыңның пәтиўасы кетип, сөзиң дузсыз болып жүр"—деп адамлар оны „Аллаш дузсыз" дейтуғын еди.

Аллаш дузсыз келиншекти басқыламақшы болғанда Ерполат аларып қарап:

— Биреў тойып секиреди, биреў тоңып секиреди,— дегендей, өзи аштан, шөлден қалжаўрап отырған адамды неге дәлкек қыласаң. Дәлкек қылғаннан гөре ише—ғой десең болмай ма. Қоянның етин жеп, қойдың қорғасындай қатығын ишип жүргеннен соң мәс боласаң аў,—деп белден қайырып таслады. Уялған тек турмас дегендей, Ерполаттың сөзине уялып басын қасып, Аллаш мурнынан мыңғырлап бир нәрселерди айтты.

— Кудайым ойыннан... деген сөзи журтқа түсиникли болған менен басқа сөзи түсиникли болған жоқ. Оттағы жыңғылды ысырыңқырап қойып келиншектиң күйеўи Жийемурат:

— Аллаш дузсызлығына барады,—деди ҳаялы дәлкек еткенге ашыўы келген .исидей болып..

— Ҳаялыңа ара түспесең де болады, сениң ҳаялыңа мойын ортақ болайын деп отырғанымыз жоқ, де Ерполаттың сөзинен қысынып отырған Аллаш ашыўы



www.ziyouz.com kutubxonasi

сыртына шығарғандай болды. Оның орынсыз ашыўланғанына дуў күлисти.

Бундағы сөз келиншек туўралы болса да, оның өзи сөзге қосыла қойған жоқ. Баласын емизип отырып, көзиниң асты менен ҳәр кимге бир қарады.

Узақ күлкиден соң Ерполат:

— Буны дәлкек қылғаннан гөре, келгенин қарсы алып Жийемураттың балалы болған қуўанышына ортақ болып, той берейик десең *болмайма*—деди Аллашқа қарап.

— Той беремиз!

— Жийемураттың қуўанышы—бизиң қуўанышымыз!

— Дос болғанда, жора болғанда Жийемурат бизден не көреди.

— Өзлеримизше той беремиз деп шопанлардың ҳәрқайсысы ҳәр жақтан жабырлап сөйледи. Бирақ баянағы бир аўыз сөзине пушайман жеген Аллаш *жумған аўзын* ашпай төмен қараў менен болды. Егер биреў оны көпке тарта сөйлесе, суўға сүңгигендей көпшиликтиң пикирине сүңгип қосылып ақ кеткендей болып отыр. Ақыллы, ойлағыш Ерполат, Аллаштың қыялын билди де:

— Той берсек сен де терис демессең, көптиң пикирине қосыларсаң,—деди.

— Мениң көптиң пикиринен шығып кеткен жерим жоқ ғой, тек заманымыз қатар болғанлықтан келиншекке бир аўыз сөз айтқаным ушын мени қойға келген қотыр ешкидей еттиңиз—ғой,—деди Аллаш гүнасына кеширим сорағандай болып.

— Тентектиң ақылы түстен кейин киреди.

— Ашыў алдында, ақыл кейнинде келеди.

— Ашыў араз, ақыл дос,—деп жанындағы жораларының бир қатары ҳәзилледи де, бирқатары ақыл айтқан болып, тағы сөйледи. Жұрттың дыбырлысы басыла бергенде Ерполат:

— Достың жылатып айтады, душпан күлдирип айтады,—дегендей, биз саған доспыз. Аллаш, батырып айтамыз. Сен сөзди ҳәр ўақытта ойланбай айтасаң. Аңламай сөйлеген аўырмай өледи, деп халық бийкарға айтқан емес,—деди Ерполат. Ол басқа жолдасларына да бәрҳа усындай ақыл айтатуғын еди. Себеби, ол жасынан ақ өмирдиң талай ашшы, душшысын татқан, турмыстың қысқысына түсип, көп нәр-



www.ziyouz.com kutubxonasi

сени басынан кеширген Ерполаттың бундай ақылы ҳәмме қабыл алатуғын, бөтен демейтуғын еди.

— Айтқан бөтен емес, достың ақылы жаныма сары майдай жағады. Рас, аўзымның сондай жеңиллиги бар,—деди Аллаш Ерполат жаңағыны айтқанда.

— Аўзы жаман елди былғайды, аяғы жамен төрди былғайды, деген аўызды жибере бериўге болмайды,— деп Ерполат гәптиң тәмбисин басыңқырап қойды.

— Аўзы күйген үрип ишеди дегендей, енди үрип ишер мына аўқатты жейик, таяр болды,—деди Жийемурат кабапты усынып. Кабапқа ҳәркайсысы ҳәр жақтан тийисип қалды...

Кабапты жеп болғаннан соң:

— Қане енди ойынды баслайық.

— Тамашаға кирисейик,

Түнниң бираз ўақты болып қалды,—деп тағы дабырласып сөйлесе баслады. Ойынды баслағанда булар бақсы-жыраў айттырмайды, ат шаптырмайды, ылақ ойнатпайды, гүрес туттырмайды, бары менен база қылады. Ал булардың ишинде қосық айтқанда, қосық нама билетуғын даўысы тәуири тек Ерполат. Ол дуўтар-да шертеди. Ерполатқа буларды үйреткен турмыс еди.

Ерполаттың бундай сырын билген жолдаслары:

— Биз той бергендеги тамашамыз, қуўанышына ортақ екенлигимизди сездирип, тек Жийемуратқа кеўил билдириў ғой, биз қадимги тойдың мыңнан бирин де ислей алмаймыз, сен азырақ қосық айтып бер,— деди көптиң ишинен биреў.

— Сөйт жора.

— Өзиң бир нәрсе қылмасаң...

— Аллаш бир нәрсе айтып берсин, деп Ерполат күлип Аллашқа қарады.

—Айта көрме, бала болып аўзымды ашып көргеним жоқ,—деп Аллаш қолын сермеди.

—Жаманға жалынғаннан жатта жаныңды қарман деген емес пе, өзиң бир нәрсе қылмасаң Аллаштан ҳешнәрсе шықпайды деп тағы бир шопан Аллаштың қосық билмейтуғынлығын айтты.

—Ешейинде, аўыз жаппас, айт дегенде қосық таппас,—деген усы дә. Қойдесең де қоймай қосық айтатуғын Аллашқа айт десең қосық таппайды, тили гурмелмей гүңелек болып қалады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Сөйтпесе Аллаш дузсыз атана ма.

—Ҳаялыңыз туўса балаңыздың атын Аллаш қой-маңыз,—деп өзи қылығына қысынып, отырған Аллашты шопанлар тағы бир қысындырғаннан кейин:

—Өзиң бир нәрсе етип, есабын таппасаң Аллаштан қосық күтпеймиз,—деп Ерполатқа асылды.

—Көптен қоян қашып қутыла ма, бәриң маған асыласаңлар бир нәрсе айтып берейин,—деп Ерполат ақ таяқты дуўтар етип қолға алып, ушажақ қустай қомланып „Күнхожа" деген намаға Күнхожа шайырдың „Шопанлар" атлы қосығынан өзиниң билетуғын жерлерин айтты.

Ийнинде жумыры салынған торға,
Меслерин арқалап, қозғалып зорға,
Төслерин қайқайтып шыға алмай қырға,
Асқар қумды аралайды шопанлар.
Қайнаған ыссыда қумларды басып,
Алаңлап көзлери ақылдан сасып,
Қойы жайылғанда арқасын қасып,
Күни ушын жүрген ғарип шопанлар.
Беллери бүгилип, көзлери тынып,
Жата алмай дем алып бир майдан тынып,
Топыраққа былғанып бийтлери ағып,
Төсексиз далада жатыр шопанлар.

Бул қосықтан Күнхожа усы шопанлардың өмириниң сүўретин, көринисин көрип отырып жазғандай болып көринди.

—Айтайын деген ойы сулыў сөз бенен қыйсынын келтирип, қыйыўлап, тоқсан түрлендирип, қырық қубылдырып, жанға жағымлы етип шығаратуғын шайырлардың да әрманы бар ма екен—деди қосықты қуныға тыңлап отырған Жийемурат. Оның бул сөзинен өзиниң шайырлыққа қатты қызығатуғыны ҳәм шайыр болмағанына пушайман жейтуғыны билинди.

—Шайыр қызыл тилдиң дәрьясы ғой, оған кимниң бәси бар. Бирақ барлық жылқы жорға бола бермегендей, барлық адамлар шайыр болмайды. Талай адам шайыр болғысы келип талпынғаны менен қатардан қалып қойған,—көптиң арасынан шайыр там-тумлап ғана шығады.Өзиниң өмири бойынша жарлылардың өми-



www.ziyouz.com kutubxonasi

рин,—турмысын жырлаған шайырлардың атын халық ҳешбир умытпайды. Жийен, Күнхожа, Өтеш, Бердах, Ажинияз сыяқлы шайырлардың атағын қарақалпақ мийнеткешлери мудамы тәриплейди. Адам шайыр болыўға миннетли болмасада, халқына хызмет қылатуғын азамат болыўға миннетли—деп Ерполат сөзди узаққа созып баратырғаннан кейин бир шопан оның сөзин бөлип:

—Ерполат аға, жиптиң ушын жоғалтып баратырсыз. Қосық айтып отырғаныңызды умытып қалдыңыз ба. Басқа сөзге кирисип кеттиң ғой,—деди.

—Неге умытайын, умытпайман, бирақ сөздиң рети келгеннен соң қарап қалыўға болмай атыр аў,—деп Ерполат тағы қосық айтыўға киристи.

—Сөйт аға.

—Камал тап.

—Той—тамашадан шетте қалып жүрген шопанлардың кеўлин көтерип, қулағының қурышын қандырың,—деди биреў. Дурысында да шопанлар аўылда болып атырған айттан, тойдан шет еди, керек десе, жыл он еки айда, бир де мереке көрмей жүретуғын еди. Сонлықтан бүгингидей рети келгенде өзлеринше той қылған болып, ҳәрким барын ортаға салып, өзлериниң ўақтын хош ететуғын.

Ерполаттың кемпири күйеўи Батырбек өлгеннен кейин еки жылдан соң аўылға қарағанда қалалы жерде дигирман тарттырыўшы да кир жуўдырыўшылар да көбирек болар,—деп қалаға көшип барып, бес жылдай отырып еди. Онда Ерполат жас. апасына көмеклесип тамақ таба алмайды, оның питкеретуғыны көшениң тәртипсиз балаларына қосылып, күни менен ойнаў, қаўын сатқанның қаўынын урлаў, ҳәр бала менен урысып төбелесиў еди. Сол жүргенинде ол өзиниң ықласлылығының арқасында көп қосықлар үйренди. Татарша қосықлар да, намаларды да жақсы үйренди. Ол келе-келе қосықтың, наманың мәнисине түсингеннен кейин „татар намаларын айтқанда, еситкенде бирден жүрегиңе тәсир етеди, сезиминди секиртеди, бир нәрсени ойланып, қайғыланып отырып айтсаң кеўлинди көтереди"—деп қой бағып, далада жүрсе де, татар намаларын көбирек айтатуғын еди. Бүгинги тоғайдағы тойда да, ол өзиниң жақсы көретуғын татар қосықларынан айтты:



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ақ Едилдиң ени тар,
Еки аяғы қызыл яр,
Унтыла деп ҳеш айтмаңыз,
Унтылмайдыр сүйген яр.

Ақ едилди кешкенде,
Жырлап ескек ескенде
Өзим жырлим, өзим жлыим.
Жаным еске түскенде.

Ақ едилден күйме келе,
Күймеси бар изи юқ,
Хаты келе, сөзи келе,
Сөйлеширге өзи юқ.

Деген сыяқлы өзи билетуғын бираз татарша қосықларды айтты. Түнниң бираз ўақты болды. Шопанлардың биреўлери, әсиресе шаршап келген қонақ келиншектиң уйқысы келип, қалғый баслады. Буны көрген Ерполат:

—Қой, көп ўақыт болды, жатайық жигитлер,—деп дөгерегиндеги жолдасларына қарады.

—Жатсақ жатайық, азанда ерте турамыз ғой,—деп Ерполаттың сөзин мақуллады Жийемурат. Оның өзиниң жатқысы келгени былай турсын, қалғып отырған ҳаялын көрген сайын жатқысы келип қыстаса да жолдасларының кеўлине қарап айта алмай отыр еди.

Шопанлар жатыўға киристи. Ҳәркайсысы қойдың ҳәр шетине жататуғын еди, сол әдети бойынша өзлериниң орынларына кетти. Бурын көбинше Жийемурат қолына қой байлап жататуғын еди, өйткени оның уйқысы қатты еди. Бүгин келиншеги келгенликтен ол қой байлап жатпады, арқанды Аллаш дузсызға берди.

—Бүгин келиншегиң келгеннен кейин қойбайламай тыныш жатайын дедиң аў бәле, қасыңда жатқан менен бүгин саған пайдалы ҳешнәрсе шықпайды, туўғанына еле қырық күн толған жоқ,—деп арқанды алыпатырып Аллаш күлди.

—Ҳай, сөзиң қурсын, көкирегиң доңыздың гүркесиндей жеркенишли аў, келиншек келгеннен қолыма қой байламайман деп атырғаным жоқ, қой байласам мына балаға бир зыян болама деп турман,—деди Жийемурат. Дурысында да қапталында балалы ҳаял жатқанда қолға



www.ziyouz.com kutubxonasi

қой байлап жатыў қаўипли еди. Егер қолына қой байлап жатса, бес-алты қулаштай жиңишке узын арқанның бир ушын бир қарыўлы қойдың мойнына қылғынбастай етип гүрмеп байлап арқанның екинши ушын өзиниң қолына шешиўге аңсат қылып дузақлап байлаўы керек. Егер қойға түнде қасқыр шаба қойса, қой үркеди. Мойнына арқан байланған қой ана адамды сүйреп ояталы. Қолына арқан байланған адамның қапталында бала жатса, қой сүйреген ўақытта бала астында қалып, өлип қалыў ямаса жиңишке арқан бир жерин қыйып кетиўи итимал. Жийемурат усыны ойлап, арқанды Аллашқа бергени еди ғой.

Етигин дастанып, шапанның бир жеңин етиктиң үстине қойып, шапанның бир пешин төсеп, екинши пешин жамылып шопанлар ҳәр жерге жата кетти. Жийемурат пенен келиншеги де жатыўға киристи. Жас босанған ҳаялға жумсақ төсек, жыллы көрпе, мазалы тамақ керек. Бирақ буларда оның бирде-бири жоқ. Келиншектиң тозыўы жетип, жыртылған камзолы бар еди, Жийемураттың етек-жеңин шеңгел тырнап жыртқан гөне пахталы жаман шапаны, жамбасынан басып жүрген шерим етиги бар еди. Буннан басқа екеўинде де ҳеш нәрсе жоқ. Сонлықтан келиншектиң жаман камзолын төсек етип, етикти дастық етип, жаман шапанды жамылып, булар да жата кетти. Қапталына баласын да жатқызды. Бундай турмысқа қорлығы келип турған Жийемурат:

—Балаңды басып өлтирип қой ма —деди келиншегине.

Басқалар еситпесин дегендей сыбырлап, келиншек:

—Шаршап өлейин деп келдим, уйықлап қалып басып өлтирип қойып ямаса көп жылап киндиги шығып кетер, сен де балаға бир пай шериксең ғой, бүгин өзиң қарап жат,—деди.

—Мениң сендей бала жубатқандай бүйеним болса, өзим-ақ бағар едим, қудай маған бүйен бермеди ғой,—деди Жийемурат.

—Бүйениң не?

—Бүйен емей не мынаў—деп келиншектиң емшегин түртип жиберди.

—Сыйырға ер салғандай еп-ерси сөзиң қурсын,—деп келиншек Жийемураттың турпайы сөзине күлк-



www.ziyouz.com kutubxonasi

бүлк етип күлди. Жийемуратта күлдирип кеўлин көтериў ушын айтып еди, айтқаны болды.

Соның арасында Жийемуратлардың сөзин бөлип Ерполат:

—Сергек болып жатың, көп отырып қалдық, қойды қасқыр қырып кетип, ертең ақ таяқ артыңызға тийин жүрмесин,—деп бақырды.

*Бир шеттен бир* шопан:

—Ҳай-й-й-деп бир бақырды. Басқа ҳешкимниң сести шыққан жоқ, тек ғана қойлардың қырт-қырт етип гүйсегени ғана еситилетуғын еди.

Таң алдының қараңғысы. Арқадан ҳүўлеген ызғырық самал есип тур. Тек тоғай арасы болғанлықтан ғана шаң борамайды. Қойларды да, шопанларды да таң алдының татлы уйқысы бийледи. Ҳешбир сес шықпайды. Ҳуўлеген самал менен тоғай торақғылларының шайқалып, сылдырлаған жапырақлары менен араласып, биреўдиң қорылдысы ғана еситиледи.

Бағана шопанлар жатқан ўақытта ҳаўа ашық, бултта жоқ, самал да жоқ еди. Күн шабыт болса қасқырдың ырысы жеңеди, оның тилегени шабыт. Шабыт күни ық жақтан келе қойса қасқырдың ийисин қой да, ийтлер де билмейди. Қасқыр иркилмей келип қойға араласып ақ кетеди. Күнниң бунындай шабыт болатуғынын билсе, шопанлар да бийғам жатпаған болар еди.

Таң *алдындағы татлы уйқысын бөлип, бир арлан,* бир каншық қасқыр ық жақтан келип қойға араласты. Қасқыр ортасына кирип кеткенде ғана билип, ық жақтағы қой самалдың өрине қарай дүркиреп үрикти. Қолына қой байлап жатқан Аллаш қойдың жел жағында жатыр. Ҳешнәрседен хабарсыз. Қасқыр қойға араласып кетип, үриккен қойдың дүбири менен оянған ийтлер қасқырдың қайда екенин билмей, мәзи қойды айлана жуўырып үрди. Еки қасқыр арасында жүрипти, неше қойды өлтиргени, неше қойды жаралағаны ҳәзирше биймәлим.

Үриккен қой дүркиреп Аллаштың үстинен өте бергенде, бағанағы қолына байлап жатқан қара қасқа азбан Аллашты тартты. Бирақ уйқышыл Аллаш оны сезген жоқ. Азбан 2-3 қадем жерге шекем сүйрегенинде Аллаш ҳаўлығып оянды. Алас-қапас бос қолы менен көзин бир сыйпап, дөгерегине қарады. Үстинен қой-



www.ziyouz.com kutubxonasi

дың барлығы өтип кеткен. Тек қолына байланған қара қасқа азбан Аллашты сүйреп кете алмай жүз қадемдей қойдың соңында қалған екен. Абырай Аллаш тезирек оянды: егер оянбаған да, қасқырдың биреўи қара қасқа азбанның мойнын таўлап тасләғанда қойдың барлығын да жаў қуўған жылқыдай етип айдап кететуғын еди.

—Ҳай-ҳәй, бәс. Қой кетти!—деп бақырып, қолындағы қойды шешип жиберди де, Аллаш кеткен қойдың соңынан жуўырды. Оның тәртипсиз бақырып қатты шыққан даўысы менен басқалар да оянысып қыйқыўлап қойдың соңынан жуўырды.

Қой еки жүз қадемдей жерге асып кеткенде, әдеп Аллаш, кейнинен басқа шопанлар да жетти. Қойдың ортасынан еки қасқыр шығып күнбатарға қарай тартты. Буны көрген Ерполат ийтлерге бәс-күш берип изинен жуўырды. Исти өткерип алып жуўырғаннан не пайда, еки қасқыр қуйрығын қысып алып, көзди ашып жумғанша, қарасын көрсетпей көзден ғайып болды. „Жаў кеткеннен соң қылышыңды қумға шап", қасқырды қашырып алғаннан соң не қылсын, Ерполатта қайтып қойға келди.

Қой үриккен жағына бетлемейди,—деген емес пе, қойды қайтарып жатқан жерине айдағанда қойлар сирә алға қарап баспады. Боранда самалдың өрине қарап жүрмей, ыққа қарап қашқан қойдай ақ қойлар үриккен жағына қарап жүрмеди. Жаңа булар қойдың изинен жуўырғанда уйқылы көзи менен көрмеген екен, қасқыр қойдың биразын жол бойынша өңештен алып мойнын таўлап кете берген екен. Ҳәр жерде тамағы қырылдап, аяғы тыпырлап жатқан қойлардан саў қойлар үркип, тағы кейин қарап қашады. Бирақ жети шопан жети жерден айдап қойды бурынғы жатқан жерине жеткизди.

Қасқыр менен айқасып қалмағанына қапа болған ийтлер, қасқырдың кеткен жағына қарап жер тырнап улып үреди. „Шамасы қасқыр айланып кетпей жүр аў" деп шопанлар қатты бақырды. Даўыслары тоғайды жаңғыртып әлле қайда кеткендей болады.

—Қайқы мүйиз қара ешкини өлтирип кетипти, пышақ әкел!

—Сары қасқа саўлықтың ишек қарнын ақтарып кетипти.



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Алшақ мүйиз сары серкениң санын тартып кетипти.

—Салпы қуйрық қара бағланды өлтирип кетипти; тезирек пышақ әкелиң,—деп қасқыр жаралап кеткен қойлардың қапталына барып жүрген шопанлар бақырды. Қойды бир айланып, Ерполат бақырған шопанлардың қапталына келгенде, басқалар барып қасқыр өлтирип кеткен қой менен екинши ҳадал өлтириў ушын шалып жүрген екен.

—Нешеўин өлтирипти,—деди Ерполат өлген қойларды шалып жүрген Жийемуратқа.

—„Өзим мине еки қой, бир ешкини ҳадал өлтирдим, тағы нешеўиниң өлгенин билмеймен,—деди Жийемурат қан-қан болған пышағын жерге суғып-суғып алып, шөпке ысқылап, қанын кетирип атырып.

—Мине еки қой тағы өлейин деп атыр, және неше жанлықтың жараланғанын билмеймен,—деди тағы бир шопан.

—Себеп пенен себет арбаға минеди дегендей, усы қасқыр өлтирмесе бир қой сойып жей алмас едик, неде болса етке жарыйтуғын болдық!—деп күлди Ерполат.

—Етке жарыйтуғын болдық деп күлесең аў ертең байға не айтамыз,—деди Жийемурат қысынған түр менен.

—Жийемурат қорқақлығыңа бақпа, есабы болар,—деди Ерполат. Бундай жерде Ерполат қорыққанын билдирмейтуғын, артықмаш қуўанса да қуўанғанын билдирмей, сыр алдырмайтуғын сабырлы жигит. Ертең бай келгенде жақсы болмайтуғынын бул да билип тур. Бирақ бул қарада бийкар қыйланған менен ҳешнәрсе шықпайтуғынын тағы ойлап „себеп пенен етке жарыйтуғын болдық!“—деп турғаны еди.

—Мине, күн шығайын деп тур, ҳәзир қой өреди, буларды не қыламыз,—деп Аллаш күн шығар бетке қарады. Көлдеги өртенген қамыстың намазшамдағы көринген жалынындай қызыл-жасыл болып таң нуры сәўлеленип күн шығыўға бет алды. Күн салқын. Күндегиге қарағанда бүгин қой ертерек өриўине де гүман жоқ. Аллаштың айтқанындай қой өрместен бурын мына өлген қойлардың етин жайластырыў керек. Бирақ шопанлар бир тоқтамаға келмей, ҳәрқайсысы ҳертүрли сөз айтты.



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Өлген қойларды түйеге артып, баярға жеткериў керек.

—Алып барған менен „бәрекелле, әкелген екенсиз"—деп баяр рахмет айтар дейсең бе, оннан еттиң рәҳәтин өзимиз көрейик.

—Баярға не айтамыз!

—Баяр бәлени жесин, жемесе қойсын!—деп ҳәрқайсысы ҳәртүрли сөйледи. Ал келген келиншек: „қутлы қонақ келсе қой егиз табады, қутсыз қонақ келсе қойға қасқыр шабады"—дегендей, мен келген күни бунша қойдың қырылыўы қалай,—деп ойлап ишинен тынып отыр.

Соның арасында қой өретуғын болды, шопанлардың сөзин тыңлап отырған Ерполат.

—Қойды өргизе бериң, өлген қойлардың етин өзим жайғастыраман,—деп еки жеңин түринип, еки пышақты бирине-бирин жаный баслады. Шопанлар қойды өргизип кетти. Келиншек Ерполаттың қапталында қалды.

Ерполат өлген қойды дәрҳал соя баслады да, келиншек баласын уйқылатып болып отын жыйнастырды. Қалың тоғайлықтың ишиндеги томарларды, жыңғылларды қушақ-қушақ етип жыйнап, Ерполаттың айтыўы менен бир жерди азырақ қазып жиберип, солкәраға отты өртеў менен болды. Соның арасында Ерполат сойып атырған қойының путын-пут, қолын-қол етип, путарлап басын, ишек-қарнын, өкпе-баўырын алып қалдыда, басқасын қойдың терисиниң арасына тықты. Жыңғыл менен терини бүрмеледи. Бул ўақытта келиншек шуқырға отты жағып қара жерди шоқтай қызартып өртеп болып, күлин-шоғын қайтадан шығарып үлгерип еди, Ерполат териге салған етти келиншек таярлаған шуқырға таслады да үстинен кум менен көмди, оның үстинен от жақты. Ерполат тағы бир өлген қойды сойды. Арадан бирнеше минутлар өтти.

Көп ўақыттан соң бели аўырды ма, қайқайыңқырап турып Ерполат маңлайының терин жеңи менен сыйырып таслап, келиншекке қарап:

—Қалай болса да аналар келгенше таяр болсын,—деди. Оның „аналар" дегени бағана қой менен кеткен шопан жолдаслары еди. Оларға еттиң пуўын шығармай жерге көмип писирип, мазалы тамақ таярламақшы болып жүргени еди. Бирақ келиншек Ерпо-



www.ziyouz.com kutubxonasi

латтың сөзине жууап қайтармады. *Сонлықтан* сөзине жууап күткен Ерполат:

— Үндемейсең—ғой, аш болып турсаң ба? Аш болсаң қууырдақ қууырып беремен,—„деп ·қолына өкпе бауырды алып отыра қалды. Оттың жалыны менен еки бети *алмадай* қызарып, мурнының ушы терлеп турған келиншек уялды ма, ямаса аўзына жөнли жууап түспеди ме тырп *етип үндеген жоқ. Бирақ оның түринен* уялғанлықтың белгиси билинип турды. Оны билген Ерполат қайтарып ҳеш нәрсе айтқан жоқ, тек қууырдақты тезирек писирип жеўдиң әнжамын жеди...

Қууырдақты жеп бола бергенде, келиншектиң баласы *оянып*, ол баласы менен ҳәлек болды. *Май*, ашшы қууырдақ тийгеннен соң Ерполаттың жалақ ерни уўдай ашып, *жалатпады. Бирнеше күннен бермаған ҳарам* қанын шығармағанлықтан, ерни тобарсып исип кетип еди, ҳарам қаннан тазаламаса болмайтуғын еди, сонлықтан ернин ҳарам қаннан артпақшы болды.

Келиншектен кишкене айнаның сынығын алып, дизесине қойды да, қуў шеңгелдиң 5—6 мықлы тикенин қыйнап алып, жалақ болған астыңғы ернин шеп қолы *менен қысып оң қолы менен ернине шеңгелдиң тике*нин тықты. Шып-шып етип қара қан ақты. Тикенниң бири сынса, екиншисин, екиншиси сынса үшиншисин алып тығып отырды. Буған Ерполаттың өзи жеркенбей пышырлатып отырса да, қапталында басқа адам тура алмайтуғындай еди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

# КӨРГЕН БИЛГЕНИН
# АЙТА Б



Бул ўақытта күн әдеўир көтер-
лип сәскеликке барып, қалып еди. Мийримли алтын кү
өзине төменги жан-жаниўарларға нурлы сәуле
шашып жанға жәрдем, ыссылық, қуўат берип, тоғай ар
сын жағымталлы нурға бөлеп еди. Арқадан әсте ға
жумсақ самал еседи. Ол да жағымлы. Адам дүнья
бир минут тири турса, тап бир жыл жасағандай бол
ды. Тәбийғаттың сол рәҳәтиниң арасында Ерполат
дирли жаслық ўақтын өткерип отыр.

Сол тынышлықты бузып, қоста қалған ала мойн
Жоллы әўпилдеп үрди. Ернине тикен тығып отырғ
Ерполат исин қойып, дәрҳал дөгерегине қарады. Ә
пилдеп турған Жоллыдан басқа ҳешнәрсе көринбе
қалың тоғайлықтың арасы болғанлықтан тап қасы
келген нәрсе болмаса, узақтағы нәрсе көрине қойм
туғын еди. Ҳеш нәрсе көринбегеннен соң Ерпо
жайына қайтадан отырды. Бирақ Жоллы тынышсы
ланып қаттырақ үрди. Ерполат тағы турып қарад
Тоғайдың арасы менен киятырған атлыны көр
Қызылкөк жорғаны шайқалтып киятырған өзлери
баяры Ержан сыйпаң екен.

Қамыс қулақ, сулыў, жал келте қуйрық, бу
сан, қызыл көк жорға жаниўар бир туўған жылқы
жорғасынан суў төгилмейтуғын. Оның жорғасына ан
мынаў ябылар ере алмайтуғын еди. Буны қунан кү
де Ержан сыйпаң бир бузаўлы сыйыр менен бир
алды Өсе келе сол дөгеректеги жылқының алды бол
Ержан сыйпаң ҳайтқа, тойға, бир шақырған жерге



www.ziyouz.com kutubxonasi

ғанда минбесе, басқа ўақытта минбей қолда бағып, үш ўақыт бес қосыўыстан арпа бөрттирип, суў орнына сүт, пишен орнына беде берип баратуғын еди. Сондай аянышлы атын миниўине қарағанда Ержан бүгин я тойдан, ямаса бир шақырықтан киятырғаны мәлим...

Ғалы қоржынның аўзын күржилеп, бөктергини бийиктен бөктерип, аяқты зәңгиге тиреп, Ержан сыйпаң ширенип келе берди. Қызылкөктиң Әмиўдәрьяның ағысындай ағып киятырған жорғасын қалың тоғайлық ериксиз буздырды. Қызылкөк жорғасын бузған жерде Ержан басын теженкиреп қояды. Қызылкөк қайтадан жүрисин дүзейди...

Жақынлап келе бергеннен-ақ Ерполат алдына таман барыңқырап баярына:

— Ассалаўма әлейкүм,—деди. Өлген қойларды көрген сыйпаң сәлемди алмастан:

— Мынаў не?—деп ширене түсти, Ерполат түнде болған ҳәдийсени қысқаша айтып еди.

— Атаңа нәлетлер, қойды өлтиргеннен гөре өзлериң өлсеңлер болмай ма—деп сыйпаң тап берип умтылды. Ерполат аттың минер жағының жылаўынан услай бергенде, шырп-шырп етип арқасына еки рет қамшы тийди.

Ерполат бундай таяқты жасынан көрип те жүрген, таяққа ўақтында жуўап берип те жүрген жигит еди. Жасынан тентек, қапелимде тапқыш, өзиниң дөгерегиндеги адамларды жыйнағыш еди. Арқасына қамшы тийген ўақытта оның жасындағы бир ислери ядына түсип кетти.

... Қалада отырған ўақтында қаланың балалары менен қаўын урлыққа баратуғын. Қалаға жақын жерде Сатымдонда деген шершиниң жери көп. Ол жаз болыўдан ақ қаўын ектирип басқаларға қарағанда бирнеше күн бурын писиретуғын. Булар қаўынға қандай ҳәўес болады, әдепки пискен қаўынға тап шымшықтай жыйналатуғын. Бирақ Сатымдонданың 22—24 жаслардың шамасында еки баласы бар, олар түнде қаўынның басында мылтық алып жатып, жан жуўытпайтуғын еди. Бирақ Ерполатлар оған да ақыл тапты. Тасбақаны тирилей тутып алып, арқасына қалың қылып саз ылайдан үйип, бир шыбықтың басына ески шобыт орап, оған лампамай жағып, от берип шыбықты тасбақаның арқасындағы саз



www.ziyouz.com kutubxonasi

ылайға тығып, өзлери салмаға түсип тасбақаны қау
атызға қарап жиберетуғын еди. Қараңғыда лапыл
жанған отты көрген қорықшылар „шайтанның от
деп қауынын таслап қашатуғын еди, балалар атыз
кирип, алып жай-жайўат пискен жақсы қауынлард
таңлап алатуғын еди.

Бирақ булда билинип қалса керек, бир сапар Саты
донданың қауын қорыған балалары өтирик қашып ҳи
лекер балаларды тутып алып, астын жер, үстин теп
қыла баслады. Ерполат қашша қашып кеткендей ед
бирақ жолдасын таслап кетиў нәмәрттиң иси,—деди д
бир жолдасын жығып салып, теўип атырған Сатымны
баласының туў сыртынан келип асылып, тамағына
буўып, өңешин үзип жиберейин деди. Сатымның бал
сының көзи аларып, аўзынан ақ көбик ағып, қыйқыл
дап дәрманы кетип, сылқ етип қулай кетти. Әне соннан
баслап тамақтан буўса адамның ҳалы болмайтуғыны
билип еди.

Ержан сыйпаңның қамшысы еки ирет арқасына тий
генде, Ерполат Сатымның баласына ислегенин ислеп
дәрҳал аттың үстинде турған сыйпаңды тамақтан алып
қалды. Жаналқымы менен сыйпаң тыпырлап теўи
мушы менен урып көрип еди, бирақ болмады, ҳа деген
ше болмай Ерполат аттан аўдарып алып, ишке бес ал
тепти. „Өзиңнен зор шықса еки көзиң парта шығады",
деген емес пе, өзинен зорға ушыраған нан соң сыйпа
ның тырп етиўге қудирети келмей, үнсиз қалды. Бун
көрген келиншек:

— Өлип қалып, кейни бәле болып жүрмесин,—деди
Ерполатқа.

— Өлсе қум қапсын, өлмесе есинен қалмасын,—де
ди келиншекке қарап күлимсиреп турып Ерполат.

— Тек жүрген, тоқ жүреди,—дегендей тек жүрге
ниң жақсы еди, енди сени ҳақы бермей қуўып жибе
еди ғой.

— Бәри бир урмаған менен мына өлген қойларды
төлеўи ушын бизиң бәримиздиң быйылғы ҳақымыз
бермейди. Оннан еки бастан ҳақы ала алмайтуғын бо
ғаннан соң урған сыяқлы етип урып, өшимди алайын,
ертең мейли қолынан бир келсе еки қылсын, аспанны
тиреўи болса тайдырып жибере қойсын,—деди Ерпол
келиншекке.

Соның арасында келиншектиң қаплап жайыл



www.ziyouz.com kutubxonasi

киятырған қойдың алдындағы шопанларға көзи түсти де:

— *Мыналар* мына көмбени жийин деп киятыр-аў, бирақ оны жайпарахат жей алмайтуғын еттиң, дегендей болып Ерполатқа қарады. Оның көзқарасының бир лийкини бардай, *ҳәр қараған* сайын Ерполаттың ишине түтинсиз от жағады. Бирақ оған сөз айтып, жаслық кеўлин билдириўге оның желкесинен бир күш—адамшылық намыс тартады. *Жанындағы жолдасының* көзине шөп салып, жаманлық ойлағысы келмейди. Ондай ислеўди Ерполат адамшылықтан шыққанлардың иси деп ойлайтуғын еди. Бетине тигиле қараған келиншекке бир қарады да, ойланғандай болып, шеп қолы менен әсте желкесин қасып, азырақ турды. Көзиниң асты менен топаланнан өлген қара азбандай төңкерилип жатқан баярына бир қарады. Тағы ойланды. Оның ойланған бет әлпинен *ойда жоқ бундай бир исти ислеп* тасладым, енди буның изи не менен питер екен, деген ойдың белгиси билинетуғын еди. Қабағын үйип, көзин бир жерге қадап турғанда:

— Бул не Ерполат?—деген сести бир ақ еситип, басын бирден көтерип алып, дөгерегине қарады. Көзине бәринен бурын келиншектиң күйеўи Жийемурат түсти; себеби ол баска шопанлардан бурынырақ келип, ой *теңизиниң түбинде турған Ерполаттың „Бул не?“*—деп сезимин секиртип еди.

— Бул—деп Ерполат сөзин баслап, жолдасларына болған ҳәдийсени қысқаша айтып берди де, енди маған бул жерде турыўға болмайды. Бәрибир мени сыйпаң аяп қоймайды. Қолынан бир келсе еки қылсын, мен мына көк жорғаны минип кетемен,—деди жолдасларына.

Жолдаслары буған жуўап таўып айта алмай, иркилиңкиреп қалды. Бираз ўақыттан соң:

— Қой, олай қылма, айтқанды қылсаң кетпе, егер кетемен десең атты минип кет пе, егер минип кетсең бизиң басымыз бәлеге қалар,—деди.

— Қорқақ батыр сен қорқақлық қылма, батырлық қыл, енди жаманлы болсам сыйпаңға мен жаманлы болдым, саған ҳешнәрсе қылмас,—деди Ерполат.

— Айта көрме, ертең сениң ушын бизиң етимизди дузлайды—,деди де басқа шопанлар да шуўлап қоя берди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

*— Олай болса өзиңнин жаққан отыңа өзиң ыс* дегениңиз ғой, атты минбей ақ кетейин, жақсы хош б лың. Аман болсақ тағы көрисермиз,—деди де Ерпол кетиўге бет алды. Алты шопан бир келиншек хош-хо „деганнен басқа ҳеш нәрсе дей алған жоқ, кетип бар тырған Ерполаттың изинен қарап қала берди. Тал қалған сыйпаң әсте қозғалып ыңырана түсти...

www.ziyouz.com kutubxonasi

# ЯР ҚОЙНЫНДА



Көзге түртсе көргисиз қараңғы түн. Алдындағы алты адым жердеги нәрсе анық көринбеди. Аспанды тунжыраған қара булт басқан. Ай менен таласқандай болып жылтырап туратуғын жулдызлардың да бүгин бети перделенген. Адам гүзар жол менен жүрмесе адасып айналып артына келетуғын.

Арқа беттен әстелеп самал есе баслады. Самалдың өриндеги қара булт сийреклеп, оның орнында ақ булт көринди.

Сол булт пенен әстелеп самал ескен тунжыраған қалың қара булттың жасаўылы болып қуўатуғын түри бар.

Қараңғы түнде самалдың өрине қарап қарысып биреў киятыр. Тунжыраған түн кеўилсиз болған менен, оның алдында күтип турған биреў бардай. Егер оған аман-саў жетиссе, қараңғы түнди жақты қылған гәўҳардай жақты беретуғын сыяқлы. Оның үстиндеги қара бултты көрпедей серпип таслап, айсыз қараңғы түнди күндиздей сәўлелендиретуғындай көринеди. Сонлықтанда киятырған адам аяғын аннан-саннан бир басып тез жүреди.

Бул киятырған Ерполат: Ол бағанағы кеткеннен киятыр. Енди өристеги өмирден үмит үзип, аўыл арасында болмақшы. Оның алдындағы жанған жалыны— сүйген Мийригүл. Узақтан ҳарып келгенде дем алатуғын Ерполаттың өзиниң үйи жоқ „Кисенде жүз мың манат ақшаң болғаннан жүз досың болсын"—дегендей. Ерполаттың да досы көп. Досларының қайсысының үйине барса да, жатып қалған менен турып күтип ала-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ды. Дос түўе „қудайы қонақпан" деп барса ким қа алмай қайтарады Адамгершилик қасийети жоқ қас сутхор болмаса, басқалар кет демейди, табылған суўын берип сыйлайды. Бирақ Ерполат чай ишип, алғаннан гөре Мийригүлдиң ыссы қушағына кирип алғысы келеди. Ол Ерполатқа майдан да, чайдан бәринен де артық. Қыпша белинен қысып турып, қы тилинин сорса—сол май да болады, чай да болады. С лықтан Ерполат басқа үйге бармай, алды менен М ригүлдиң ыссы қушағына кирип, дем алып, оннан с таң азаннан турып, „өристен ҳәзир келдим"—деп б досының үйине бармақшы...

Жүрип киятыр. Ол өз ойынша Алпамыс минг Байшубардан да тез жүрип киятырған тақылетте. Б рақ жол узақ, жеткермейди, аўырған аяқ алдырма ды. Қус болса ушып бара қояжақ, әттең қос қа питкен емес. „Бахытсызға жел қарсы" дегендей, он бахтына самалдың да қарсы алдынан болыўы жүр син өндирмеди.

Көп жүрип үйренискен жерлери—гүзар жол ме нен киятырып, үлкен жапларды, белгили жерлер таныды, аўыл енди алыс болғанда „ҳаў дегендей же шығар, ярым ақшам болып қалды. Тезирек Мийри гүлдиң қойнына кирип уйқлай қалсам—дейди ишинен

Мен, „Мийригүл" деп диңкем қурып киятырғанд оның қапталында пайдаға қалған ылақадай болып би реў жатса, өлгеним-ғой. Жигитлик жеделимниң же астына көмилгени. Онда маған халықтың бетин көри жоқ,—деген ойды ойлап киятырғанда аўылға да ке лип қалды.

Ерполат аўылға келе бергенде жан-жәниўарда әўпилдеп аўылдың ийтлери алдынан шықты. Тан ийтлердиң атын айтып, алдады, ийтлер қуйрығын былғалап өз жайларына кетти. Ерполат аяғын бир ат лап, еки рет дөгерегине қарап, Мийригүлдиң үйинин алдына келди.

Ҳешким көринбейди. Әсте ғана есиктиң алдына келип тағы турды. Үйде ояў адам жоқ па дегендей болып тыңлады, бирақ ҳешнәрсе болмады. Әсте ақы рын сыртқы есикти ашып, басын тығып турып, ерге некти ийтерип көрип еди, ашылатуғын емес, ишинен илип таслаған, бурын қыздың өзи ашып алатуғын еди бүгин уйықлап қалды ма ашпады. Аңсат ашылар ма



www.ziyouz.com kutubxonasi

екен,—деп әри-бери қозғап көрди. Ашылатуғын түри жоқ. Сонша жерден Мийригүл деп келгенде есик ашылмады—деп кетип қалыўға тағы болмайды, кетип қалыў түнде қызға келген жигиттиң жарамасының ислейтуғын иси. Жабықтан түсейин деп, жабықтан қолын суғып көрди. Жийи қылып қатарластырылып байлаған уўықтан адам имканият таўып түсе алатуғын емес. Соның ушын оны қойып, керегени көтерип жиберип керегениң астынан кирейин деп ойлап, керегени көтерип көрип еди, көтерилетуғын емес, күшке салып көтерейин десе үй сықырлап ишиндеги адамды оятатуғын болды. Буннан жол табалмай тумсығы уўылды.

—Енди не қылыў керек,—деп кире алмаған Ерполат өзине-өзи сораў берип, ойланып бираз турып:

Қыстың күни қыраўда,
Қылтылдаған жигирма бес,
Жаздың күни жаўында,
Сылпылдаған жигирма бес.
Үйдиң түбин тырмалап,
Тур-турлаған жигирма бес.

Деген халық қосығын ядына түсирди. „Бул қосықты мендей болып үйге кире алмай турған биреў шығарған шығар“ деди ишинен.

Менде иргени тырналап „Мийригүл-Мийригүл туртур десем қалай болар екен“— деп тағы ойлады. „Оны биреў еситип қойса исимниң ады жоқ“— деп ойланып турды да, есиктиң аўзына барып ергенекти тайдыра баслады. Ҳәр қозғаған сайын есик бир сықырлайды. Есик сықырласа, қоyады, азырақтан кейин тағы тайдыра баслайды. Өлдим-талдым дегенде, ярым сааттай ўақыттың ишинде есикти тайдырып үйге кирди.

Бул үйдегилердиң әдети-қара үйдиң төрине төсекти қатара салып, барлығы басын отқа қаратып жататуғын. Сол жақта Мийригүлдиң атасы, оның оң жағында апасы, оған жалғас Мийригүл жататуғын еди. Сонлықтан да Ерполат үйдиң оң жағы менен Мийригүл жатқан жаққа қарап жүрди. Бир атлап бир турды, еки атлап еки турып, ояў адам жоқ па екен деп тыңлайды. Ояў адамның дыбысы болмағанлықтан тағы жүрди. Аяғының буўынлары сытырлап тағы узақ қарап турды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бираз ўақыттан кейин Мийригүлдиң қапталына келди. Әсте ғана басынан төмен қарап сыйпады. Уясыз қол жағалап барып Мийригүлдиң төсине тийди. Жаңа шығып киятырған тананың шақындай едирейип турған кишкене еки алманың бирин қысыңқырап қойды. „Қаттырақ қысып жиберсем шоршып кетип бақырып жиберер“ деп қолын тартып сүйген сулыўының әсте ғана басын шайқады. Мийригүл „иң-иң“ деп ыңранып, ары қарап аўдарылып жатты. Тағы азырақ турып Мийригүлдиң мурнын қысты. Мурны қысылып тұншыққан Мийригүл Ерполаттың қолынан услап алып:

— Кимсең?!—деди қорыққан түрде.

— Мен,—деди Ерполат күлимсиреп,

— Мениң ким?

— Ерполатпан.

— Тоғайдағы Ерполат қалай келетуғын еди, мени масқаралаўыңды қой,—деди де Мийригүл көрпесин туйықлап ары қарап аўдарылып жатты. Ерполат сулыўының басын шайқап:

— Мийриш-Мийриш, растан, танымай жатырсаң ба, мен растан Ерполатпан, ҳеш болмаса даўысымды танымайсаң ба—деди Ерполат.

— Қатты-қатты күлип, сен не қылар екен деп ойнап жатырман, өзиң түўе басқан изиңдиде таныйман,—деди.

— Әстерек күл, апаңлар ояныл кетер,—деди Ерполат, еле мырсылдап күлипатырған Мийригүлге.

— Қысынбай-ақ қой, бүгин апамлар жоқ,—деп Мийригүл ҳарып келген ярына жай берди.

— Ҳа, онда жақсы болыпты, жолым болған екен. Ыссы ләбиң менен ысытпасаң тоңып келдим,—деди Ерполат.

— Қалай етип ысынаман десең де ықтыярың бар,—деп Мийригүл және күлди. Ярының уўыздай жумсақ, ақ тамағын ийискеп жатып Ерполат:

— Уялатуғын адам болмағаннан кейин, әлбетте ықтыяр өзимде болады,—деп қозғала түсти.

...Ерполат неге келгенин, өристе көргенин қысқаша айтып берди.

—... Сөйтип Ержан сыйпаң менен шекисип келдим,—деп питкерди Ерполат сөзиниң изин.

— Жаман жерден жамбас салған екенсең, ақыры-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ның қандай болатуғынын қайдан билейин—деп Мийригүл суўық демин алды.

— Ақыры не болар дейсең, жаманлығы қойын баққан ҳақымды бермес.

— Бурынғы сыйпаң болса, оның менен коймас. Ол жаманлықтың жолын табар.

— Ержаннан қорқып өле алмаспан, енди Ержанның атын айтпай алдағы өмиримиз туўралы сөйлесейик, —деп Ерполат сөзди басқа жаққа бурып жиберди.

Кележақ өмири жөнинде екеўи көп ўақытқа шекем сөйлесип жатты... Сөзлериниң арасында Ерполаттың „қашқанда қайда барамыз"—деген сөзлери қатты-қатты еситилетуғын еди.

Таң атты, енди жатқаның уят, дегендей болып, шақыраўық ғарры қоразлар тумлы-тустан шақырып таңның атқанын билдирди.

— Енди жатыўға болмайды. Таң атты. Қораз шақырды. Мен кетейин—деп Ерполат Мийригүлди қысып аўзына тақады, Мийригүл тилин шығарды, Ерполат оны емизиктей сорып емди, Ерполаттың тилин Мийригүл сорды. Сөйтип, бираз ўақыт екеўден екеўи ўақыт өткерди.

Ыссы төсектен Ерполат майданға шыға келгенде, топарласқан қара үйлердиң ҳәркайсысының қапталынан бир екиден шақырыпатырған қоразлардың даўысын еситти. Аўылдың ортасындағы бир сүриў қора мал айландыра қазған қарымнан шыға алмай, гей биреўлери шығар аўыздағы керме ағашқа сүйкенип жүргени көринди. Таң атып қалған. Енди бир кесе чай ишимдей ўақытта шақырған қоразлар менен жарысып молла ақырған ҳәңги ешектей болып азан айтады, аўылдың адамлары турады. Соннан бурын кетиў керек.

„Журттың көзине көринбей Қарғабай аўылындағы Қалмурат достымдикине барайын"—деп Ерполат тез-тез жүрип кетти. „Ҳешким көрмегей" деп үйдиң тесигинен Мийригүл кетип баратырған Ерполаттың изинен қарап қала берди.



www.ziyouz.com kutubxonasi



## АҚСУЛЫЎДЫҢ АШЫЎЫ

Бир топар қара үйлердиң ортасына қатара тигилген ақ отаў көзге айрықша түседи. Оның аққуўдың пәриндей, аппақ кийизлери таўдың баўырына көгерген қызыл-жасыл өсимликтей дөнген түрли жасыл реңли баў-шуўлары отаўдың өзине жарасып турған сыяқлы. Еки отаўдың оң жақтағысының ишине кирсең қатара турған гилемлерден кереге көринбейди, сол отаўдың төринде көрпени қалыңнан төсеп, қолтығының астына қос көпшик қойып көлбеп Ержан сыйпаң жатыр. Оның көзи көбинше есик жаққа түседи, көз-қарасынан биреўди күтип жатқаны билинеди.

Ал, екинши отаўда бир неше ҳаяллар олардың биреўи гүби писип, биреўи қурт қайнатып, биреўи қазан толы майлы айранды атлапатыр. Қазан-табақ жақта қузғын ғарғадай жутынып „алай қыл, былай қыл,“—деп ис қылған ҳаялларға буйрық берип, сыйпаңның бәйбишеси Ақсулыў отыр. Ис қылып жүрген ҳаяллар оған көзиниң асты менен анда-санда бир қарап қойып, ислеген ислерин тезирек ислейди. Бул көринисти көрген кисилер айтпай ақ ана ҳаяллар байдың шопанларының, падашыларының, жарлы қоңсыларының ҳаяллары екенин билетуғын еди.

Үйдиң оң жақ босағасында қалғыған баладай мүлгип, қуңысып бир кемпир отыр. Көп үндемейди, анда-санда:

— Келинжан, ҳеш болмаса бир жутым айран менен шаппаттай нан берсең болмай ма?—дейди. Ал, „келини“ Ақсулыў сурланып, көзин алартып:

— Жүрегиң үзилип баратырса да тура тур! Тамақ



www.ziyouz.com kutubxonasi

тилегенше, қудайдан ийман тилесең болмай ма, тамақпамақ дей бересең, әкең аштан өлди ме?—деп мүлгиген кемпирди қайырып таслайды.

Кемпир оған қайтарып ҳешнәрсе айтпай, тисиниң суўын жутып, тамсаның, басын төмен салып, оң қолы менен өз маңлайынан сүйеп отыр. Еки дизеси қулағына жетип, ол бурынғысынан да гөре муңайады. Кемпир менен Ақсулыў сөйлескенде хызмет қылған ҳаяллар аяньшлы түр менен бирине-бири қарап, басларын ийзеседи де, Ақсулыў көрип қалар дегендей болып, ҳәрким өз иси менен болады.

Бул кемпир ким? Бул кемпир—Ержан сыйпаңның бузаў бақтырған баласы Жолдастың кемпири Мүнайым Ол сорлы жасына жетпей қартайды. Мине, быйыл 53 жасында. Өзиндей 53 жастағы ҳаяллар бундай мүлгип отырған жоқ, бас пайдасын қылып жүр. Мүнайымның буныңдай болып қалыўының да себеби бар. Жолдастан еки жас үлкен баласы тырыспайдан өлди. Өмирлик жолдасы Таўбай усы Ержан сыйпаңның малын бағатуғын падашысы еди. Бир жыл дәрьядан сең жүрип турған ўақытта дәрья жағасында мал бағып жүргенде бир сыйыр жағадағы жарға шығып жайыламан деп турғанда астындағы жар қулап кетип, сыйыр суўға кетти. „Сыйырды суўға жиберсем баярым урысады"—деп сорлы падашы Таўбай секирип сыйырдың соңынан сең жүрип турған дәрьяға түсти, кийими менен жүзе алмады, сорлыны сең басты да солкәрада зымғайып болды. Сыйыр ығыңқырап барып бир жерден шығып аман қалды. Буны падашылыққа үйретип жүрген баласы Жолдас көрип аўылға жылап келгенде, Ержан сыйпаң сүйегинде излетип таптырып алмады. Сорлы кемпир Мүнайымның қайғысына қайғы жамалды, бир қызы, бир улы менен шуўлап қалды. Палапаның ерткен ғаздай еки баласын еки қолынан жетелеп тамақ изледи. Көз жасы жолдасы болды. Көзиниң кесели (трахомасы) бар еди, жылап заргирян болып жүргенде еки көзден бирден айрылды.

Буған Ержан сыйпаңның „мийрими келди". Көптен берли мийнети сиңип жүрген адамларым еди, деп жетимлерди өз қолына алды. Жолдасқа бузаў бақтырды, мийнет ҳақысы ушын кемпирдиң өзине қызына, Жолдасқа тамақ, гөне-көкси кийимлерин беретуғын болды. Кемпир буны жақсы көрмеген менен басқа



www.ziyouz.com kutubxonasi

қарасатуғын қаўендери болмағанлықтан Ержанның ай-қанына көнди.

Кемпирдиң қызы Уғылды былтыр онбес жасында Ержан сыйпаң биреўге бес бузаўлы сыйыр менен би-журмелге берди. Баласы Жолдасқа бузаўларын бақ-тырды. Бийшара кемпир ораза адамдай о күн менен бу күнге бир нәр татып өлмей отыр. Шықпаған тек-шыбын жаны бар.

Кеше жатарда шаппаттай нан жеп жатып еди, мине күн сәске түс болды, еле оразасын ашқан жоқ. Ақ-сулыў гүби-гүби айран пистирип отырса да, сорлы Мунайымға бир жутым берсе, айраны қурып қалату-ғындай көреди.

Биринши отаўда жамбаслап жатқан Ержан сыйпаң басын көтерип:

— Ҳаял,-ҳаял, жаңағылар көринбей ме?—деди. Ақ-сулыўдың кемпирге урысқан сөзин бөлип.

— Келердағы, неге қыстана бересең,—деди Ақсу-лыў үйде отырып.

Соның арасында майданда ийт үрди. Биреўдиң кия-тырғанын билди де Ержан сыйпаң ҳаялына ҳешнәрсе қайтарып айтқан жоқ. Үрген ийттиң даўысы кем-кем-нен үйге жақынлай берди. Еки көзи есикте болып жатқан Ержан сыйпаң „шақыртқан адамларым киятыр-ған екен" деп жатқан орнынан турып, шаңсыз кийим-лерин, төсегин сыйпап, қадимги әдетин иследи...

Соның арасында басларына нәҳән қурашты баса кий-ген, пахталы дөнбе шапанды қабатлап кийип, бел-лерине көк ала шыттан белбеў буўынған еки адам есикти сүзе кирип:

— Ассалаўмалейкум.—деп екеўи Ержан сыйпаңға қолларын созды.

— Ўалейкумсалам,—деп келген қонақларына көри-сип „иззети абырай, абырайдан айырмағай бир қудай"— деп көк буўрыл болған узын теке сақалын сыйпады. Ержан сыйпаң күле шырай берип қонақлары менен аманласып болғаннан кейин:

— Жасларың киши болған менен заманымыз қатар заманлассыз. Сизлерден жасыратуғын сыр жоқ, қош-шыларым,—деп сыпаң оң дизесин баса отырған, сақалы кекиредей, адырақ көз қара домбайдан келген Қазақ-байға қарады.

— Сизден бизиң де дәмемиз сондай, Ержан аға,



www.ziyouz.com kutubxonasi

не ислесе де бизлер менен ойласар, сөйлесер деп ойлаймыз,—деди Қазақбай.

— Аўа, аўа тәмемиз сондай, - деп Қазақбайдың сөзин мақуллады, ат жақлы селдир сары сақаллы Таўмырат. Ержан сыйпаң астына төселген көрпени сыйпалап, әсте мыйығын тартып:

„— Ғаррылықтың алды, жигитликтиң соңы"—деп биреўге үйленип, төсек жаңарткым келип жүр. Бул дүнья еки айланып келмес. Дүньядан не көремиз,—деди көкирегин көтериңкиреп.

— Ол айтқаныңыз дурыс. Жақсы ат, алғыр қус, сулыў қатын ер жигиттиң сәни!—деди Қазақбай.

— Жеңгең жасында жатқанда жанымды алатуғын еди, ҳәзир азар-безер болады. Жас қыз алмасам болмайтуғын болды,—деп сыйпаң қарқылдап күлди. Қапталындағы еки қонағы оның сөзин қуўатлады. Үйде бираз ўақыт қарқылдасқан күлки даўам етти. Күлкиниң соңына таман бир дастурхан менен Ақсулыў келип кирди. Қонақлар суў сепкендей күлкисин қойып, Ақсулыў менен аманласты. Олардың аманласқан сөзин бөлип:

— Ҳаял, сен болсаң картайдың, заманында Ақсулыў атанған арыў болғаның менен бул күнде қызығың өтти,—деди сыйпаң Ақсулыўға ашыўланған түр менен.

— Не өзиңниң айтып отырғаның, қартайғанымды сеннен жасырып отырман ба?

— Қартайғаныңды мойнына алсаң болғаны. Сениң үстиңе қыз алғым келип отыр,—деди Ержан сыйпаң мәсисин сыйпап-сыйпап қойып.

— Алсаң саған алма, — деп отырман ба, меннен жаман кемпир тиймесе сениң мына түриңди көрип турғанда ким тийетуғын еди. Басқа жақтан кемпир излеп не қыласаң, үйдеги ана соқыр кемпирди ала-ғой,—деп Ақсулыў үйиндеги Жолдастың кемпирин айтты.

— Кимди алыўды өзим билемен, урыс шығармасаң болғаны,

— Урыс шығарып ҳәлегим. Бир қатын емес, он қатын алсаң да кеўлим баяғыдай,—деди сурланыңқырап Ақсулыў.

— Бизиң қатын қандай ақыллы!—деп Ақсулыўды марапатлаған болып, Ержан қарқ-қарқ күлди. Биресе Ержанға, биресе Ақсулыўға қарап отырған қонақлардың бири:



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Жеңгей де пайдасын биледи, жас қыз алсаңыз ол жеңгейдиң хызметкери болады,—деди Таўмыра.

— То...ға үйренген кө...м—дегендей, үйренген хызметим өзимде ислеймен. Мен буның алған сүйгилигиниң шорысы боламан,—деди Ақсулыў ашыўланған түр менен.

— Жеңге сен ашыўлан ба—дей бергенде Қазақбай.

— Мен ашыўланып не қылайын—деп Ақсулыў сурлана түсти.

— Дәрья тасса да, бизиң катынның тобығынан келмейди, бизиң қатын сондай кең қатын,—деп сыйпаң катты-қатты күлди. Еки қонағы тағы оның күлкисин көтермелеп қарқ-қарқ күлди. Ақсулыў гүбирлеп ишинен бир нәрселерди айтып шығып кетип, ана отаўдан чай әкелип, қонақлардың алдына қойды:

Узақ күлкиден соң Ержан сыйпаң:

— Мен Нурлыбайдың қызы Мийригүлди алайын деп жүрмен,—деп бир көтерилип қойды.

— Саған сол қыз тийетуғын ба еди, оның тийетуғын адамы басқа,—деди Ақсулыў.

— Ким оны алайын деп жүрген—деп ҳешнәрсе билмейтуғын кисидей болып, Ержан Ақсулыўға алара қарады. Ҳақыйқатында Мийригүлдиң Ерполат пенен жақынлығының барлығын „бирине-бири тийеди, алады" деген сөзди сырттан еситетуғын еди. Оның менен иси де жоқ еди. Ерполаттан таяқ жегеннен кейин сыйпаң ол ойды өзгертти. Кеше Ерполаттың тал түсте аттан аўдарып алып сабағаны жанына батты. Бирақ „шопанымнан таяқ жедим" деп ҳәкимлердиң алдына барыўға, таяқ жегенин журтқа еситтириўге уялды, арланды. Журтқа билдирмей Ерполаттан өшин алмақшы болды. Бирақ Ерполаттың көринип турған ҳешнәрсеси жоқ. Сонлықтан оның алайын деп жүрген қызын алып Ерполатқа ядынан шықпастай пәнт бермекши. Сондай болғанлықтан Ерполаттың Мийригүлди алайын деп жүргенин билсе де билмейтуғын киси дей болып" ким оны алайын деп жүрген"—деп сорады.

Байының жасырын сырынан хабарсыз Ақсулыў:

— Оны алайын деп жүрген шопаның Ерполат,—деди бирден.

— Қолында ҳадалға таўығы жоқ адамға қыз беретуғын ба еди, ата-анасы асырап адам қылған қызын бир жалаңаяққа пәтияға беретуғын ба еди, қудайдың



www.ziyouz.com kutubxonasi

дәўлетиниң арқасында, малдың күши менен Нурлыбайдың қызын мине, биз аламыз,—деп Ержан сыйпаң өзиниң төсине түртип көрсетти.

— „Ким бай болайын демейди, қудайы қалемейди, ким бий болайын демейди, халқы қалемейди"—деген, кимниң жақсы қатың алғысы келмейди, журттың бәриниң де жақсы қатын алғысы келеди. Бирақ" палаўды май келтиреди"—дегендей, жақсы қатынды мал келтиреди,—деп Таўмырат үй ийесиниң сөзин мақуллады.

— Енди қартайғанда жас қыз алып, журтқа күлки болайын деп жүрсең бе, пәленкестиң сүйгилигиниң пәленкес пенен төледе жатқанын көрдим, қораның шетинде сөйлесип турғанын көрдим, жүўериниң арасында пәленкес пенен жатып турып баратырғанын пәленкес көрипти—деген журттың насақ сөзине қалайын деп жүрмисең, жас қыз аламан дегениңди қой,—деп Ақсулыў өзиниң қарсылық ойын астарлы сөз бенен айтты.

— Ойнас қылмайтуғын қатын болатуғын ба еди, қатынның пири Бийбипатпаның өзи де ойнас қылған,—деди Ержан.

— Қатын тухымында инсап болмайды, ойнас қылмаса олардың өлгени. Бирақ ойнастан қорқып қатын алмай жүрген еркек киндик көргеним жоқ, —деп Қазақбай Ержанның сөзин мақуллап, мырс-мырс етип муртынан күлди.

— Өзиңде жасыңда талай жигитти жөнелткен шығарсаң, ойнас қылады екен деп қатын алмаўға болмайды, аламан дедим, аламан,—деп сөзиниң изин нығайта түсти сыйпаң.

— Оған мең өлгенше қарсы боламан. Бир замандағы аққуўдай Ақсулыў үстине қатын алғызыпты, деген сөзди мен еситпеймен. Жас қыз алатуғын болсаң қолыма талақ қатымды бер,—деп қатты-қатты сөйледи Ақсулыў.

— Бәйбише жаман қызып кеттиң, қызба, бир жигиттиң бир неше қатын алыўы қудай буйрығы. Муҳаммед пайғамбарымыздың өзи 9 қатын алған,—деп Қазақбай Ақсулыўға ақыл айтып тәселле берди.

— Қатыныңның үстине он қатын алсаң да ықтыярың өзиңде, буған айтқан ақылыңды өзиң исле. Ақылың керек емес. Кисиниң ақылсызы ақ шашымызды



www.ziyouz.com kutubxonasi

ағартты,—деп Аҡсулыў аҡыл айтҡан Қазаҡбайға да тил тийгизди.

— Атаңа нәлет көргенсиз, ийттиң баласы, ҡаранды батыр, ҡузғын ғарғадай ҡаҡсамай,—деп Ержан сыйпаң мая түйедей баҡырды.

— Қойыңыз Ержан аға, ҳаял менен ҳаял болманыз,—деп Таўмырат араға түсти.

— Қой деме ҡайним, өлтирип-аҡ тасласын, үстиме ҡатын алдырғаннан өлгеним жаҡсы,—деп Аҡсулыў ашыўға мине түсти.

— Атаңа нәлет ҡоймайсан ба!—деп Ержан сыйпаң урыўға бирнәрсе излеп дөгерегин ҡаранды, бираҡ ҡолына ҳеш нәрсе түспеди. Оның үстине Қазаҡбай да" ҡой-ҡойлап" жибермеди.

— Қоймағаным, ҡолыңнан бир келсе, еки ҡыл,—деп Аҡсулыў жайғасып, жигерленип отырды.

— Ийттиң баласының тилиниң ашшысын! — деп сыйпаң тура умтылып, Аҡсулыўдың оң ийнинен бир тепти. Екинши теппекши болып аяғын көтере бергенде Қазаҡбай сыртынан ҡапсыра ҡушаҡлап жибермеди. Таўмырат Аҡсулыўды ийтермелеп үйден шығарып жиберди.

— Көргенсиздиң сөзине ҡара „жаман кисиниң тили ашшы" ашшы тилди кесиў керек,—деп исинген жүрегин ҳаплығып баса алмай Ержан орнына отырды.

— Ержан аға, бәримиздиң де ҡатынымыз усындай. Қатынларға үстиңе ҡатын алады десе, байың биреў менен жүреди,—десе өлип ҡалғаны. Қолынан келген шарбаяшылығын ислейди.

Бираҡ ҡатын менен ҡатын болыўға болмайды,—деди Қазаҡбай.

— Мен ҡатыннан ҡорҡып, Мийригүлди алмай ҡоймайман, алмасам Ержан атым ҡурысын,—деп Ержан басындағы ҡурашын жерге тартып урып, ҡасындағыларға гезек-гезек ҡарады.

— Аламан дегениңиз бөтен емес, бизиң айтатуғын аҡылымыз усы,—деп Таўмырат Ержанға бир ҡарап,— солай емес пе Қазаҡбай аға — деп тағы Қазаҡбайға ҡарады.

— Ҳәзир жаўшы болып бар десеңизде ҡайтпаймыз, сизиң сөзиңиз сынғанша, шайтанның мойны үзилсин,— деп Қазаҡбай Ержанның хызметине таяр екенлигин билдирди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Мениң де сизлерден кеўлим сол. Қалайда Нурлыбайдың қызын алып бериң. Екеўиң күни бүгин жаўшы болып барың.—деди Ержан чайнек кесе менен дастурханды жыйнапатырып.

— Мине дуз дәмиңиздиң үстинде отырмыз, ол қызды алып бериў бир кесе чай ишкеннен де аңсат,— деди Таўмырат.

— Пәтия усы болсын,—деп үшеўи бир жерге байлап, чайдың пәтиясын етип, қызды алыўдын әнжамын жеў ушын орынларынан турып, майданға шығып кетти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## МУҢЛЫ МИЙРИГҮЛ



Отыз тистен шыққан сөз—отыз урыўлы елге тарайды" деген емес пе. Ержан сыйпаңның Мийригүлди алыў жөниндеги сөзлери бир сааттың ишинде самалдай ҳәммелерге жайылып кетти. Бул суўық сөзди Мийригүл де, Ерполат та еситкен. Өзиниң қызыл гүлдей жас өмирин қыйып ғаррыға қатын үстине барыўды Мийригүл өзине хорлық деп биледи. Сүйген сулыўынан көз-көреки айрылып қалыўды Ерполат жигитликке ылайық емес деп есаплайды.

— Ержан сыйпаңның меннен адамгершилиги артық па, ақылы артық па, ҳөнери артық па, неси артық? Тек малы ғана артық, жасы 60 тан асқан, жасы артық, басқа ҳешнәрсеси артық емес ғой, сонда неге мениң сүйгениме зорлық етежақ. Бул қандай мийримсизлик, қандай әдилсизлик!...Жоқ, мен буған көнбеймен, өлсем өлип кетемен, өлмесем уўыздай Мийригүлди Ержан сыйпаңға хор қылмайман. Оны жылатпайман,—деп Ерполат ойланады, күйинеди, өз-өзинен байға гижинеди. Ерполат буныңдай күйинсе, Мийригүл оннан бетер күйинеди.

— Қудайым неге қызды еркектен кем етип жасады екен. Ким мал берсе, жылап-еңиреп соған кетебереди. Өзиңнен кем адамлар да саған хожайын болады. Жаның сүйип, жақсы көрген адамыңа бара алмайсаң. Өмириң жылаў менен өтеди. Қудирети күшли қудайым, қызларды усындай жылатыў ушын жараттың ба ямаса сорлы қызлардың да көз жасын көретуғын күниң болама?—деп өзлериниң хорланғанлығын қудайдан көреди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қанша ойланған менен алдағы өмиринин кандай болатуғынына ақылы жетпейди...

Бир күни қайғынын қайығына минип, ой теңизиниң бетинде батып-шүмип ойланып отырды.

— Егер, кудай Ерполатқа дуз-дәмимди қоспай, Ержан сыйпаң алатуғын болса, ҳалым не болар—деп алдағы өмирин көз алдына елеслетпекши болды. Бирақ көз алды гүңгирт, болажак өмиринин қандайлығын болжамайды. Тағы ойланды. Бирақ белгили бир жуўмаққа келеалмай лал болып отырғанында жақын жеңгеси Аймереке келди.,

Аймереке орта жасқа келип қалған. Сол өмириниң ишинде өлип көрген жоқ, оннан басқаның бәрин де көрген. „Көре-көре көсем болар, сөйлей-сөйлей шешен болар“ дегендей, турмыстың ашшы, душшысын татып, Аймереке тез ойлап, ақыл тапқыш, сөзге шешен, жүдә шаққан бир ҳаял болды.

Келип Мийригүлдиң түрин көргеннен-ақ, оның қайғыланып отырғанын сезди. Мийригүлди сөйлетип, себебин билиў ушын:

— Не қылып отырсаң, бир жериң аўырып отырған жоқ па? Реңкин солғын ғой,—деди Мийригүлдиң бетинен көзин айырмай қарап турып.

— Сүйгенимнен айрылып, қанатымнан қайрылып, Ержан сыйпан алайын деп жүргенин еситкениң жоқ па? Кеше жаўшылар келген екен, атам пақыр мениң кеўлим ушын ба-я кудай көкирегине рәҳим салды ма, қулласы жақсы жуўап бермепти,—деди Мийригүл муңайып.

— Әкең бир күн сениң сөзиңди сөйлер, еки күн сөйлер, үшинши күни Ержанның зорына ушырағанынан кейин, жылағаныңа қарамай, найлаж пәтия қылып, нан сындырысар. Нан сындырысқаннан кейин кудайдың урғаны, соннан бурын алдын ал,—деди Аймереке.

— Мен алдын алғанда не қыламан, ақылың болса айтөс,—деп муңлы Мийригүл Аймерекеге жақынлап отырды.

— Өзиңниң хабарың барды,—деди Аймереке, жас күнимде мени биреўге берип қойған екен. Бирақ, мен онсегизге шығып енди соған баратуғын болып жүргенде, ол жигит өлди. Сонлықтан атасы „келинимди жатқа жибермеймен„,—деп мени екинши баласына алатуғын болды. Ол баласының дени дурыслы емес, жар-



www.ziyouz.com kutubxonasi

масын жылап ишип жүрген, аўзынан емшек сүти, арқасынан бесиктиң белгиси кетпеген бала екен. Бала күйеў, бир күни күйеўлеп келди. Көрген адамлар „жас бала екен", „бул қатынның мәнисин не биледи" деп сырттан наразы болып жүрди. Күйеўлер келип отырғанда, күйеўден чай ишемиз деп барған ҳаял-қызлардың көзинше, қараптан-қарап отырып:

„Жума күни ийттиң жүни ак болар,

Майға былғанған сөктиң дәми жоқ болар"—

депти, көргенсиз күйеўдиң сол сөзине журт дуў күлген. Журт күлип атырғанда күйеў тағы қарап отырмай

„Күлсе жуўаптың қонғаны,

Күлмесе кудайдың урғаны"—деп тағы сандырақлаған. Журт және күлген. Қапталына ерип барған жигит

— Бул еле бала, ҳешнәрсе көрмеген, елестирмеңиз, чай ишип отырыңыз—деп адамлардың кеўлин баска жаққа аўдарыў ушын қоржыннан бес-алты набат куты алып, чайды да көбирек шығарған екен. Көргенсиз күйеў қоржынының аўзына асылып.

— Мени бала деп алдап, набатларды. чайларды жөнсиз жоқ қылайын деп атырғанына қара, мен бала болсам да, бәлемен, пайдамды билемен. Апам қоржынның аўзына қарап отыр деди,—деп көптиң көзинше өз абырайын өзи айрандай төккен.

— Күйеўиң олай екен, күйеўиң былай екен деп ҳәрким-ҳәрким айтып қулағымның тынышын бермеди. Бәриниң айтатуғыны сол ширкинниң жаманлығы „күйеўиң жаман" деген сөзге арым келеди, хорланаман, бирақ қолдан келетуғын ҳешнәрсе жоқ, бәри бир қалай қылса да байдың баласы коймайды, алады. Тек еки көзиме ҳалым жетеди. Жатаманда жылайман.

Бир күни сондай жылап жатып едим, жемхор жеңгелер келди, келиўден:

— Тур бийкеш, кол услатар қадемизди аламыз,— деди.

— Бармайман, өлсемде сол ширкинниң жүзин көрмеймен,—деп қарсылық билдирип жатып едим, қаде қумар көп қатын қойсын ба, қоймай алып барды.

Еки қатын еки қолымнан услап, сүйрегендей алып қараңғы төлеге кире берип едик:

— Қолында шөбиң жоқ па, аўзыма шөп өлшепалайын деп киятырғаның жоқ па, әдеп қолыңды көрсет,—деп бақырды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Шөп деген не, мына, келиншегиңди алып киятырмыз,—деп катынлар гүкиртти шағып жиберди.

— Қолымда шөбим бар,—деп, бир колыма шөп қысып турғандай қылдым.

— Жаныма жақынлама, онда,—деп бир қолы менен аўзын басты. Екинши қолын қатынлар қолыма тийгизди.

— Мине, кол усладыңыз, енди кадемизди аламыз,—деп қатынлар шығып кетти, кейин билдим-аў, „аңлап сөйле, аўзыңа шөп өлшеп алмасын" деп жиберген екен аўылындағылар, көп сөйлеме, аз сөйле, орынсыз сөйлеме" деген сөзди түсинбей айтып жүргени екен.

Қатынлар кеткеннен соң күйеў:

Аржақта бир ҳәкке,
Бер жақта бир ҳәкке,
Сен ешки болсаң, биз теке

Бәкке-бәкке, басқа сөзди билмеймен"—деп асыла кетти. Буныда биреў үйретип жибергенин билдим де.

— Сен туратур, мен төсек әкелейин,—деп шығып кеттим. Жаңағы неме солкәрада уйықлап қалыпты. Азанда жолдаслары зордан таўып алды.

Соннан кейин ақ сол бала күйеў менен кете бердим. „Тоқпағы күшли болса, кийиз қазық жерге киреди"—деген солдағы, малдың зоры менен он еки жасар балаға қатын болдым.

Барғаннан кейин көрген азабымды айтып ада қылалмайман. „Мениң балам жас деп менсинбей, басқа жигитлер менен жүреди,—деп қайин енемиз соңымнан қалмады. Отырғаным опақ, турғаным сопақ болды. Отырсам басқа, турсам аяққа урды. Сол жүргенде ҳәр нәрсени ойлайман, қыз күним қайтып келсе, басқа бир жигитпенен ақ қашып кетер едим. Баяғыда неге биреў менен қашып, қарамды батырмадым деп, қашпағаныма пушайман жедим. Сөйтип жүргенде арадан алты ай өтти. Бала күйеў қызылшадан өлди, алатуғын қайнаға, мырзаға, болмады. Сонлықтан басыма ықтыяр тийип, ҳәзирги ағаңа қосылдым. Сүймеген адамнан сөйтип кутылып едим. Сондай-ақ алатуғын ғарры күйеў өле қойса жақсы, өлмесе жас өмириң хор болады. Сонлықтан қалайда бармай кутылыўдың жолын тап. Бармай кутылыўдың жалғыз жолы бар, ол жол—Ержан нан



www.ziyouz.com kutubxonasi

сындырыспастан бурын сүйген жигитиң менен қашыў— деди Аймереке.

— Усы сөзди рас айтып отырсаң ба жеңге, ямаса мени сынайын деп отырсаң ба - деди Мийригүл Аймерекениң сөзиңе инанар инанбас болып.

— Рас айтпай сени алдайын деп отыр дейсең бе,— ҳақыйқат расымды айтып отырман, сени аяйман. Жаңа үйге кирип келип сениң муңайып отырғаныңды көргенде көзимнен жас шығып кетти. Өзимниң жас ўақтымда көргенлерим ядыма түсти,—деди Аймереке сөзиниң соңын нықлаңқырап.

— Қалай қашаман, қашқанда қайда бараман—деди Мийригүл ҳәм Аймерекениң аўзынан жақсы жуўап шығыўын күтти.

— Не қашқаны бар, сүйген жигитиң менен қашасаң, басқа бир қалаға я рус қоластына өтип кетесиз. Бир жигит бир қызды аштан өлтирмес, тезирек халық қатарына қосылып кетерсиз,—деп Аймереке аўзын баққан Мийригүлге қарады. Бирақ Мийригүл ҳешнәрсе демей тынған қара көзин бир аўдармай алдына қарап тым-тырыс отырып қалды.

Аймереке".

— „Отқа келген қатынның отыз аўыз сөзи бар"— деген усы-аў, отқа келип едим, көп отырып қалдым,— деп көмиўли жатқан тезекти алыстырып алып шығып кетти. Мийригүл басын көтерип, ишиндеги жанған жалынның ҳәўирин сыртқа шығармақшы болып „Муңлы қыз" намасы менен қосық айтты.

Жүўери ектим кендир менен аралас,
Бир яр туттым, орта бойлы, қара қас,
Журт айтады „сениң ярың қара" деп,
Қара ҳәм болса ҳинжи маржан аралас.

Шатыраш көйлек кийдим баўын байламай,
Кеўил бердим ярға соңын ойламай,
Ержан алса әрман менен өлермен,
Теңим менен жүрип, күлип ойнамай.

деп, зарлап косық айтып отырғанда, бир табақ унды қолтығына қысып, үстине шапанының етегин жаўып апасы келди. Қызыл гүлдей жүзи солып, жылап отырған қызын көрген меҳрибан ана:



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Неге жылайсаң қарағым,—деп қапталына отырып, перзентинин маңлайын сыйпады. Көз жасын сүртип, мауқын баса алмай, солқылдап отырған Мийригүл меҳрибан анаға қарап:

— Ержан сыйпаңның залымлығынан хабарың болып турып „неге жылайсаң" дейтуғының нең Апажан, мен жыламай ким жылайды—деп тағы жылады. Қызының көз жасын көргеннен соң, сорлы ана шыдамай, көзден аққан жасы менен бетин жуўды.

Екеўи бир-бирине сөйлемей бираз жылап отырғаннан кейин:

— Апажан, әлпешлеп адам қылған перзентиң едим, өмирим жылаў менен өтетуғын болды ғой. Қалай қылғанда бул бәледен қутыламан, аналық ақылыңды айт, —деди Мийригүл.

— Қарағым; сениң жылағаның, мениң жылағаным. Қайтейин, мениң қолымда небар. Жылама, қолымнан келген көмегимди көрсетейин, жас өмириңди хор қылмай сүйгениңе қосыл,—деди ғамхор ана.

— Соны айтқан аўзыңнан айналайын апажан, Ерполат пенен кетейин, өлсем, тирилсемде соның менен бирге болайын, маған ақ пәтияңды бер,—деп муңлы қыз анасының омыраўын ийискеп тағы жылады.

— Жолың болсын, алдыңды алла ашсын балам, Ерполат пенен кеткениңе мен қарсылық билдирмеймен, —деп ана ырзашылық билдирди. Ананың сөзине ырза болып Мийригүл басын көтерди. Көзинде, бет-әлпетинде қуўаныштың нуры жайнады.



www.ziyouz.com kutubxonasi




## „ШЕШЕҢНИҢ МАЙ ДЕГЕН ТОРАҚ ШЫҚТЫ

жыл. Декабрьдиң соңғы күнле-
ринин бири. Қылышын сүйреген қыс айы болғаны ме-
нен күн өлемата суўық емес. Себеби жылдағыға қара-
ғанда быйыл қыс қатты емес. Бүгинде адам тоңғанда
суўық жоқ, бирақ қабағын үйген адамдай тунжыр-
ған қара булт аспанды ораған. Ҳаўаның рәмәўизи ер-
тең бир күн жаўынның хабаршысы тақылетли.

Аўылдың алды жаңа ғана жата баслады. Жатқан
үйлер жатып қалды да, жатпаған үйлердиң—қара үй-
диң тесигинен, кишкене терезелеринен жылтыраған
тас шыраның ба, оттың ба, жылтылдаған жақтысы
көринеди. Гейпара үйлер жатпаған менен жақтысы
сыртындағы адамға көринбейди, себеби жыртық қара
үйлерге, шала сыбалған қақыраларға пана болсын де-
йландыра нәҳән най қамыстан қыспақлап қора қыл-
ған. Ол қорадан кишкене тас шыраның жақтысы түўе
оннан зор жақты да қапелимде көрике қоймайды.

Аўылдың сыртында кишкене салмадан гөре үлке-
нирек жап бар еди. Сол жаптың ишинде еки қолың
ийегиниң астына қойып, аўылдың шетиндеги Нурлы-
байдың үйинен еки көзин айырмай биреў жатыр. Ол
кимде болса биреўди күтеди, жүреги тайдай туўлап
лупилдеп тез-тез соғады. Өзинен-өзи қыстанады.

— Пай келмеди-аў,—деп тағы мойнын созып қарай-
ды да тағы жайына жатады.

— Бул ким?

— Бул Батырбектиң баласы Ерполат. Оның Мий-
ригүлин Ержан сыйпаң алатуғын болғанлықтан, бул
аўылға Ерполатты жуўытпайтуғын болды. Ерполат
анаў күни зордан Мийригүл менен жолықты. Онда
„қашып басқа қалаға кетиўден басқа жол жоқ, ҳеш-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ким билмесин,—қашып кетейик—" деп ўәделести. Бирақ екеўи қайтып дуўшакерлесе алмады. Қашыў жөнинде Ерполат өзиниң жора жолдаслары менен ойласты. Олар да буны мақул көристи. Әсиресе Нуржан жолға шығарып салатуғын болды. Және бул „досты" арқалы қыз бенен сөйлесип жүрди. Нуржанды кеше көрди, екеўи жақсылап сөйлесип қойды. Нуржан еплеп Мийригүлге айтып, оны бүгин шығаратуғын болды. Ал Ерполат тапса ат таўып, таппаса пияда Мийригүлди алып қашып қарындасы жүрген дайысыникине барып, оннан жәрдем алып Н. қаласына кететуғын болған. Мине Ерполат сол ўәде бойынша келип жатыр еди.

Ерполат сүйгени Мийригүлди күтип көп жатты. Бирақ шыға қоймады. Бираз ўақыттан кейин жорғасына минип кележатқан Ержан сыйпаңды көрди. Үйиниң қасына барып түсти де атты қораға байлап, ишке кирип кетти. Ол қаладан дүкан аштырып, онда товар саттыратуғын еди. Базар күнлери кешке шекем дуканында отырып, үйине түнде келетуғын еди.

Ерполат шыдапжата алмады, әсте ғана Ержан сыйпаңның үйиниң қасына барды. Ат үйди айландыра тутқан қамыс шарбақтың аўзына таман турған екен, атты шешип алып, жетелеп аўылдан сыртқары алып шығып, апарып шоқ торaңғылдың астына байлады. Шоқ тораңғыл жаңағы жатқан жеринен жүз қадемдей сыртырақ еди, атты байлап болып жатқан жайына жата бергенде аўыл жақтан биреўдиң киятырғаны көринди. Киятырған адамды әдеп Мийригүл ме деп қуўанса да кейин еркек адам екенин билди. Киятырған адам үстиме келип қалып тутып алама деп қорқып, қашпақшы болып орнынан көтериле бергенде киятырған адам жақынлап:

— Ерполат!—деди сыбырлап.

— Нуржанбысаң?—деди Ерполатта сыбырлап.

— Аўа, Нуржанман. Келдиң бе?—деди „досты".

— Аўа, келдим, неге кешиктиң?

— Мийригүл үй жатқаннан соң олай-пулайымды алып шығамаи деп соларды, алалмай кешикти, ҳәзир шығады.

— Тезирек шықсын. Көп ўақыт болып кетти. Ай туўмай жүрип кетейик.

— Ҳәзир шығады. Көлигиң бар ма?



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Ат бар, —деп Ерполат күлди.

— Ондай болса атыңа минип усыманға кел, мен Мийригүлди көтерип келейин, —деп Нуржан кейин қайтып кетти. Ерполат жуўырып барып атқа минип алып аўылдың гүбиндеги гөне кериздиң қасындағы еки түп гүжимнин тасасында турды.

Арадан бес-он минут өтпестен-ақ Нуржан „Мийригүл" ди қапсыра қушақлап көтерип, жуўырыў менен алып келди де, үндеместен Ерполаттың алдына берди. Өзи ердиң кейнине, „Мийригүл" ди аттың алдына алып, бөгетин алып жиберген арнаның суўындай ҳарлатып аттың басын ағытып қоя берди. Жәниўар қос қулағын қайшылап, танаўы пырылдап жел менен жарысып жөнелди. Қуўанышы қойнына сыймай „Мийригүл" ди тастай қылып қушақлап алып, тез-тез тепсинип, аттың шапқанына шыдамай асығып киятыр. „Изимизден қуўғыншы келип қалмай турып дайымның үйине жетейин" —деген мақсеттеги Ерполат сүйген сулуўына да үндемей атты қаттырақ айдап киятыр.

Бир ўақытлары дайысының үйине келди. Ол үйде келиншек келеди деп адам жыйналып таярланып отыр еди, аттың дүбири еситилгеннен-ақ барлығы майданға жуўырып шықты...

— Келдик, түсе ғой—деди Ерполат алдындағы келиншекке.

— Кимсең шырағым, мени қаяқларға алып келдиң, —деп жыламсырады Ерполаттың алып қашқан келиншеги. Бирақ қуўанышы қойнына сыймай турған Ерполат ол сөзге дурыс кеўил бөлместен, аттан секирип түсип' келиншекти көтерип алды. Жыйналған қыз-келиншеклер жаңа түскен келиншекти қолтығынан сүйеп үйге ертип жүрмек болды. Ерполат қаратаўды жығып келген адамдай жайраңлап үйге кирип кетти. Қолтығынан сүйегенге келиншек жүрмеди, жүриўдиң орнына:

— Шырақларым, көзим көрмейди, соқыр кемпирге буншелли азап бергениңиз не?—деп жыламсырай берди. Жыйналған қыз-келиншеклер буған ҳайран болды. Сөйтседе қолтығынан көтерип үйге алып келди. Жақтыға әкелип қараса бир соқыр кемпир. „Шешеңниң май дегени торақ шықты" дегендей, Ерполаттың қыз дегени соқыр кемпир болып шықты. Буны көрген Ерполат басқа ҳеш нәрсе айтпай, бас бармағын тислеп



www.ziyouz.com kutubxonasi

қалшыйып қарап отырып қалды. Жыйналғанлар күлеринде, қыйналарында былмей тым-тырыс отырды. Бирақ қорыққан кемпир ҳаплығып көрген-билгенин сөйлеў менен болды:

— *Жолдас деген жалғыз балам бар. Баламның мал* бағып талап еткен жери—Ержан сыйпанның үйинде болатуғын едим. Майданға шығып келип жатайын деп *едим*,—үндеместен биреў көтерип алып қашты да, мени аттың алдына берди. Ол адам да аттың алдына мингизип алып шабыў менен болды. Не бөлеге ушырадым деп қорыққанымнан үндеўге де аўзым бармады. Соннан ҳәзир келип отырғаным, мен не себепли *бунда келтирилдим?*—деди кемпир.

Көптиң ишинен биреў болған ҳәдийсени айтып берди. Ол сөзиниң ақырына келебергенде:

— Бул Нуржанның қылып жүргени, буған кемпир сен гүналы емессен,—деди Ерполат күйген кемпирге.

— *Мендей кемпирди масқара қылып бундай* хорлық көрсеткен ҳарамылар улы-қызының рәҳәтин көрмесин, мендей болсын, алдына келсин,—деп жер төбелеп жылап еди, бийшараның көз жасына етеги толды.

Ерполаттың үйсиз-күйсиз жүрген қарындасы... *бийшара:*

— Бизде үйли болып халық қатарына қосылып, өз *алдымызға от жағатуғын күнимиз болады* екен ғой!—деп қуўанып еди. Бирақ мине соңғы ҳәдийсени көргеннен соң салысы суўға кетип, хорлығы келип көз жасы мөлт-мөлт ақты.

Соның арасында дүбирлескен көп аттың дүсири еситилди. „*Бул не*“—*деп үйден биреў жуўырып* шықты. Қараңғыда үйден шыққан адамның көзи ҳешнәрсе көрмейтуғыны белгили ғой. Мына адамның да көзи ҳешнәрсе көрмей турғанда:

— Ерполат келди ме?—деди биреў ашыўлы сес пенен.

— Аўа, келди!—деди үйден шыққан адам, соның арасында онлаған адам аттан секирип түсип, атларын байлап үйге кирди. Аман-түўел сорасыўдан бурын Ержан сыйпаң:

— Аўылыма тийип, атымды минип қашып, кемпиримди алып қашқан қудай қайда?!—деп үйди басына көтерди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ерполаттың—„үйленген тойына“ келип отырған бир биреў ортадан қаткудалық айтайын деп:

— Ержан аға „Адаспайман деген жигитти қараңғы думан адастырады“—дегендей Ерполат бүгин адасыпты... дей берип еди, қабағын үйип ашыўға минип турған Ержан сыйпаң:

— Атаңа нәлеттиң перзенти, қатқудашылығыңды қатыныңа айт! Маған сениң ақылың керек емес,—деп алып топылды.

— Оны сөкпе, гүналы ол емес, гүнасыз гүналы мен, не қылсаң маған қыл!—деди Ерполат көкирегин керип.

— Ҳа, гүналы сен бе, мине сен болсаң сыйлығың —деп сыйпаң Ерполаттың арқасына берип қалды. Жаңағы қатқудашылық етпекши болған адам орнынан ушып турып:

„—Пута қорғалаған торғайда аман қалады“—деген бизге паналап отырған Ерполатты саған сабата алмаймыз,—деп Ержанның қамшысына асылды. Соның арасында тойға жыйналғанлардан биреў:

— Биз Ерполатты урғызбаймыз да, берип жибермеймиз де Ерполаттан хорлық көрсең, ертең ҳәкимниң алдына шақырт,—деди.

Тойға жыйланғанлар Ержанның адамларына қарағанда көпшилик еди, төбелескен менен ҳешнәрсе шықпайтуғынын билди де Ержан өзиниң адамларына:

— Жүриң, буның изин ертең көремиз—деп шығып кетти.

— Билгениңнен қалма, қолыңнан бир келсе еки қыл,—деп Ерполат изинен қарап қала берди. Ержан сыйпаң Ерполат минип келген атты минип, өзи минип келген атты жетекке алып, жорғаны шайқалтып жүрип кетти.

— Ержан сыйпаң не қылар екен, ҳәкимлерге арза берермекен—деди көптиң ишинен биреў.

— Алар атын алып кетти, ендинеси бар—деди баяғы қатқудашылық етип жүрген адам.

— Кемпири қалдығой.

— Кемпир оныки емес, кемпирди аяйтуғын болса бүйтип масқара қылғызбас еди ҳәм алып кетер еди, таслап кетти. Бул бийшараның жазығы не—дейбергенде қатқудашылық еткен адамға Ерполат:

— Мен Мийригүл менен Нуржан арқалы сөйлесип



www.ziyouz.com kutubxonasi

жүр едим, оны мен енди билдим, Ержаннан да бетер душпаным сол екен, Кемпирди де мени де масқара қылып жүрген сол. Буның изин көрермен!—деди қатты ашыўға минип отырып, Ярым ақшам болды, жатыныз дегендей болып ҳәр-жерден қоразлар шақырысты. Адамлар жатыў ушын үйлерине тарады.

— Шырақларым, кийимим жоқ еди, мени бир жыллы жерге жатқыза гөриң,—деди кемпир жыламсырап.

— Кемпир!— деди Ерполат,—сизди Ержан менен Нуржан сыйламаған менен биз сыйлаймыз. Өз шешемиздей кадирлеймиз, бүгинги ис ушын мен гуналы емеспен. Сөйтсе де қатем болса кешириңиз.

— Ким гүналы екенин билдим. Мени хорлағанлар улы-қызының рәҳәтин көрмесин. Қудай неге мени буншелли қылып жасады. Туўылғаннан бермаған көрген бир рәҳәтим жоқ,—деп кемпир тағы жылады. Шын жыласа соқыр көзден жас шығады деген рас екен, бийшара кемпирдиң көз-жасына қойны толды.

Бираз сөйлесип отырып, жатыўға бейимленгенде қоразлар таң алдындағы қыйқыўын салып, тумлы-тустан шуўлады.

— Сәҳәр болды, қораз шақырды,—деп үйдегилер жатыўға киристи.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ТЮРЬМАДАҒЫ ДОСЛАР



Қол аяғын шынжыр менен шырмап, өлгейлиден урып-урып камердиң есигин ашып ийтерип жибергенде Ерполат жығыла жазлап барып зордан бойын тикледи. Өмиринде тюрьманың камерин биринши сапар көриўи еди, тастай қараңғы изей жай, ишинен бир түрли сасық ийис шығады. Таяқ жеп, аўыр жаралы болған Ерполат түўе саў адамларды талмаўсытатуғын түри бар. Қап-қараңғы жайға айлана қарады, бирақ ҳеш нәрсе көринбеди. Жайдың сасық ийисинен, қараңғылығынан мий айланайын деди. Көзиниң алды тынып кетти. Көзиниң алды тынып, мийи айланыўы дегенди қайдан билсин, қараңғы сасық жайда жин-шайтан болмаса болар еди, неге бундай мийим айланды, —деп баяғы жеринен қозғала алмай турғанында, биреўдиң сөйлеген сести еситилди.

Бирақ Ерполат оны адам деп ойламады. Өзи жиншайтан туўралы ойлап турғанда биреў сөйлегеннен соң буны да шайтан шығар деп қайда қашыўды, не қылыўды билмеди. Өзиниң билгенинше ишинен калийма қайтарды. Соның арасында ана адам тағы сөйледи. Енди шыққан сестиң шайтанның сести емес, адамның сести екенин билди. Бирақ қорқыныш баяғысынан да күшейди. Патшалықтың солдатларынан көзи қорқып қалған „сорлы“, бул „тюрма емес“, адам өлетуғын жай екен, мынаў мени өлтиретуғын адам екен“ деп ойлап, бойын тиклеп, қалшыйып қатып қалды... Соның арасында:

— Неге иркилип турсыз?—деди иштеги адам, бирақ қорыққаннан ол сөзди дурыс еситпеди. Қулағы



www.ziyouz.com kutubxonasi

гүңгир-гүңгир етти. Өзи түсинбегенликтен айтылған сөзди „ҳәзир жаныңды аламан“, „өлимниң ордасына келип турсаң“—деп тур аў деп ойлады Ерполат. Қашса қалай болады,—деп есикке әсте қарады. Бунда өлимнен қашып кетиўге жол жоқ. Есик аўзындағылар түйгишлеп тығып жиберди, есикти сыртынан илип кетип еди, Ерполат есикке қарағанда есиктиң ашылмайтуғыны ядына түсти.

— Неге үндемейсең, қорқып турсаң ба?—деп иштеги адам шынжырларын сылдырлатып Ерполаттың қапталына келди. Тап сол саатта Ерполаттың ядына „сырын билмеген адамыңа сырыңды айтпа“ деп жасында атасының айтқан нәсияты түсти де, шынжырын сылдырлатып келип турған адамға шынын айтпады:

— Жоқ, қорқып турғаным жоқ, сени қорқытайын деп тур едим,—деп турған жерине отыра кетти.

— Жоқ, олкәраға отырма,—деп шынжырлы адам Ерполаттың қолынан тартып турғызып, қолтығынан сүйеп, өзиниң төсегине әкелди.

Бул шынжырлы адам өзиниң революциялық иси ушын ишки Россиядан жер аўдарылып келген Иван дейтуғын жигит еди. Оның бул қалаға келгенине еки жылға жақынлап қалды. Ол өзиниң ҳәр иске уқыплылығы, зейинлилиги арқасында қарақалпақ тилин алым-берим билетуғын болып қалған еди. Азырақ тил билиўден-ақ жергиликли халықтың арасында жасырын түрде өзиниң революциялық исин даўам еткизди. Бирақ бул билинип қалып, жақында тюрьмаға отырғызылып еди. Буның отырған бөлмеси жазасы аўыр адамларды отырғызатуғын ең жаман бөлме еди, оның үстине Ерполатты да тыққан. Сонлықтан Иван үстине „қонақ“ болып келген жигитти гүнасы аўыр адам болмаса мениң сырымды алыў ушын жиберилген агент шығар деп ойлады да, өзиниң „қонағын“ сөйлетиўге киристи:

— Тюрьмаға не ушын түстиңиз?

— Өзим де билмеймен.

— Бир себеби бар шығар?

— Ҳеш қандай себеби жоқ.

— Жоқ, сен жасырма, себебин айта бер.

— Себеп болатуғынын, болмайтуғынын билмеймен. Бирақ мынадай ҳәдийсе болды. Мен Ержан сыйпаң де-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ген байдың шопаны едим,—деп Ерполат сөзин даўам еткизди,—бир күни өристе мени баярым урмақшы болды. Сонлықтан ашыўым келип кетти де, аттан аўдарып алып, ишке тепкилеп, исин ислеп аўылға қашып кеттим. Бирақ Ержан сыйпаң шопаннан таяқ жепти—деп журтқа жайылыўын намыс көрди де бай ҳешкимге айтпай, өшин билдирмей алмақшы болыпты. Мениң алайын деп жүрген қызым бар еди, соны Ержан алмақшы болды. Оған қыз да мен де наразы болдым. Сонлықтан бир күни қызды алып қашайын деп түнде келсем Ержанның аты таяр тур екен. Атқа дәрҳал миндим, соның арасында бир „достым"— мине, қызда шықты,—деди. Қызды жаңағы „достым" аттың алдына алып берди. Аттын басын ағытып қоя бердим.

Қашыў менен дайымдикине келип қарасам, қыз дегеним бир соқыр кемпир болды. Дос дегеним душпанлық етип, алдыма кемпирди әперген екен.

Дайымдикине келгеннен кейин кейнимизден көп қуўғыншы келди. Қолынан келсе Ержан мени еки шайнап бир жутпақшы еди. Бирақ қолынан келмеди. Тек атын алып кетти. Ертеңине түсте еки полиция келди, басқа сөзге қаратпай аттың алдына салып қуўып айдап қалаға алып келди. Урып-урып қол аяғымды шынжыр менен байлап, жаңа усы тюрьмаға тыққанын билемен. Мине мениң көрген билгеним усы. Жаңағы Ержан сыйпаң ҳәкимлерге арза берип атырған шығар деймен,—деп Ерполат басындағы исикти әсте басып қойды.

— Буннан артық себеп бола ма, қамалыўыңның себеби усы екен,—деп Иван қонағының сөзинен жуўмақ шығарды.

— Өзимде сол шығар деп ойлайман.

— Кемпир урлап тюрьмаға түстим дейсең бе?—деп Иван күлди. Оның „кемпир урлап" деп күлгенине Ерполаттың қатты ашыўы келди.

— Мен оны биле көре урладым ба, достымнан таптым ғой.

— Досты таўып дос болмасаң, достыңнан табасаң, —деп Иван қонағына ақыл айтыўға киристи. Оның сөзин бөлип Ерполат:

— Сизиң кандай гүнаңыз болды, неше күннен бермаған жатырсыз?—деп сорады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Ҳей, бир жақпас жағдайым болды. Жатқаныма бүгин сегиз күн.

— Сегиз күннен бермаған усы жайда жатырсаңба, өлип қалмай не қылып шыдапатырсыз?

— Шығармаса сегиз күн түўе 80 жылда жатарсыз. Мен тюрьмаға үйренген адамман, буннан да жаман жайларда жаттым!—деп Иван өзиниң өткени туўралы қысқаша хабар берди.

— Сизиң атыңыз ким?

— Атым Иван,—деп күле шырай берип қонағының бетине қарады.

— Иван дейсең бе? Бир жақтан айдалып келген Иван деген бар еди, сол сиз бе? Егер ол болсаңыз мен неге танымай отырман, бирнеше рет көрип едим-ғой,—деп Иванның бетине қадала қарады Ерполат.

— Аўа, сол Иванман.

Жайы қурығырдың иши де гөрдей қараңғы екен, бурын көрген адамды танымай отырғаным,—деп Ерполат өзиниң танымай қалған уятын шайып-жуўмақшы болды.

Бир аздан кейин Ерполат Иванның сөзин бөлип:

— Бул қараңғы гөрден қалай шығыўға болады?—деп жуўап күтти.

— Келгениң жаңа, келмей атып қайда барасаң?—деп ойнап Ерполатқа қарап Иван жымыйып күлди. Оның күлген көзинен бул тюрьмадан шығып кетиў қыйын, есиклердин алдында қараўыл турыпты, тюрьманың сыртында еки қатар салған қорған бар, оларды тесип қашыў ушын балта, бел, керек, бирақ ондай қурал сенде жоқ дегенниң белгиси билинетуғын еди.

— Бул тюрьмада бир күн отырған адамның бир жасы кемийтуғын шығар, буған қалай шыдармыз.

— Тюрьмада тыныш отырғызып қойса, қуўанарсаң.

— Буннан басқа тағы неси бар?

— Көрмегенин алдында.

— Мен талай өткеллерден өткен адамман,—деди Иван. Ерполат төмен қарап отырып тунжырап қалды.

— Жоқ, сен қыйынлыққа шыда. Өмир адамға бир ғана мәртебе гезлеседи. Сондай алтыннан артық өмириңниң ишинде адам талай нәрсени басынан өткереди. Адамға жеңип болмастай қыйыншылықлар гезлеседи, бирақ, адам оны жеңиўи керек, жеңеди,—деп Иван әсте ақыл айтты.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Сениң сөзлериң ақыллы, көпти көрген адамны сөзине усайды,—дей бергенде, Иван оның сөзин бө лип:

— Турмыс адамға ҳәммесинде үйретеди, турмыс тың мектеби адамды писирип шығарады. Аўыл халқы на қарағанда мен көп оқыған билимдар адамдай бо лып көринемен. Бирақ мен көп оқығаным жоқ, гим назияның биринши класында бир айдай ғана оқыдым. Оннан соңғы жерде турмыстың қысқысына түсип, бир неше сапар тутқынға алындым, жер аўдарылдым. Он жылдан бермаған ықтыярым өзимде емес, бирнеше рет усындай тюрьмада отырдым. Сөйтип жүрип көп жердиң ели менен, әдет үрпи менен таныстым. Бул көргенлерим маған мектеп болды. Сүргинде жүрсем- де, тюрьмада отырсам да өзимнен билими жоқарылар- дан оқыдым, үйрендим,—деп Иван өткен өмиринен үзиндилер айтып отырғанда:

— Тюрьмада оқыў да болама?—деп Ерполат Иван- ның сөзин бөлди.

— Болғанда қандай, оқыйман десең, сени оқыта- йын. Бирақ мен қарақалпақ моллаларындай арапша оқытаалмайман, мен русша оқытаман.

—Енди жасым жигирмадан асқанда тюрьмада оты- рып оқып, молла болмақ түўе, ел ишинде еркин жү- рип оқығанда да молла бола алмаспан!—деди Ерпо- лат.

— Егер усы тюрьмада екеўимиз 3—4 ай бирге болсақ, саған сол ўақыттың ишинде хат танытаман!— деди Иван.

Иванның „оқытаман" деген сөзине жақсы я жаман деп жуўап бере алмай, оқыўды үйреткеннен қатын алыўды үйреткен жақсы болар еди,—деп ойлап тур- ғанда:

Гөрдей қараңғы тюрьманың есиги тарс етип бир- ден ашылды. Ерполат Иванның, Иван Ерполаттың жү- зин көриўге қумар болып отыр еди, есик ашылып үй- ге жақты түскенде булардың қумары тарқады. Ерпо- лат қара көзин Иванға қарап бир төңкерип таслады, бурын көшеде көрип жүрген ат жақлы, узын бойлы, көк көз, сары жигит—Иванды көрди. Көшеде жүр- гендегисинен бираз азып қалған. Сақал шашы әдеўир өскен, изей жай сорса керек, бетиниң териси сүйегине жабысыңқырап қалған.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ерполат Иванды бурын көшеде сыртынан көрген, таныйтуғын болған менен Иван Ерполатты танымайтуғын еди. Сонлықтан да түри қандай екен деп көриўге дым қумартып отыр еди. Тилеги қабыл болғандай есик ашылып, үйге жақты түсиўден ақ Ерполаттың бетине қарады. Қыр мурыннан келген ири денели, адырақ көзлеў қара торы жигитти көрди, шекесине, маңлайынан төмен қарап аққан қан қатып, түри бир түрли бузылыңқырап тур еди. Оның үстине таяқтан силеси қурыған аламды аттың алдына салып сыйраққа урып, қуўғаннан кейин өкпеси исинип, тили аўзына сыймай гүрккирреген үлектиң өңешиндей болып салақлап, сыртқа шығып кеткен тили азырақ дем алғаннан соң қайтадан орнына түскен менен ентиккенин баса алмай, еле ҳаплығып отырып сөйлесип, енди-енди өшкен өкпеси басылып, демин дурыс алғандай болып киятыр еди. Бурыштай болып қызарған бетиниң қызылы еле кете қойған жоқ еди. Үйге енген жақты менен Ерполаттың түрин көрип, көпти көрген Иван Ерполаттың қатты азап көрип қыйланып келгенин аңлады.

— Қалай келдиң?—деп сорап қалай болып келгениң бағанағы өзиниң қысқаша айтқанынан гөре толығырақ етип сораўға ўақыт болмады. Есикти ашқан полицейск жумған аўзын ашып ҳеш нәрсе демей турып, Ерполатқа көзин адырайтып турып, есикке қарап мойнын бурып қойды, бирақ оның ымына Ерполат түсинбей:

— Не дейсең?—деп полицейскиниң аўзына қарады.

— Айда!—деп полицейск есикке қарап мойнын тағы таўлап таслады. Полицейскиниң „айда" дегенине ашық түсинбесе де Ерполат „шық азатсыз" деген шығар деп көзинде қуўаныштың нуры жайнап турып, өзиниң билетуғын бес аўыз русша сөзиниң бирин айтып:

— Савсем айда?—деп орнынан турып астына төсеп отырған жаман шапанын алып, жерге атып урды. Ерполатты ат пенен айдап келгеннен кейин урып көп азап берип еди, енди және де азап береди екен деп көзи қорыққан Ерполат бурынғы көрген азапларын көз алдынан бир-бир елеслетип өткерди...

— Сорлы, тағы қандай азапқа дуўшакерлесер екен— деп қонағының алдағы өмири туўралы ойлады Иван. Оның азабына қыйланған менен, жаны ашығаны менен



www.ziyouz.com kutubxonasi

сол саатта қолдан келетуғын жәрдем жоқ. Ҳеш бол-маса „душпанға жалынып бас ийме“ деп қалайын,— деп орнынан ушып турып, есикке барды. Бирақ есик-ке сыртынан тайдың туяғындай нәҳән қара қулып урылған екен. Әри-бери ийтерип көрип, темир есикти тепсе де қозғалмайтуғынын билип, орнына қайтып отырды. Тюрьманың иши маңлайға урса көргисиз қа-раңғы. Караңғы, сасық ийисли жайдың ишинде Иван маңлайын өз қолыменен сүйеп, қадирли қонағы,— тюрьмадағы досты ҳаққында ойланып отырып қалды.

www.ziyouz.com kutubxonasi

# ЖАЗЫҚСЫЗ ГҮНАКАР



Ерполат майданға шыға келгенде, әстелеп ескен самал жазықсыз Ерполатты аяп маңлайынан сыйпағандай болып, жипек орамалды бетке желпигендей жанға жағымлы леп берди. Жағымлы самал келип қойны қонышынан кирип көкирегин ийискелеп, кеўлин көтерилсин деп ойнап қытықлағандай болды. Қазандай төңкерилген аспан жердеги қайғыны көрмей, жазықсыз жазаланғанлардың қулындай шыңғырып азапланғанына дәтим шыдамайды, дегендей болып қалың булт пенен өзиниң бетин бүркеп тунжыраған үстине тунжырай түсти. Ерполат сондай тәбийғат арасында аяғын аннан-саннан басып алға қарап атлады...

Көшениң ортасы менен приставтың жайына қарап тикке тартты. Бет аўзы қан-қан болған Ерполатты көрип, журт аларып қарайды, ҳәр ким ҳәр түрли жорыйды:

— Адам өлтирип қолға түскен шығар!

— Өзи де өлгейлиден таяқ жеген ғой!

— Егер адам өлтирген болса пристав аямайды!

— Адам өлтирген болса қум қапсын!

— Не деген менен келбети келген жигит екен!— деп ҳәр ким өзинше сөз айтпақта. Ерполат оларға көзиниң асты менен қарайды, ишинде таныс адамлар да көринеди. „Жақын дос болмағанлықтан аў, көз таныс адамлар көрип турса да бир жәрдем етпейди",—деп ойлайды. Оқтың алдында баратырған адамға дос болғанда не қылады. Жаны ашып жақынлап кетсе „досысаң" деп оның өзин тутып алады. Сонлықтан Ерполат-



www.ziyouz.com kutubxonasi

тың бундай болып баратырғаның иши жаман көрсе де ашыўын сыртына шығарып қарсылық қылалмай таныматуғын адамдай болып турғаны.

Приставтың жайына кириўден Ерполат бәринен бурын жайдың ишин үлкен қара көзлери менен бир қатар шолып шықты. Өжирениң төрине таман сары шашлы кирпинин түгиндей тикирейген, еки ийнинде тасбақадай төңкерилип жатқан пагоны бар бир сүўрет қағылып тур. Өжирениң оң қапталында шийше қақпақлы сырлы, нәҳән шкаф турыпты. Шийше қақпақ шкафтың ишиндеги сырын жасыра алмайды. Онда ҳәрқыйлы китаплар көринеди. Ал терезеде пышыққа жабыў жапқандай салбыратып бир селдир товар (шилтер) тутыўлы тур. Пристав терезениң алдына барып еснеп, керилип-созылып тур еди. Ерполатлар кирип келгеннен кейин үсти шақыр-шуқыр менен толы столына келип отырды.

Көк буўрыл муртын мәлим пышықтың қуйрығындай сүйирлеп таўлап таслаған, көк-ала шашы қабанның жалындай тикирейген адырақ көзли, семизлеў пристав столға отырып болғаннан кейин Ерполаттың бетине бежирейип бир қарады. Оның көз қарасынан жыландай ысқырған мийримсиз бир гөрим екени көринип турды...

Муртын таўлап-таўлап бат-баттың қулағындай едирейтип, айбатланыңқырап:

— Сен бе Ерполат?—деди пристав.

— Аўа, мен.

— Мунда не себепли келгениңди билесең бе?

— Жоқ, билмеймен.

— Жасырма!—деп көзин алартып, столды урып жиберди пристав.

— Тақсыр, мен не туўралы гүналы болып турғанымды билмеймен, ашық айтсаңыз жақсы болар еди!

— Ержанның аўылына барып атын минип, кемпирин алып қашқаның ушын өзиңди гүналы деп билесең бе?

— Тақсыр, ол ушын өзимди айыплы деп билмеймен, бирақ сүйген қызым Мийригүлди алып қаша алмай алданып кемпир алып қашқаным ушын өзимди гүналы деп билемен.

— Кемпир алып қашқаның рас па?

— Рас.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Кандай максет пенен алып каштын?

Ерполат қыз алып қашыўдың орнына алданып кемпир алып қашқанын айтып берди. Бирақ пристав оған исенбеди. Ерполаттың көкирегин ашып расын айтқанына қарамастан пристав,—қабағын үйип, мушын түйип столды бир салып қалып:

— Өтирик айтпа, мынаў Ержанның арзасы, бунда сениң қарақшылық етип, ел талағаның туўралы, айтылған,—деп бетине бежирейип қарады. Пристав егерде Ерполаттың иси ҳаял туўралы екенин анық билсе, бул исти Амударьянский мировой судьяға берер еди, ҳәзир Ерполатты Ержанның арзасы бойынша патша ҳүкиметине қарсы шыққан қарақшы деп билип жинаятшы есабында қаралап отыр. Ҳүкиметке қарсы жинаятшылардың талайын тексерип қолынан өткерген, ғарры қасқырдай тәжирийбели пристав Ерполаттың айтқанына исенбей, бурынғы жинаятшылардай өзиниң гүнасын жасырып отыр деп билди. Ерполат ақ көкирегин ашып өзиниң расын айтты.

— Дурысыңды айтасаң ба, жоқ па?—деп пристав ашыўға минип қолындағы ручкасын алып турып былай-былай гезип жүрди.

— Тақсыр дурысым да, бурысым да жаңағы айтқаным,—деп Ерполат көзин жыпылық-жыпылық еткизип приставқа қадала қарады.

—Мен сендей бузықлардың талайын қолдан өткерген адамман. Жазалылар жаны қыйланса ғана жазасын жалынып айтады. Сенде дүньяға шыққаныңа пушайман жерсең, асықпа көрмегениң алдында,—деп пристав звоногин шыңғырлатып, есик алдындағы хызметкерин шақырды. Звоноктиң даўысын күтип турғандай болып, еки адам қассаптың ийтиндей жалақлап жетип келди. Көзине қорқыныштың түтини тығылып турған Ерполат, шыныңды айт деп қыйнар, қыйнаған менен айтатуғын шыным жоқ. Шынымды айттым. Айтпадың деп атар. Тиришилик ғой татлы. Дос, сүйген яр оннан да татлы. Егер де мени атып тасласа, Мийригүлди көрмей кетемен, және сорлы Мийригул мен ушын көз жасын көл қылып жылаў менен өмири өтедидағы,—деп ойлады. Ерполат ой теңизиниң түбине жетпей батып-шүмип турғанда, келген еки адамға пристав бирнәрсе деп буйрық берди. Еки полицейскиниң бири:

—Қане жүр!—деп өз мойнын есикке қарап бурып.



www.ziyouz.com kutubxonasi

таслады, ал екиншиси „тезирек" деп Ерполатт
аркасына түйип жиберди. Ерполат сүрнигиңкир
есиктен шығып кетти.

Шынын айтпаған гүналыларды тексеретуғын а
наўлы орынға алып келди. Бул жайды Ерполат
биринши сапар көргени еди. Нәҳән сейисхана ор
сында жуўанлығы кисиниң белиндей нағышлы ө
турыпты. Жайдың төбесиндеги ағашларды, боянлар
сарғайып ыс басқан, дийўаллар да болса жарылып т
Сейисхананың бул белгилеринен гөне жай екени көр
неди. Жайдың ишинде тағы қандай нәрсе барлығ
Ерполат анық биле алған жоқ, өйткени сейисхана
кирмүден ортадағы өрениң қасына әкелип тикеси
қойып, қолтығының үстинен ҳәм дизесиниң үстин
ағашқа қатырып таңып таслады. „Ал енди босан
кете—ғой" деп еки полицейск шетирек жүрди. Ерп
лат қозғалып көрип еди, бирақ козғала алмады, т
басын былғаўға ғана шамасы келди.

—Жөгилик қылма, қозғал босанып кет!—деп пол
цейск дигирледи. Бирақ босаныўға болатуғын еме

—Неге босанбайсаң әкеңнин аўзын... жөги—д
төрт өрме жиңишке қамшы менен тартып-тарт
жиберди. Ерполат шыдай алмай ары-бери жулқын
еди, бирақ босана алмайтуғынына көзи жетти.

Дурысында да полициялар Ерполатты босатайы
деп жүрген жоқ, пристав ойға алған исин ислеге
ўақытта булқынып босанып кетпесе екен деп сына
жүр еди. Қамшы менен урғанда шыдамай жулқы
ғанда байлаған арқан үзилип, я шешилип босаны
кетиўи итимал. Егер босанбаса қанша жулқынға
менен алдағы жазалар ўақтында да босана алма
туғын еди. Егер приставтың өзи келип жаза қоллан
ған ўақытта жазалы босанып кетсе, байлаған поли
циялар пристав алдында өзиниң уялмаўының илажы
көретуғын еди. Қолларындағы сым темирден өзе
салған жиңишке төрт өрме қамшыны да дузеттирип
қойған еди.

Ерполаттың байлаўының беккемлигин билиў ушы
тағы оң жағының жонынан тартып-тартып жиберди
Шыдай алмай тағы жулқынды, бирақ билектей кендир
арқан менен кисиниң белиндей өре қозғалтатуғын
болмады. Жыйырылып, созылып, жулқынып турған
Ерполатты көрип полициялар:



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Беккем байлаған, өлмей босана алмайды,—деп карқылдап күлди. Олар күлгенине Ерполаттың қаны қайнап, ашыўы келип тисленип турды. Бирақ ашыўын сыртқа шығарыўға сол саатта қуўаты жетпейтуғын еди.

Қапталына жолдасларын ертип, төңбек болған адамдай пыснап пристав келди. Оның түри оқ жыландай суўық еди, адам бетине тикке қараўға тартынатуғын, және оннан жақсылық күтпейтуғын да еди. Ерполат әдепки көргенинде де бетине бир еки қараған менен кейинги ўақытта, әсиресе ҳәзирги ағашқа таңыўлы турған ўақытта приставтың бетине қараўға да жеркенди. Бирақ ар-уяттан шетте қалған пристав уялмай Ерполатқа жақынлап келип:

Қане, гүнаңды мойныңа аласаң ба, ямаса хорлық көресең бе?—деди сурланып.

—Хорлық көрсетсеңиз көрсетесиз—дағы, мойныма алғандай гүнам жоқ үйленбекши болғанлардың барлығын гүналы қылатуғын болсаңыз халықты қалдырмай қамаңыз,—деди Ерполат ашыўға минип турып. Болыс болса керек,—деди ишинен Ерполат топан тыққан гулыптай тылтыйған биреўди, ол адам приставқа қарап:

—Тақсыр, бул еле сизди танымайды екен, „жаман адамның тили ашшы—"бунын сөзин көрдиңиз бе? Жанын көзине көрсетиў керек,—деди.

—Жанын өзи аямаған адамның жанын басқа аяйтуғын ба еди, ҳәзир баслаймыз,—деди де пристав *полицияларына* қарап, „дуздан баслап",—деп буйрық берди. Бир полицей барды да дәрҳал Ерполаттын оң аяғын тағалайтуғын аттың аяғындай етип артына қарап қайырып услады. Екинши биреўи пәки менен табанын тилип, жиберип дуз септи.

Әдиўли оқыўшылар, өзлериңиз *бундай жазаға* гриптар болмағаннан кейин табанға дуз себиўдиң қандай аянышлы екенин билмессиз. Ерполаттың өзинен *сорасаң шыдап отыра алмас* та едиңиз, мениң жазғаныма қанаатланбасаңыз оның өзинен сораңыз, ол ҳәзир Н. районында районлық партия комитетиниң биринши секретары болып ислепатыр. Ол ашық минезли, жайдары жигит, өмир ертегин маған айтып бергениндей етип, сизге де айтып берер.

Денесин дузлы суўменен жуўғанда есин билмейту-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ғын жас бала да шыдай алмай шырлап жылайды. Таб
нын тилип дуз сепкенде киси қалай шыдар. Ерпола
тайдай туўлап жулқынды, тартынды, бирақ дузд
ашыўы басылмады. Тәни қыйланып, жанып турғанда
Пристав тағы келип:

—Қане айтасаң ба, жоқ па?—деди қабағын үйи
турып.

—Жоқ, мениң айтатуғын жасырын сырым жоқ
өлтиретуғын болсаң ҳәзир атып тасла, болмаса жа
нымды бүйтип қыйнама,—деди Ерполат ашыўға мини
турып.

—Ҳа, еле пейлиңнен қайтқаның жоқ, көрмегени
алдыңда!—деп пристав екинши жазаны қолланыўд
тапсырды. Полиция аш бөридей болып тағы жа
қолланыўға киристи...

* * *

Малды қоралап болып, ел аяғы тегис тынған ўа
қытта Қазақбай менен Таўмырат бирден шомп ети
Нурлыбайдикине кирип келди. Күтилмеген бир ўақыт
аш бөридей еки адамның келиўи қорқыныш қалқыс
ның азынасында „аллалап" зордан отырған Мийригүл
диң төбесине суўық суў қуйылғандай болды. Әл
неге қол аяғы дирилдеп, жас жүреги ҳәўлирип орны
нан ушып турды. Мезгилсиз келген қонақтың жүр
исинен Мийригүл шоршып турған менен атасы Нурл
бай шоршымады, қайта қарақалпақтың әдетинше: қон
ғына қол қаўсырып: „келиңиз, төрге шығыңыз"—де
қонағына бир қарап,—„Мийригүлжан, қонакларға төс
сал"—деў менен болды. Келген қонақты күтип алғай
лықтың биринши белгиси төрге төсек салып, алды
табылған тамағын қойып, жақсы сөзин айтып қонақт
жөнелтиў халыққа қаде болып қалған. Нурлыбай д
сол қаде бойынша қонағын ҳүрмет етти. Ал Мийригү
бурын келмейтуғын адамлардың бүгинги келиўине
бир бәле болатуғынлығын сезип қалды. Бирақ әдетте
шығып қонақларына ҳүрмет етпеўди бийәдеплик де
билип, өзи жамылып жатып жүрген көрпесин қонақ
лардың астына төседи. Геўишлерин шешип, қонақлар
төрге өрледи.

Отырыўдан-ақ Қазақбай „иззети абырай, абырайда
айырмағай бир қудай" деп кекиредей сақалын би



www.ziyouz.com kutubxonasi

сыйпады, онын көлеңкесиндей болып капталындағы Таўмырат та, Нурлыбай да аўзын жыбырлатып сақалларын сыйпады.

— Кешке карай кыдырмасак, күндиз мал-ҳалдан кол тиймейди,—деп Казакбай өзлеринин биймезгил келгенлери ушын кеширим сорағандай болды.

— Аўыл-үйлердиң конағы айда-жылда бир келеди, дегендей,—өмириңизше бир келгениңиз, келгениңиз жақсы,—деп Нурлыбай Казакбайдын сөзине жуўап кайтарды.

— Булар бизди менсине ме мениң усы үйге келгениме әлле неше жыл болды. Соннан берли бизиң есикти ашып отырғаны усы шығар—деп Нурлыбайдың ҳаялы ойнаса да ойындағысын айтты.

Сөзден жығылғанын билмейтуғын Казакбай Нурлыбай менен оның ҳаялының сөзине жуўап кайтарған болып:

— Конcы күнде келсе „кыдырмай" деп аталады, қадири кетеди. Сийрек келсе, конак ийеси хызмет етеди, кане хызметиң болса ет,—деп өтирик мырсылдап муртынан күлди.

— Сизлер келдиңиз де бизиң хызмет еткенимиз калды ма?—деп Нурлыбайдың ҳаялы ошакка кара кумғанды қойып, отка бир кысым акпас таслады.

Ошакка кумғанды қойыпатырған ҳаялына бир қарап қойып Нурлыбай:

— Бизиң ҳаял сөзден жеңдирмейди,—деп қарк-карк етип күлди, оның күлгенине конаклары да косыла күлди. Бирак олардың шын жүрегинен, күлмей, көз қысып өтириктен күлип отырғанын қараған көзлери, сурланған жүзлери билдирип турды. Оны үйдеги басқалар сезбеген менен Мийригүл ишинен сезип, бирак сыртына шығара алмай ишинен тынды.

Узак күлкиден кейин Нурлыбай:

— Кошшыларым, кудайым күлкиден айырмасын, ойымызда ҳеш нәрсе жок, каркылдап күлемиз-аў, алдағы өмиримиз әлле қандай болып кетеди—деп суўық демин алып, конакларына карады.

— Өмир не болар дейсиз, бурынғыдай өте береди дағы,—деп Таўмырат Нурлыбайдың сөзиниң алдын бөлмек болғандай, жуўапты келтесинен кайтарды.

— Жақсы болсын, жаман болсын өмир өтер-аў,



www.ziyouz.com kutubxonasi

бирақ жылдан-жылға заманның түри жаман болып кетти.

Былтырғыдан быйыл жаман,

Қалай-қалай болды заман,—дегендей, былтырғыдан быйыл, кешегиден бүгин жаман болып баратыр: Салық жылдан-жылға аўыр болып түссе де барымызды берип, ошақ басымыздың аман болғанына қуўанып келип едик, енди жүрт „жаҳан урысы болып атыр" дейди; бул урысқа Кытай-Котан косылмасын, — дейди,-ол қосылса-дейди ақыр заман болады, кыямет болады.

Соннан қорқаман, қудайдан жасырмағанның сизлерден несин жасырайын,—деп Нурлыбай тамсанып түкиригин жутты.

— Нуреке урысқанда не, сизиң менен бизге не болатуғын еди. Ол жөнинде ойланбай-ақ қойыныз; сизиң муртыңызды балта кеспейди,—деп Қазақбай Нурлыбайға тәселле берген болды.

— Қудайға болмаса адамға жазығымыз жоқ, өз күнимизге отырған бийшаралар едик. Бирақ бул заманның адамлары тийгенге тийип, тиймегенге кесек атып, жазықсызды да жазалайды. Жазықсыз айдалып кеткен кешеги Ерполаттай кылып жаман ғаррымызды биреў айдатып жибермесе болар еди—деп, қорқаман-деди Нурлыбайдың ҳаялы чайларын демлеп атырып.

Атасының урыс-қағыс туўралы сөйлегенинен гөре, қандайда болса Ерполат туўралы сөйлегенин жақсы көрип отырған Мийригүл, апасы Ерполаттың атын атағанда „Ерполаттың атын айтқан аўзыңнан айналайын апажаным, мениң сүйгеним туўралы тағы сөз қозға, келген қара бет қонақлар да Ерполат туўралы сөйлеп сөз арасында онын исиниң не болғанын айтып қоямекен дегендей болып бир қозғалып қойды.

— Ерполаты қурысын, ол өлэтизина, ардан, намыстан, адамгершиликтен безген ахмақ. Егер тәни дүрыс адам болғанда соқыр кемперди алып қашарма еди, дузын ишкен баярына жаманлық қылар ма еди, оны аўзыңа алмаңыз,—деди Таўмырат селдир сақалын бир сыйпап қойып.

— Пристав ол бузықтың азабын берипатырған көринеди, өзине сол керек еди, деди де Қазақбай ашшы демленген көк чайдан „писсимиллә" деп бир кесесин ойылған гөрдей танаўының түбине төгип қойды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Қандай азап берип атыр екен?—деп Нурлыбай қорқынышлы түрде қонақларына қарады.

— Бағана Ержан аға қалаға барып қайтып еди, оның айтыўына қарағанда Ерполат шынын айтпағаннан соң пристав табанына темир қыздырып басыпты, жуўан санын тилип дуз қуйыпты, өреге таңып таяқтың астына алыпты!—деди Қазақбай.

Қазақбайдың бул сөзи Мийригүлдың өкпесине оқтай тийди. Ата-ананың көзинше бир нәрсе деў қыйын болды. „Жетимниң ҳалы еки көзине жетеди",—дегендей, Мийригүлдиң де қуўаты еки көзине жетти. Қазақбай жоқарғы сөзди айтқанда Мийригүлдиң көзинен мөлт етип жас булағы ақты да, шыдап отыра алмай шығып кетти. Кеткен менен узақ кетпеди, үйдиң сыртына барып, көзинен ашыўдың жасын моншақ-моншақ шығарып турып, қонақлардың сөзин тыңлады. Қонақлар бир сөзден екинши сөзге көшип, сөзден сөз туўғызып, сөз даўылын турғызды, олардың сондай узақ сөзиниң салмағы кейининде екени көринип тур. Ол салмақты аңлап па, аңламай ма, бирақ Нурекең (Нурлыбай) қонақларының сөзин мақуллап „аўа", „иң" —деп басын ийзеп, еки көзин олардың аўзынан алмайды. Мийригүлдиң апасының еки қулағы сөзде болған менен қолы, көзи исте, ошақтың басында бир ағашты шала жандырып жақты қылып, палаўдың гүришин салды.

Қазақбай бираздан кейин тағы да Ерполатты жаманлап:

— Ол бузық, ел арасына от таслап, халықты бирине-бирин араз қылмақшы болып жүр еди, ақыры жазасын тартты. Енди оның өмири қараңғы үйде өтеди. Ол сондай ҳарамзада болмаса қой аўзынан шөп алмайтуғын қойдан „жуўас" Ержан ағаға душпанлық етер ме.

— Бирақ,—деди селдир сақал Таўмырат,—Ержан аға анаў-мынаўды кеширеди. Егер биреў оның ашыўына тийсе, Ержан аға да жаман тарпыйды, оның тарпыўына ушыраған адам оңбайды. Ержан аға бир анадан жалғыз киндик екен, оның қарғысы, қаҳәри қатты. Оған қарсы сөз айтыў қудайға кесек атқан менен бирдей, деп еки қонақ бириниң сөзин бири қуўатлап, Ержан сыйпаңды мақтаўға қарады.

— Ержанның әкесиниң әкеси Ерназар қолдаўлының заманындағы қарақалпақтың белли бийлериниң



www.ziyouz.com kutubxonasi

бири болып, Хийўа ханынан қос баўлы ақ пышақ алған, жипек шапан жамылған, заманында „сен тур, мен атайын“ деген жигитлердиң бири болған. Ержанның өзи, әкеси де ҳешкимниң қойын баққан емес. Ол да рус патшасынан шин тағып, шекпен кийген адам. Қашан қарақалпақты рус патшалығы алатуғын болғанда, қарақалпақ халқы ғалаба оған қарсы турып, солдаттың келетуғын жолының бири Ахунбабаның әўлиесиниң қасына қорған салып, қос басып жатқан. Үстине аңлаўсызда келген солдатларды қырып таслайтуғын пәти болған. Бирақ буны Ержанның әкеси алдынан шығып, солдатларға билдирип қорғандағылар аңсыз ўақытта солдатларды үстине әкелип, қырғынға ушыратқан. Сол сапар Ержанның әкесин Орынборға әкетип, оған шекпен жаўып, шин берген. Оны әле-өлгенше патшалықтың адамлары да Хийўа ханының әмелдарлары да сыйлайтуғын еди—ғой, Қазақбай қапталындағы Нурлыбайға қарады.

— Он атасынан бермаған буның байлығы үзилмей киятырған дейди ғой—деп Нурлыбай кеўилсиз түрде Қазақбайдың сөзин мақуллады.

— Ержан ағаның малдан да, ел арасында абырайдан да кеми жоқ, бирақ бир ғана кемиси бар ол бир перзент. Адамның артында калатуғын бир ул перзенти болмаса, мал-мулк, абырай неге керек. Ержан аға „дүньядан перзентсиз өтемен бе“—деп ойланады, қайғырады. Ойланса қадди-бойы тоғадай ийиледи,—деп Таўмырат Ержанның баласызлығын айтты.

— Рас, адамға бала, дәўлет, ҳәр ўақыт керек, әсиресе жасың үлкейгеннен соң жүдә керек болады екен. Жас ўақтында дәўлеттиң де, перзенттиң де қадирин билмейсең, ал үлкейгеннен соң басқалардың бала, келин жумсағанын, ақлығын сүйгенин көрсең, қызығасаң.

— Бирақ қолдан келетуғын илаж жоқ. Мине жасымыз болса биразға барды. Ул перзентимиз жоқ. Қолымыздағы мына бир жаман қызымызды бир жаққа узатқаннан гөре, биреўди күш күйеў қылып киргизсек пе деп едик,—деди Нурлыбай. Майданда үйге сүйенип турған Мийригүл атасының бул сөзин еситкенде „бизиң Ерполат екеўимиздиң қосылғанымызға оншама қарсы болмайды екен-аў“—деп ойлады ишинен. Тағы да не дер екен, аңырақ тыңлайын деп



www.ziyouz.com kutubxonasi

кулағын үйге тақаңқырады. Бирақ, қулағына жағымлы нәрсе еситилмеди. Нурлыбайдың сөзин бөлип:

— Аўа, Нуреке-байлықтың жөни өз алдына басқа, ал, перзенттиң *жөни өз алдына басқа*, соны ойлап Ержан аға жатып уйықлай алмайды. Барлық малымды, жеримди берсем де төсек жаңаласам дейди,—деди *Қазақбай.*

— Ержанның не қыламан десе қолынан келеди. онан мал да, алтын да табылады,—деп Нурекен Қазақбайдың сөзин кеўилсиз түрде мақуллады.

Шапанның еки пешин дизесине таман тартыңқырап қойып, Таўмырат селдир *сақал* да сөзге қапталдан қосылып:

— Ержан аға ҳәр жерден қыз қарастырып көрген еди, *бирақ көрген* қызларының биреўлериниң өзи жаман, биреўлериниң атасы жаман, биреўлериниң анасы жаман,—қулласы ҳеш қайсысын да жақтырмады. Ақырында „қалай болар екен"—деп сизге жиберди. Сонлықтан бизлер сизди айттық: Нурекенниң өзи де ҳақтан тилеген бир мүсәпир, қызы *да болса* есаплы дурыс, келим,-кетимди билетуғын теңиңиз",—дедик. Соның менен ойланып отырып Ержан сөйлесип қайтыңыз"—*деди.*

— Биз сөйлесип қайтайық деп келдик. Ержан ағаның сизден аяйтуғын малы да, кеўли де, жоқ,—деди Қазақбай.

— Мал аяйды деген не, малдың бәрин алса да ықтыяры, қудай бир-биреўди жақын қылса, *онда мал* болса мен аштан өлмеспен, мен де мал болса, ол аштан өлмес" -деди. Мине Ержан ағаның кеўли усы,—деп Таўмырат Нурекениң бетине қадала қарады.

— Не десеңиз де ықтыяр сизде, қалайда, бирақ Ержан аға менен жегжат болсаңыз қолыңыз бәлент! Ержан аға менен ҳәрким жақын бола алмайды. Ержан—асқар таўдың шыңындағы бийик шоқы, басқа қара буқара қол созған менен *қолы жетпейди*,—деп Қазақбай куйеўиниң мақтаўын жеткерди. Бадия толы палаўдың етин туўрап отырып:

— *Ержанның байлығына* да, *абырайлылығына* да таласым жоқ. Бирақ баламның теңи емес ғой деймен. Мениң жылым „таўық", мине 59 жасқа шықтым. Ержан еки жас үлкен, жылы „қой" шығар деймен,—деди Нурекен.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Аппақ сақалы менен жап-жас қызды айттырмаға уялмайма екен, сол сөзди- сөз деп, не бетиңиз бенен айтып отырсыз. Ержан уялмаған менен сизлер уялмайсыз ба?—деп Мийригулдиң апасының ети жуў ете қалды.

— Жоқ, сиз олай демеңиз еркектиң өмири сырдан берик, ол еле талай қызды қартайтады. Ишим жеми бар кеўли хош Ержан ағаларға ғаррылық барма?—деп Қазақбай кемпирдиң алдын кес-кеследи.

— Биреў сөйлепатырғанда араға қыстырыл ма,—деп Нурлыбай ҳаялын қайтарып таслады.

— Ол қыздың сен әкеси болсаң, мен шешесимен. Ол қызға сеннен гөре мениң жаным ашыйды.

— Ҳей атаңа нәлет, сампылдай бермесең—ә, гәптиң изине қараў керек,—деп Нурлыбай ҳаялының аўзына тағы қақпақ болды.

— Таласты қойыңыз,—деп Қазақбай олардың сөзиниң алдына бөгет болайын деп еди, оның сөзине қарсы болған Таўмырат;

— Таласты қойыңыз демеймиз, бундай уллы ис талассыз болмайды, - деп Қазақбайға қарады.

— Талассыз болмайтуғынын билемен—ғой, бирақ Нурекең қатты кетип баратырғаннан соң айтыпатырман,—деп Қазақбай өзиниң басын ашықламақшы болды.

— Жоқ—аў сөздиң ақырына жетпей, турып, усы қатынға не жоқ дәймен, қапталдан қосылады,—деди Нурлыбай қатынына қарап қабағын үйип.

— Жоқ, бул киси басқа қатынлардай емес, ақыллы адам, жөни келген жерде айтады,—деп астарлы сөз бенен Қазақбай кемпирдиң кеўлин алды.

— Қане, қысыр кериsти қояйық, Нуреке Ержан ағаның сөзине не айтасыз,—деп Таўмырат Нурлыбайдың аўзын бақты.

Таўмырат сөзин аяқлай бергенде, Қазақбай қапталдан қосылып:

— Егер қалың малын сөйлесейик десеңиз, биз оған таярмыз, - деди.

— Не жуўап бериўди билмей отырман,—деди Нурлыбай. Майданда тыңлап турған Мийригүл атасының бул сөзин еситкенде өксип-өксип жылап жиберди, шыдап тура алмай Аймерекеникине кетти.

Қонақлардың алдынан қайтқан табақты алып аты



www.ziyouz.com kutubxonasi

рып ғаррысының үзил-кесил жуўап бере алмағанына урысқандай болып:

— Ески аўыздан шыққан бул жаңа сөздиң аўыл арасына таралып кеткенине көп ўақыт болды. Буны қызың да басқалар да еситти,—деди Мийригүлдиң кемпири.

Еситсе не қыл дейсең, сүйинши сорайсаң ба?—деп Нурлыбай қатынына көзиниң асты менен бир аларып қарады.

Сүйинши сорағаным сол,—қызың бир ғаррының қатыны болып, жас өмиримди хор қылғаннан, теңимниң қолынан өлгеним жақсы,—деп ант еткен. Соны билмей, дурыс жуўап бере алмай мыңқылдап отырғанына күйемен,—деди қатыны.

— Тағы не айтқың келеди?,—деп Нурлыбай және ашыўланыңқырады.

— Не дейтуғын едим, ерте күнди кеш қылмай, мына кисилерге жуўап бер,—деймен.

Нурлыбай қатынынан бундай сөзлерди еситкеннен кейин, келген жаўшыларға майдалап жуўап берип жөнелтпекши болып, бир қозғалып қойып:

— Келгенлериңиз де, айтқанларыңыз да дурыс. Бирақ ҳәзир үзил-кесил жуўап бере алмайман. Аўа ара жақын, және бир де сөйлесермиз. Ҳәзир „жуўапты келтесинен қайтармады" демессиз,—деди.

— Және бир де сөйлесетуғын ҳеш нәрсеси жоқ. үзил-кесил жуўабын айтқанымыз сол, Ержанға қыз бермеймиз, оған барыўға қыз да қарсы, мен де қарсыман,—деп кемпир ғаррысының сөзинен тужырымлы жуўмақ шығарғандай болды.

— Буларға пайдасын айтсаң, зиянына шабады. Булар суўға кетип баратырғанда қолыңның ушын берсең душпан биледи, ийтерип жибериў керек. Бизиң айтып отырғанымыз сыртынан қарағанда Ержанның пайдасын айтқандай болып көринсек те, дурысында да булардың пайдасы еди ғой, солай емес пе Қазақбай аға—деп Таўмырат Қазақбайға қарады.

— Усы жасымызға келгеннен бермаған ҳешкимниң зиянын айтқан жоқ едик, бизиң сөзимизди булар зиян деп билсе, кейнин көрермиздағы, жүр қайтайық,—деп Қазақбай орнынан турды.

Ашыўлы түрде қайтайын деп турған қонақлардың геўишлерин қойыпатырып кемпир:



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Өзлериңиз де ул асырап, қыз асырап отырсыз ғой баланың көз жасына мийримиңиз келмей ме?— деди

— Қой сен кемпир бийликти, мына ғарры өлгеннен кейин хожалығыңның кәтқудасы боларсаң,—деп Таўмырат кемпирди көкирегинен ийтергендей қайтарып таслады. Соның арасында майданға шығып кеткен Қазақбайдың изинен Таўмырат та есикти қатты жаўып шығып кетти.

— Булар бизге буншама неге ашыўланады, бизге өткизип қойған неси бар. Өз баламыздың ықтыяры өзимизде емес пе? Бунындай биреўди-биреў зарлатқан заман, биреўди-биреў хорлаған заман қашан жоқ болады? Қашан әдил заман болады?—деп кемпир өз-өзинен гүбирлеп ишинен сөйлеп, қазан-табағын жуўыў менен болды.

www.ziyouz.com kutubxonasi

# АЙМЕРЕКЕНИҢ АҚЫЛЫ



Мийригүл қонақлардың қолына қандай жууап тутып кеткенин анық билмеген менен, бул ҳәдийсениң ақыры жақсылық пенен питпейтуғынын аңлады. Бирақ бунының ақырын қайырлы қылыўды ойлаған менен жиптиң ушын таба алмады. Өз үйине сүйенип турған Аймерекеникине кетсе де оған да тез бара коймады. Терең ойланып, әстелеп аўылдың сыртына қарай жүрди. Бирақ оған „сен не қылып жүрсең" дейтуғын жан жоқ. Қараңғы түн. Ҳүўлеп ызғырық самал еседи. Ескен самал менен ағашлар қалтырай ма, шайқала ма, қулласы өзинше бир ҳәрекетке келеди. Аўылда бузаў мөңирейди, ийт үреди, үйлердиң жыртықларынан жылтылдап оттың жақтысы көринеди. Ал, аспанға қараса узақтан көринген оттың жақтысындай болып жулдызлар көринеди. Бирақ бунын барлығы да Мийригүл ушын кеўилсиз. Жүрсе, жүргиси келмейди, жүрген менен қайда барары белгисиз. Бир жерде отырайын десе отырыў оннан да бетер кеўилсиз. Егер қайғылы адам отырса оны дәрттиң сели келип басады, оған ҳәсиреттиң тасы жаўады, бойын қара зил басады. Соның ушын да дәртли адам бир орын да отыра бергеннен гөре ары-бери жүргенди, биреў менен сөйлескенди жақсы көреди, әлпи алысатуғын адам менен сөйлессе үстинен қайғының қара постыны түскендей болады, кеўлиндеги шери тарқайды. „Дәртли адамға жүриў—сүйеў"—деп Мийригүл де қаңғып азырақ майданда журди. Ескен салқын самал ақ көкирегин ашып, өзине тыныш алғандай болды. Бирақ оның менен де ишиндеги жанған оттың ҳәўири басылмады. Жанған оттың ҳәўирин сыртқа шығарайын



www.ziyouz.com kutubxonasi

деди де аўылдың сыртында көп турмай Аймерекеникине қарай жүрди.

Жолда киятырып ол: „Ийт сүйекти өзи де кемирмейди, өзгеге де бермейди"—дегендей, бул Ержан сыйпандики не екен, өзи болса төринен гөри жақын бир ғарры, оның үстине кемпири бар. Сонда неге мениң сүйгениме барыўыма қарсы болады. Буларда адамгершилик деген бар ма екен, сирә адамға мийрими келе ме екен" деп ойлады.

Соның арасында ол Аймерекениң үйине келип те қалды. „Үйде танымайтуғын басқа адам жоқ па"—деп қара үйдиң тесигинен сығалады. Бахтына шет адам да, Аймерекениң ери де жоқ, үй оңаша еди. Тесиктен сығалап үйде адам жоғын билгеннен кейин әсте ғана кирди. „Кел, төрге шық"—деп Мийригүлдиң келгенин қабыл алды. Ишинде от жанған менен Мийригүл билдирмейин дегендей болып „киятырман"—деп Аймерекениң көрсеткен жерине барып отырды. Ол отыра бергенде Аймереке отын бир қағыстырып қойып:

— Қонақларың кетти ме, неге келген екен?—деди.

— Қайтқан-қайтпағанын билмеймен, бирақ неге келгенлигин айтсам-айтпасам да өзиңе мәлим—ғой.

— Биреў келеди, биреў кетеди, соның бәрин есапқа алып отыр дейсең бе, неге келгенин қайдан билейин—деди Аймереке.

— Жеңге жаным, мийрибаным, сен билмейтуғын мениң сырым бар ма, бәриде саған мәлим—ғой. Ол келгенлер „қудайы қонақ емес", олар мендей палапанға дузақ қурып жүрген аўшылар, олар ҳақтан тилеген адамлар емес, ол халықтың көз жасына жерик болған жолбарыс,—деди муңайып.

— Көпшилик адамлардың жылағаны олар ушын қуўаныш, көпшиликтиң қуўанғаны олар ушын қайғы екенлигин бурында айттым—ғой. Олардан жақсылық күтиўге болмайды.

— Жаным жеңге, мен олардан қандай да болса бир жақсылық шығады деп ойламайман. Қолымнан келсе олардың қанлы қақпанынан қутылыўға жол тапқым келеди. Қандай ақыл бересең. Баяғы да айтқан ақылың менен басымды байлай қояйын деп едим. Оның ақыры мынадай болды,—деди ақылгөй жеңгесине Мийригүл.

— Сол сапар Ерполат үйине кирип отырағойғанда



www.ziyouz.com kutubxonasi

болатуғын еди — ғой,—деп Аймереке өткен иске өкинди.

— Әдепки ўәдемиз солай еди—ғой, соңынан Ерполат бес-алты күн дайымдикинде, оннан соң басқа бир қалаға барып бес-алты ай болып қайтып келейик, сөйтсек Ержан да, басқалар да бәле сала алмас,—деп бирнеше рет қоймағаннан соң мен де мақул деп қойып едим. Бундай болатуғынын қайдан билейин, бундай болатуғынын билгенде Ерполаттың өзи де дайысыникине бармас еди,—деп Мийригүлде өткен ҳәдийсени көз алдына келтирди.

— Сениң бундай аўҳалға ушыраўыңа мен себеп болдым—аў деди Аймереке қайғылы қызға қарап.

— Басымның бундай шырғалаңға түсиўин қудайдан көрмесем, несин кисиден көрейин - деди Мийригүл ойланып отырған женгесине. Мийригүл буны айтқан менен Аймерекениң ойлап отырған ойын бузбай, еки көзин бир ноқаттан айырмай көп отырды. Оның бундай ой теңизиниң түбине шомғанын көрген Мийригүл „қандай да, бул теңиздиң түбинен мениң алдағы өмириме пайдалы маржан тапқайдағы—“деп жеңгесиниң ойын бөлмей булда үндемей отырды.

Еки көзин бир ноқаттан айырмай отырған Аймереке ошағындағы жанған отының таўсылып, отының өшкенинде ядынан шығарды. Пахтадай болып лапылдап жанатуғын ақ басты қарсысын қарсы отқа салып отырмаса сөнип қалатуғыны мәлим. Ошақтан қол үзбей отырғанда ғана оның жақтысы өшпейди. Аймереке буны ядынан шығарғаннан кейин Мийригүл отырған орнынан турып отты қағыстырып ярым дәстеге жақын ақбас таслады. Ақбастың басындағы үпилдириги отқа тийиўден дәридей алысып, ақбас лапылдап жанды, жалын шаңыраққа жетип қалды. Отқа қызғанлықтан болыў керек, Аймереке кейин шегинип отырды. Ой теңиздиң түбинен маржан излеген Аймерекениң ойын бөлип, кесент келтиргенине кеширим сорағандай болып Мийригүл:

— Отын көбирек түсип кетти-аў,—деп Аймерекениң бетине қадала қарады.

Зияны жоқ, отын арзаншылық-ғой,—деп Аймереке отын жөниндеги сөзге кеўилсиз ғана жуўап берди де—егер сенде аўа мақул десең, ислегенменен қолымыздан келсе мен бирнәрсе ойланып отырман,—деди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Не ойладың жеңгежан, айтсаңа мениң көз жасым ушын, торға түскен туйғыным Ерполатым қутылыў ушын бир ақыл таптың ба айтөс—деп Мийригүл Ай мерекеге жақынлаңқырап отырды.

— Егер сәти түсе қойса, усы қараған аўылдағы Ерполатты жақсы көретуғын адамлардың аўзы бирикс Ерполаттың гүналы емеслигин, оның жазықсыз жазала нып жатқанын айтып приставқа арза етсе, пристав босатса, босата қояр ма еди, әлле қайтер еди—дед Аймереке. Бирақ бул пикирине өзиде исене қоймад Себеби, журттың аўзы бириге ме, биригип арыз еткен менен пристав оны қабыл ала қоя ма, деп ойлады.

Алдағы ўақытта оннан қандай жуўмақ шығатуғы нына көзи жетпесе де, бирақ Мийригүлге Ерпола босанып келетуғындай көринди, көз алдынан жайдар минез Ерполат көринди. Олар бир сапар көп ўақытқ шекем көрмей жүрип, бирнеше ўақыттан кейин көрди Сонда көзиниң асты менен қарап күлимсиреп турып Мийригүлдиң аш белинен тарақ алып қушақлап турып ләбинен сорды. Оннан кейин тарақ алған қолын жаз дырып, әсте ғана Мийригүлдиң омыраўына қар жағалатты. Уятсыз қол қос алмаға да барып қалды Сол ўақытта Мийригул күлимсиреп қысынып „сен бала емессең ғой, олкәрада келешек улы-қызымның рысқысы турыпты, олкәраға қол салыўға уялмайса ба?"—деди. Буған Ерполат дурыс жуўап таўып айт алмай „сени алла маған көп көрмесин, сөзге қанда шеберсең" деп Мийригүлдиң сөзине бир түрли ыр болғанлығын билдирип еди. Аймереке ана сөзди ай қанда Мийригүлдиң көзине усы сүўрет көринд Ерполат тутқыннан босанып келип, тағы усы әдети ислеп турғандай болды. Бар ақыл-ойын Ерполатқ берген Мийригул „Қашан келдиң Полатым!"—дед өзи-өзинен.

— Сен не қыл деп отырсаң?—деди Аймереке ойын бөлип.

„Көзиме Ерполат елеследи" деўге уялып:

— Ешейин—деп жуўап берди Мийригүл. Соның арасында баяғы Аллаш дузсыз келди.

Ол тоғайда қара нарға минип жүрип қой бағып жүргенде нар үркип кетип, жығылып аяғы сынды. Аяғы сынғаннан соң Ержан сыйпаң оны қойдан шығар ды. Аяғын сынықшыға салдырып көп күн төсек тар-



www.ziyouz.com kutubxonasi

тып жатты. Турғаннан соң иске шыға алмай таяққа асылып жүрип көп ўақытты өткерди. Мине, ҳәзир иске жарағандай болды. Бирақ истиң рети жоқ, Ержан сыйпаң буның орнына да Ерполаттың орнына да басқа шопан тутты. Соннан Аллаш иссиз қалып, аўыл арасында өмирин өткерди. Иссиз жүрген адам ҳәр нәрсени ермек қылыўға урынатуғыны мәлим емес пе. Ол да ҳәр нәрсени ермек қылып, өзиниң кеўлин жубатып, ҳәртүрли қосық айтып жүретуғын еди. Ол баяғы қойда жүргенде Ерполаттан татарша бирнеше қосық үйренип: соның ишинен көбинше мына екеўин аўзынан түсирмей айтып жүреди.

Мин баҳадыр қаҳарман, минда кушлер дәрьясы,
Миннан качасебеп—черки, урмакужлар барчаси,
Сынасам мин бир чебене бер сугуда юқ итам,
Сынасам мин бир шырпыны бер сызуда ут итам.

деп жүреди. Болмаса:

Үтте гомерем, утте гомерем,
Утте гомерем қалмады,
Мин аны қызғана идем,
Ул мине қызғанмады.

деп жүретуғын еди. Бүгин де усы соңғы қосықты айтып Аймерекеникине кирип келди. Буны көрип ақыллы, ҳуўышлы аққөкирек Аймереке Аллашқа қарап:

— Неге бунша бәңгидей сөйлейсең де жүресең, Оннан қайта Ерполатты босатып алыўдың жолын излесең болмай ма?—деп күлимсиреди.

— Сиз болайық, биз болайық, бәримиз жыйылып қыз болайық,—деген бәримиз жыйналып ақыл табайық,—деп Аллаш көтериңки кеўил менен Аймереке менен Мийригүлге гезек-гезек қарады.

— Досың ушын ақылды таппасаң, бизиң қайығымыз қайырлап турыпты,—деди Мийригүл, ал Аллаш болса, түйеден постын тастағандай қылып:

— Олай болса даўасы бизден, қайығы сизден, еки жарты бир пүтин болайық деп күлди.

— Ҳай, сөзиң бар болсын,—аўзыңнан не шыққаның билмейсең-аў,—деп Аймереке Аллашты бел буўардан қайтарып таслады.

— Ойнап турғаным жоқ „олла-билләˮ, ақ көкире-

гимнен айтып турман,—деди Аллаш басын ашықлайын дегендей болып. Күлимсиреп турған жүзин азырақ суўытыңқырап Аймереке:

— Биз мына қыз бенен ойласып, Ерполаттың қалай шығыў жолын ойлап отырмыз. Бирақ тыңғылықлы бир пикирге келгенимиз жоқ. Бул жөнинде сен не айтасаң?

— Мен не айтайын, сизлер не айтсаңыз, соған қосыламан,—деп Аллаш басын қасып-қасып қойды.

— Биз, усы қараған аўылдағы Ерполаттың дослары болып бирлесип, приставқа арза берсек деймиз,—деп Аймереке аўзын жыйғанша болмай, отқа отын салып отырған Мийригүл:

— Аўа арза берсе босатар еди деймиз,—деп Аймерекениң сөзин нықлаңқырап қойды.

— Қайдан билейин қандай болатуғынын, приставқа арза бергенлерде „тилегимиз болды"—деген бир адамды да еситкенимиз жоқ. Биз арза берип барсақ Ерполаттың досты деп бизди де тутқынға алмаса болар еди,—Аллаш көз алдында қорқыныштың дәрьясын толқытты.

— Усындай батыр жүрегиң менен дүньяда тири жүргениңе шүкир,—деп астарлы сөз бенен Мийригүл күлди.

— Қорыққанлығым емес, сақлық еткен жақсы, „сақлықта хорлық жоқ"—деген деп—Аллаш ақыл айтқан кисидей болып аларын қарады.

— Сақлық еткен де жақсы, соның менен бирге досты азат етиўдиң илажын көрген оннан да жақсы,—деди Аймереке.

— Оның жақсылығына ҳешнәрсе жетпейтуғынын билемен-ғой. Бирақ истиң келешеги қалай боларын билмей турман,—деп Аллаш пикириниң тобалап турғанын билдирди.

— Қорқыўдың кереги жоқ, сен усы аўылдағы Ерполатқа дос адамларға айтып шық, Ерполаттың азат етилиўин соранып арза берсин,—деди Мийригүл.

— Солай болмаса болмайды!—деди Аймереке де.

— Жақсы онда, мен сөйлесип көрейин, — деди Аллаш. Мийригүл истиң сәти түсеғойғайдағы деп ишинен қатты қуўанды. Қуўанышын сыртына шығармаған менен оның жүзинен қуўаныштың белгиси билинип турды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Ертең азанда бир жууўмағын айтаман, ҳәзир адамларға сөйлесемен,—деп Аллаш шығып кетти.

— Бул ақылыңыздан да бир пайдалы нәрсе шыға ғойғайдағы,—деп Мийригүл қуўанышлы түрде Аймерекеге қарады.

— Биз айтқан нәрсе аяқсыз қалмас,—деп Аймереке де мақтанғандай болып күлип қойды.

Ерполаттың тюрьманы мәкан қылғанына, үш айдың жүзи болды. Бәяғы сасық изейхана, баяғы маңлайға урса көргисиз қараңғы. Ишине керек десе отта жағылмайды. Адам түўе жәниўарлар да шыдайтуғын емес, бирақ илажсыз. Ерполатлар үш айдан бермаған усында жатыр. От жағылмаған ызғар жай күннен күнге ҳалын қуртып қанын сорыпатырған сыяқлы. Ал, түнде таң атқанша екеўи аяқласып, бүрисип жатады. Бирақ бойлары бир жылымайды, ийеги-ийегине тиймей шығады. Сонлықтан таң атыўдан ары-бери жууўырып бойларын жылытады.

Бүгин де ары-бери жүрип денелерин жылытты. Таң атты, шаршады. Енди отырып дем алмақшы болып, гүбирлесип, өзлериниң орын-орынларына отырды. Жейин десе тойып жейтуғын тамақ жоқ, жатайын десе жыллы төсек жоқ. Сөйлесип отыратуғын адам жоқ, дым кеўилсиз. Сонлықтан ўақыт өтсин деп екеўи өткен-кеткенди, еситкен-билгенди айтысады.

Ҳәзирде Ерполат приставтан буннан бес күн бурын жеген таяғы ҳаққында сөз баслады.

— Шыныңды айт, деди пристав,—деп баслады сөзин Ерполат, кеўилсиз ҳалда отырған Иванға қарап:

— Айта бер, менде талай азапларды көрип едим, сениң көрген азабың, мениң көргенимниң жүзден бириндей жоқ шығар,—деп әстеғана Иван Ерполатқа қарады. Ерполат басындағы жарасын бир сыйпап қойып сөзин даўам еткизди:

— Пристав шыныңды айтасаң ба?—деди—айтатуғын басқа шыным жоқ мен ҳақпан,—деп жуўап бердим. Сен ҳақ емессең, қазанның күйесинен де қарасаң, деп алдында жатқан тас басқышын (пресин) зыңғытты. Не болғанымды билмеймен, көзимниң оты жарық ете қалды. Тас басқыш алдыма қайтып түскенде маңлайым жып-жыллы болып кетти. Басымды сыйпасам қан қайнап төгиле баслаған екен. Шыдап отыра алмадым, өлтиретуғын болсаң атып ғана тасла, бундай



www.ziyouz.com kutubxonasi

қылып жанымды қыйнама!—дегенимде қамшы менен бес-алтыны берип қалды. Тарт қолыңды!—деп тағы бақырдым, сол ўақыт пристав даладан адамларын шақырып алып, үни шықпайтуғын жайға алып жүриң!—деди. Үни шықпайтуғын жай дегени өлтиретуғын жерге дегени екен, сүттен ақ болсам да жазықсыз өлип кететуғын болғаным ба? Басқа ҳеш кимнен қарызым жоқ еди, Мийригүлден қарызлы едим, оған аламан деп қарызлы болып едим. Сол қарызым мойнымда кететуғын болды-аў! Хош бийшара Мийригүл, қосылмағанымызға мен гүналы емеспен, заманымыз гүналы, заманда емес, үстимиздеги ҳәкимимиз гүналы, бирақ, ақырында бундай болдым. Мен ырза болсын десең, мениң тәним тийген тәниңе, мениң душпаным болған Ержан сыйпаң сыяқлы байларды жуўытпа деп айтып, қыпша белинен қысып, алма бетинен сүйгим келди. Бирақ Мийригүл жоқ. Соның арасында еки полицей тур деп көк желкеме түртип-түртип жиберди. Илаж қанша алдына түсе басладым...

Өлемен деп киятырсам да көзиме өлимниң оты көринди. Қаншама буўынымды бекиткен менен тула бойым дирилдеп кетти. Өз ойымша тез-тез жүрип киятырған сыяқлыман. Бирақ жүрисим өнбейтуғын шығар, еки жасаўыл: „тез-тез"—деп түртип-түртип жиберип қыстап есиктен шығарды...

Майданға шыға келсем бағанағы әстелеп жаўып турған қар қойып, арқадан бирсуўық самал есип турған екен, күнниң көзине перде болған қара сур булт сийреклеп, жуқарып қалған. Қара үйдиң тесигинен ярын сығалап қараған сулыўдай булттың арасынан, күнде сығалап-сығалап жерге қарап-қарап қояды. Сығалап қарап, мени көрип турған мына күн мениң Мийригүлимди де көрип турған шығар, Мийригүлимди көрип турған күнниң де әрманы бар ма екен?—деп ойлайман. Бирақ мениң ойымды бөлейин дегендей болып, самал—ж-ж-ж-ж—деп ызылдап, қаттырақ ескендей болды.—„Дүньяны суў алса да үйрекке бир пул" дегендей, күн сыран суўық болған менен мурнының ушы қызарып балалар ақ таяқты ат қылып, қардың үстинде ойнап жүр. Көшеден ары-бери өткен адамларға жазығы болмаса да гейпара үйлердиң қасындағы көпек ийтлер апылдап үреди. Ийтлердиң жазықсыз



www.ziyouz.com kutubxonasi

адамларға үйренинен, журтты жазықсыз жазалаған приставтың ҳәрекети көз алдыма елеслейди...

Көшеде сондай ҳәркыйлы ҳәрекет көринеди, солар-ды бир қатар көзден өткериўден-ақ қопаға кирген балықтай сымп етип, алдымыздағы есикке кирип кет-тик.

Жайдың иши байдың үйинен де жақсы болып бе-зелген, дийўалда төрги қатарында палас қағылған, жайдың еденине де палас төсеп қойылған, аяқ басар-ға ашық жер жоқ. Төрге таманырақта стол менен бир курси турыпты. Стол үстинде ишектей созылған ре-зинка қамшы жатыр. Жолда киятырғанда өлтиретуғын жерге барғаннан соң жанымды қыйнап өлтирмей, бирден атып таслай қойса жақсы болар деп киятыр едим, мына резинка қамшыны көргеннен соң урып өлтиретуғын болды-аў, — деп қорқыныш толқынның қамашаўында қалдым. Бирақ илаж жоқ. Мийримсиз өлим тағы көз алдыма келди.

Ийт аяғына келген көпектей болып, қолына резин-ка қамшысын алып пристав стол сыртындағы курсиге келип отырып:

— Қане, Ерполат, Ержан байдың аўылына барып басқыншылық еткениңди мойныңа алмайсаң ба?—деп сөзин нықыртыңқырап қойды.

Үш күн, үш түннен бермаған уйқы көрмей ашыўы келип турған адам қалай ашыўын сыртқа шығармас, шыдай алмадым.

— Қайта-қайта сораған менен айтатуғын жаңа сө-зим жоқ, ислегениңди ислей бер!—дедим.

— Өлесең бе, шыныңды айтасаң ба?!—деп пристав аларып қарады, ашыўы келсе ийттиң мурты қабанның азыўындай шыйратылып кетеди екен.

— Ески аўыздан жаңа сөз шығатуғын болса бурын-ақ еситер едиң, усы ўаққа шекем еситпедиң, демек жаңа сөз жоқ. (Табаныма дуз қуйдың, үш күн, уйқы-латпай, жатқызбай, ашқа таслап, басымды жарып хор-ладың, сонда айтпаған шынды енди айтаман ба?—деп менде ойланып қалдым“.—Еле сөзиң өзгерген жоқ па? —деп маған аларып бир қарап—таңың!—деп буйрық берди, еки полицей „жүр!“—деп маған қарап мойнын бурып таслады. Мен әстеғана скамейканың жанына шықтым. Иштанымнан басқа барлық кийимимди ше-шиндирди де, жат!—деди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жатпаўға шара бар ма, дүс төмениме түсип жат-
тым. Еки полицей билектей арқан менен шырмап таң-
ды. Сол ўақытта аш бөридей болып пристав тағы да
келип:

— Айтпайсаң ба?—деди жуўан даўыс пенен.

— Ҳешнәрсе билмеймен,—дедим мен де.

— Енди билесең! — деп пристав басыма бес-алты
сапар тепти. Етигиниң өкшеси басыма кирип кетти
мекен деп едим. Қозғалыўға дәрман болмады. Тепкени
менен турмай полицияларға ур!—деди, баяғы резинка
қамшы калеген жерине тийди. Бираздан кейин естен
айрылдым, не болғанымды билмеймен, ертеңине көзим-
ди ашып қарасам, сол скамейканың қасында жатыр-
ман, тула бойым сиресип, қозғалтпайды, местей болып
исип кетиппен. Көзимди ашқандай да дәрманым жоқ
екен, пристав басымнан теўип оятып атыр екен.

— Қалай, түс көрдиң бе?—деди пристав муртына
күлип.

— Түсимде дәрьяға от тийип кеткен екен,—деп ҳә-
кисине жуўап бердим. Ол не деген деп пристав аларып
қарады.

— Иван басқаны үйреткен менен түс көриўди үйрет-
кен жоқ,—дедим әстелеп.

— Иван қарақалпақша билеме екен, не айтты са-
ған—деп пристав жалынып бир қарады.

— Иван қарақалпақша билсин, билмесин, қулласы
ол маған, мен оған түсинемен,—дедим. Сол ўақытта
пристав тисленип:

— Ҳә солай ма деп ары-бери жүрди.

— Неге ондай болғанына түсинбедим,—деди Ерпо-
лат. Қалай дегендей болып Иван да ойланып қалды.

Пристав Ерполатты Иван жатқан бөлмеге салғаны-
ның мәниси—ол бир-бириниң тилине түсинбейди, сия-
сий сөзди ым менен түсиндире алмайды, екеўи де
сақаў кисидей болып жатады деп ойлап еди. Иванның
қарақалпақша билетуғынынан бий хабар еди. Ерполат
„мен Иванға түсинемен, Иван маған түсинеди"—деген-
де булар астыртын сөйлесип жүр екен,—деп ойлап
түсингени еди. Ерполат тәжирийбесизлик етип буны
ол билип алды. Егер Иван болғанда бундай сырды
өлмей билдирмес еди.

Бираз отырғаннан кейин Иван:

— Сени мениң менен бирге бир бөлмеге қойғанына



www.ziyouz.com kutubxonasi

ҳайран қалып едим. Сен садалық қылған екенсең,— деди. Бул сөздиң мәнисине толық түсинбей турған Ерполат:

— Неге?—деп Иванның жуўап бериўин күткендей болып жақынлаңқырады.

— Мени қарақалпақша биледи дегениң шатақ болған, мен оларға билмеймен,—деп жүр едим, енди екеўимизге де бирге, бир бөлмеде жатыў жоқ!—деп муңайған болып төмен қарады.

— Неге муңайасаң,—деп Ерполат және жақынлаңқырады. Иван басын көтерип:

— Муңайып отырғаным жоқ, алдағы ўақытта не қылыўды ойланып отырман,—деди әсте. Соның арасында есиктеги қулыпты ашып атырған сес еситилди.

— Не болатуғын еди,—деп Ерполат Иванның аўзын бақты.

— Не болсын екеўимизди еки бөлмеге таслап, қайтадан бир-биреўге баралмайтуғын қылады деймен. Сени қарақалпақтан шыққан революция жалыны болады деп билген ақылымды үйретип жүр едим. Бирақ айрылып қалдық. Алдағы исимиз қалай болады деймен ҳеш болмаса еплеп хат оқып хат жазыўды пайда ете алмадың,—деди Иван.

Оның бул сөзлерди айтып болыўын күтип турғандай ақ есик ашылды. Есик алдында турған еки полиция көринди. Оның бири қабағын үйип турып „Азатсыз"—деди. Полицияның бундай талай ойынын көрген Иван, қайда, пүткиллей азат етилдим бе?—деп турмастан Ерполатқа қарап:

— Хош мен кетемен,—деп қолын созды.

— Көргенше хош! Аман бол достым. Себеп пенен бир неше ўақыт бирге болдық. Буннан былай ушырасатуғын күн болса досларша көрисейик. Ерполат еки тутқын бундай сөзлерди сөйлесиўге қумар болған менен алдындағы „Мырза көп сөйлесиўге ўақыт бермеди, биреўи жүр тезирек!—деп есикке қарап басын бир бурып таслады. Көп тура алмай Иван „хош бол! —деп шығып кетти, ал Ерполат жубайынан айрылған ғаздай жалтаң-жалтаң ете берди. „Енди қашан, қалай көрер екенмен Иванды, қайда апарар екен,—деген ойлар көз алдына келди. Есик тағы сыртынан жабылып, баяғы нәҳән қара қулып урылды. Қашан ашылатуғыны биймәлим...



www.ziyouz.com kutubxonasi



# ТЮРЬМАДАН ТУРМЫСҚА

Ерполаттың Иваннан айрылғанына мине бүгин саррас сегиз күн болды. Ерполат сегиз күннен бермаған ҳешким менен сөйлескен де жоқ, байланыс жасаған да жоқ. Тау арасында жалғыз жаса ған қамыстай жалғыз өзи өмирин өткизип атыр. Оның менен сөйлесетуғын, ҳал сорасатуғын жан жоқ.

Бурынғы үйренген әдетинше тепсинип бираз жүрип, түнде тоңған бойын жылытады. Есик алдындағы қарауылдың үндемей-түндемей қабағы жауатуғын қара булттай тунжырап турып, берип кеткен қатқан нанын, жеп, суўын ишти. Буларда күнниң өтиўине себепши болмады. Сонлықтан азырақ кеўил көтермекши болып қосық айтыўға киристи. Гүлмураттың „Қайраўда жалғыз ғаз" деген қосығынан өзи билетуғын жерлерин айтты. Қосықтың не ушын шығарылғанын билмесе де, бирақ қосықтың мазмуны Ерполаттың ҳәзирги турмысын көрип турып, ғазға тымсал қылғандай еди.

Қайраўда бир ғаз тур қанатын қағып,
Ғаңқылдайды еки көзден қан ағып,
Аяқтағы жипти шайнап жәниўар,
Өз еркимше кетсем дейди жылағып.

Деген менен шешилмейди аяғы,
Мақсетиниң бири питпей ойдағы,
Кеўлиндеги көп қайғының дәртинен,
Қара жерге қарыс кирди тырнағы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

қосықтың кейниндеги қатарын айта бергенде тысырлап есиктиң қулпын ашыпатырған биреўдиң сеси есилди. Жанына азаптың тасы батқан Ерполат есик тысырлаўдан ақ тағы не бәле тап болды, дегендей есикке жалт қарады. Желден жүйрик қыял әлле қайда ушып, бурын көрген аўылдың сүўретин көз алдына келтирди. Көрген хорлығы көз алдына елеслеп, сайсүйеги сырқырап, тула бойы түршикти. Санына дуз тығып, тағы қара пышақ қассаптың пышағындай жалаңлап, және санына тийейин деп атырғандай болды. Табанын қыздырып басқан қалақ және быжылдап табанына басылайын деп турғандай болды. Егерде таңып қойып урғанда ушы тийген темир өзекли қамшы, және тәнине тийейин деп турғандай болды. Буннан қутылыўдың ҳәзир жолы жоқ. Неде болса шыдаў керек. Баяғы әдетинше жүр деп есикке қарап биреўи мойнын бурып таслады. Үйренген Ерполат қайда бараман деп сорамастан, бурынғы жолы менен приставтын жайына қарай тартты.

* * *

Бекимбет қарағанның барлық жаны қол қойып, Ерполаттың азат болыўын сорапып арза берсе, пристав босатады,— деген менен Ерполатты көрген сегиздеги баладан баслап сексендеги ғаррыға шекем Нурлыбайдикине жыйналды. Барлығының да айтатуғыны Ерполаттың аман-саў азат етилиўи. „Сондай қылса Ерполат босатылады". Оны ислеўден бас тартатуғын емес. Пристав чай пулы алмай босатпайды",—деген менен ким бир манат, ким еки манат, ким бес манаттан берип, ақша да жыйналды. Тек еки жүз манат ғана емес, керек десе еки мың манат та жыйнап жибериўден бас тартпайды. Бирақ сол жыйналған ақшаларды приставтың қолына берип, барлық ҳал-аўҳалды түсиндирип айтатуғын киси ғана керек. Топарласып барған менен пристав жайына қабыл етпейди. Талай арзагөйлердиң тумсығы уўылып қайтқанын дуйым журтшылық жақсы биледи. Бул сапарда приставқа барыў уўайым болды. Жыйланған халық барыўдың илажын билмей көп ойланды...

— Көп ойланып отырған менен истиң өзи орынға



www.ziyouz.com kutubxonasi

келмейди. Оннан, араласып приставка табылған чай пулыны алып барып, арыз етиў керек!—деди Аймереке.

— Олай етиўди бәримиз де билип отырмыз, бирақ көпшилик болып келген екенсиз, айтқаныңыз дурыс шығар деп босата қойса не жақсы, оның орнына Ерполаттын достысаң деп бәримизди қараңғы үйге салып тасласа қайтесең—деди шетиректе отырған бир ғарры.

— Қорқыўдың кереги жоқ,—деп Аймереке тағы омыраўлады. Аймерекениң сөзине қосылып Аллаш та:

— Аймереке дурыс айтады, кетиў керек,— деп бақырды.

Ғаррының қасында отырған Нуржан, ғаррының сөзин қуўатлап—бармаў керек—деп еки-үш сапар бақырды. Нуржанның бармаў керек дегенин еситип Аймереке Нуржанға:

— Сени булкәраға ким шақырды. Сениң Ерполатқа „дос" екениңди өткен сапар-ақ билгенбиз. Енди сениң олла дегениңе де исенбеймиз,—деп қайырып таслады. Бирақ Нуржан ҳаплығып:—саған ерип халық та қараңғы үйге қамала қоймас. Саған сөзди ким қойған!—деп Аймерекениң бетинен ала кетти.

— Сениң айтқаныңды халық ислесе халық дәрьяға түсип терис ағып кететуғынын бизлер жақсы билемиз,—деп Аймереке де „ҳа" десе „мә" дей жуўап берди.

Нуржан отызға жақынлаған жигит еди. Ол көп ўақыт Ержан сыйпаңға ерип, жасынан-ақ биййбал атанған, ал кележақта да сол биййликти даўам етиўдиң талабында болып, өзинше ойлайтуғын еди, буны Ержан да билетуғын еди. Ержан сыйпаң бул ҳаққында адамлар мени шақырып ойласар,—деген ойы бар еди, адамлар оны шақырмады. Шақырмаған жерге келиўди өзине уят деп билди. Сонлықтан өзи келмейақ Нуржанды жиберди. Ҳәне оның қасына бир неше адам қосты. Нуржан ҳә десе мә деп сөзин қуўатлап отырмақшы болды. Шама келгенше халыққа сөз бермей қалыў керек. Керек жеринде муштан да қайтпаң, деп Ержан әбден писирип, суўын жетирип жиберип еди. Хожайынның буйрығын булжытпай орынлаў ушын булар қайтпай айтып атыр. Бирақ Әмиўдәрьяның суўындай толқыған халықтың үмитине Нуржанлардың таслаған қара буўрасы төтепки бере алатуғын болмады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Халықтың тилеги өзлериниң алған бағдарынан қайтпайтуғын болды. Халық әдеп барамыз ба, бармаймыз ба дегеннен кейин булар барынша қарсы турып жибермей қалыўдың илажын көрди. Егер булар барағойса пристав Ерполатты босатып қояр,—деген ойы күшли еди. Көпшилик, әсиресе Аймереке менен Аллаш олардың „бармаў" деген сөзин тыңламады. „Барамыз, Ерполатты босатамыз" деп қайта-қайта айтты. Нуржан тюрьмаға отырғыңыз келмесе бармаңыз, деген менен Аллаш сөзин тыңламаған соң халықтың кеўлин бурмақшы болып қабағын үйип, Нуржанға қарап:

— Каншелли қарсылық еткениңиз бенен бармай коймаймыз. — „Шешинген суўдан қайтпайды"— деди Аллаш.

Адамлар бундай еки тәреп болып, бир жағы приставқа арыз етемиз деп, екинши жағы бармаў керек, барған менен пристав тутып алады,— деп турғанда Мийригүл бармаймыз дегенлерди туўрап таслағандай, барайық дегенлерди жанынан жақсы көрип өзиниң ойын ашық айта алмай турған сыяқлы. Бирақ ол ойын ашық айтпаған менен оның көз қарасынан, бет әлпетинен билинип тур. Буны сезген Аймереке Мийригүлдиң ишки сырын сыртқа шығармақшы болғандай болып:

— Сен қыз неге үндемей турсаң—деди ашыўланған кисидей болып:

— Үндегенде не дейин, айтатуғын сөзимди өзлериң-ақ айтып турсыз,—деди Мийригүл.

Бир ўақытта Нуржан орнынан турып ортаға шығып:

— Аллаш дузсыз, сен дузсызлығыңа бақпа, пәтиўасыз сөзиң менен журттың басын қатырма! Егер қоймасаң бир нәрсе көрерсең,— деп өшиктирип мушын түйди. Ол сөзин бөлип Аймерекеге аларып бир қарады:

— „Қатын ғайратланып қазан қайнатпайды". Сениң ғайратың да, ақылың да керек емес. Сүринетуғын қазығыңды билип сөйле қатын—деп тағы Аймерекеге асылды.

— Журттың аўзына қақпақ бола алмайсаң, сенде тилиңди тарт—деп Аллаш Нуржанға аларып бир қарады.

— Сенбе маған бийлик айтатуғын, сен түўе әкемниң айтқанын еткеним жоқ. Әкеңниң аўзын...—деп



www.ziyouz.com kutubxonasi

Нуржан тура умтылды, бирақ Аллаш онша қорқа қоймады.

— Атасы қадирсиз, ата сөкпе!—деп қайқайып қарап турғанда Нуржан келип Аллаштың басына бир-екини берип қалды. Аллаштан бөтен адам болғанда оның бир-еки мушының орнына бес-алтыны уратуғын орны келип еди, Аллаш оны ислемеди, оған қандай да болса бир сабырлылық пайда болды. Соның арасында адамлар Нуржанды тутты...

www.ziyouz.com kutubxonasi

# СЫРЛЫ МАЗАР

## I



Дем алыс күнлердиң бири. Ерполат қапталына еки рядовой әскерди алды да, қаланың ортасындағы көпирден өтип, кубла, күн батысқа қарай жүрди. Бәҳәрги ўақыт. Жер бети атластай дөнип, адамның көзин, ойын өзине ериксиз тартады. Көк жипектей көгерген жоңышқалар, ғалыдай болып қулпы дөнип жатқан гүзлик буўдайлар, ериткен ақ гүмистей болып жарқырап, узағырақта дирилдеп сағымлар көринеди.

Белин ийинине салып, атызларды жағалап ҳәр жерлерде жалғыз-жалғыз дийханлар жүр. Олардың атызға жиберген суўларының үстинде ушып-қонып шаңқылдап, шыдамсыз қызыл аяқ қуслар жүрипти. Қос өгизди қосқа қосып, „тап қалды“, „тап“, „шүў“ деп қос айдаған дийханлар, қабағын ийинине салып қос айдағанлардың қапталынан суў алып өтип баратырған жуўап урған қызлар көринеди.

Бул көринислер Ерполаттың кеўлин көтерип жиберди. Көўли көтериңки Ерполат етигиниң шпорын шыртылдатып қаттырақ жүрди де, қапталындағы еки әскерге қайрыла берип:

— Жүриң,—деди.

— Жүрип киятырмыз,—деп бир жолдасы қаттырақ атлады.

Соның арасында Ерполат алдындағы кесе ырашқа шығып, кең даланы өткир көзи менен бир шолыды...

Бул киятырғанда дем алыс күни болғанлықтан, бой жазып, таза ҳаўаға шығып қайтыўдан басқа ойында бөтен ҳеш нәрсе жоқ еди. Қапталындағы жолдаслары



www.ziyouz.com kutubxonasi

бул қалаға жақында келген, сонлықтан Ерполат жолдасларына, жер танытайын дегендей болып;

— Мынаў қойымшылық революция қурбанларының қойымшылығы, ана бир кишкене мазардың өз алдына сыры бар,—деп қолы менен көрсетти де; ҳа, зулым өлим, қолға түссең отқа таплап өлтирер едим!—"деп гижинди. Ерполаттың күйинип турғанын билип, бир жолдасы:

— Биз жаңа келген адамлармыз ғой, ол мазардың қандай сыры бар еди—деди де жуўап күткендей болып Ерполаттың бетине қадала қарады. Оның бул көз қарасынан көп нәрселер билгиси келгенликтиң белгиси билинип тур еди. Жолдасларының мазардың сырын билгиси келип турғанлығын билип, Ерполат сөзге киристи.

— Мен мәрдикарға айдалатуғын жылы еди,—деди Ерполат. Бизиң аўылда Ҳүрзия атлы бир қыз болды. Ҳүрзияның ақылы сымбатына, сымбаты ақылына сай еди. Ол ўақытта он алты жасқа шыққан жас еди, жасҳа болса бас еди. Жасынан-ақ бас қызлардың қатарына қосылды. Қызыл тилден алдына адам салмайтуғын еди. Аўылдың жигитлериниң гей биреўлери лаққылық етип, ананы-мынаны айтайын десе, олардың бет пердеси сыйырылып қалғандай етип, Ҳүрзия жуўап қайтаратуғын еди. Сонлықтан оның сырын билген жигит, дәлкеклеп ойнамақ түўе, жел жағынан да жүре алмайтуғын еди. Бирақ оның бир „айыбы" болды, ол—оның жасында әкеси өлип жетим болып өскенлиги. Сонлықтан Ҳүрзияны кемитейин деген душпанлары „жетим қыз" деп мин тағып, „жетим қыздың тойында қар жаўады"—деп күлетуғын еди де, дослары „жетимнен жетискен"—деп оның ҳәр нәрсеге уқыплылығын баҳалайтуғын еди.

Сөйтип жүргенде 1916-жылдың ўақыйғасы басланды. Талайдың толысы төгилип, ортасы шайпалды. Талайлар көз жасы менен қолын жуўды. Бул ҳәдийсе Ҳүрзияның да басына түсти.

Ҳүрзияның ғарры кемпир шешеси, жалғыз ағасы бар, бир анадан еки киндик. Волость, ақсақалдың не оңған жери бар, мәрдикар алыўда қайдағы жалғызды тапты.

Мәрдикарға адам алынады деген нен-ақ ақсақал дивимниң басына Ҳүрзияның ағасы Айтбайды жаздырып-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ты. Өйткени, оның Хүрзия менен шатағы бар еди. Хүрзия тауыстай таранып, дөгерегине қаранып, қыз болып жүргенинде ақсақал Хәкимбай көрип, Хүрзияның кемпирине „қызын берсин" деп сөз салдырыпты. Бирақ меҳрибан ана:

— Ақсақал екен деп алпыс жастағы Хәкимбайға қызымды берип жылата алмайман,—деп ақсақалдың адамын жуўытпаған. Хүрзияда ақсақалдан келгенлерге „өлсем өлип кетермен, өлмесем жас өмиримди ғарры ға хор қылмай, өз теңиме бараман"—деп жуўапты келтесинен қайырған.

Әне соннан бермаған Хәкимбай ақсақал ишинен тынып, „хәссений" деп тисленип жүреди екен, қай күни мәрдикар алыў басланғаннан-ақ Хәкимбай ашыўын сыртына шығарып, хә дегеннен Айтбайды дизимниң басына жаздырған екен ғой, Айтбайдың айпайына қаратпай:

— Ақ патшаның хәмирине муўапық мәрдикарға алындың, жақында кетесең, егер өзиңниң барғың келмесе, орнына адам жаллап жибересең,—деп жаўатуғын қара булттай етип, қабағын үйген.

— Ақсақал аға, мениң өзиңизге мәлим, қалаға отын апарып сатып, күн көрип отырған ақсақ көк ешектен басқа хешнәрсем жоқ, үй дейтуғын үйим де жоқ, жазда шертектиң астында күн көремиз, қыста жаман қақырада өмиримиз өтеди. Усы аўҳалым менен қалай етип мен орныма адам жалларман, деп өзиниң аўҳалын айтқанда Хәкимбай:

— Көп бас қатырыўдың кереги жоқ, бараман дейди екенсең, кетесең, бармайман дейди екенсең „ақ патшаның" хәмирине қарсы болғаның. Онда өзиң өлимдар, үй-мүлкиң қазналық,—деп Хәкимбай бақырып көзин алартып қойған. Не айтарын билмей Айтбай үйине қайтқан.

Айтбай үйине келгенде үлкен шаўқым болып қалды.

— Тамағымызды тауып, асырап отырған сен единң, сен кетсең халымыз не болады—деп кемпир жылады.

— Қанлы қақпанға түскен жанның қайтып шығыўы қыйын. Қайтып келе алмаспан апа,—деп Айтбай да басын төмен сала берди. Хүрзия буған ишинен күйинген менен, сыр алдырмай ақыл тапты.

— Апа!—деди Хүрзия,—жыламаң, босқа жылаған-



www.ziyouz.com kutubxonasi

нан ҳеш нәрсе шықпайды, ақыл тауып қалайда ағамды алып қалыўдын жолын табайық,—деди.

— Не илаж табамыз, қайығымыз қайырлап отырған жоқ па—деп қайғылы кемпир қызына қарады.

Сорлылардың сондағы жатып-турып тапқан „ақылы" Ҳәкимбайдың өзи Айтбайдың орнына бир адам жаллап жиберсе, адам жаллаған ақшасы ушын айтқанды қылса, Ҳәкимбай ақсақалдың үйине Айтбай дийхан жүретуғын болды. Егер Ҳәкимбайдың адам жаллаған ақшасына парахат ўақытта бир дийхан еки жыл жүретуғын болса, бундай қысылшаң ўақытта „карасқаны" ушын Айтбай төрт жыл жүретуғын болды.

— Буны ақсақал да терис көрмес, бул бир табылған ақыл болды—аў,—деп кемпир қуўана Ҳәкимбайға барып айтты, бирақ Ҳәкимбай:

— Мени журт ушын дүнья жыйнап жүр дейсең бе, күшиң жетсе адам жаллап баланды алып қал, алып қала алмайды екенсең, буннан былай алдыма келме!—деп қабағын үйип қараған.

— Шырағым Ҳәкимбай, жасында мойныма мингизип өсирген иним един ғой,—деп кемпир өткен ўақыттағы еткен хызметин айтайын дей бергенде Ҳәкимбай:

— Не өзиңниң айтып отырғаның, басымды көп қатырма!—деп терис қараған. Сорлы кемпир салысы суўға кетип, еки қолын мурнына суғып қайтып келди. Ҳүрзия менен Айтбай не қыларын билмей, көз алдын қайғының қара думаны басты... Сол күнниң ертеңине ақсақалдың баяғы жиберген жаўшылары келди. Жаўшылар сары майдан қыл суўырғандай етип, майдалап „мазалы" сөзлерди айтып отырып кемпирге:

— Ақсақал болса бир еркек киндикке зар, сениң қызыңды бала ушын деп баяғыда айтқызып еди, бирақ сизлер оған көнбедиңиз. Ақсақалды күйеў еткениңде, кемпир, саған бул бәле жоқ еди,—деп жеркенишли сөзлерди шошқаның шириген өлимтигиндей сасытты.

— Өйбей, балаларым-ай, алпыстағы адамға оналтыға жаңа шыққан қызды қалай бес қатын үстине берем мен,—деп кемпир тағы шыр-пыр болды.

— Кемпир,—деди жаўшылардың бири,—әри ойлан, бери ойлан, биз сениң пайдаңды айтамыз, қызыңды ақсақалға бер де, баланды мәрдикардан алып қал. Қыз бала сирә үйде турмайды. Ақсақалға бермегениң менен



www.ziyouz.com kutubxonasi

тағы биреўгеберерсең, бирақ ол Ҳәкимбай ақсақалдай болмас!

— Егер Ҳәкимбайға қызыңды берип, күйеў бала етсең, мына балаң мәрдикарлықтан қалады,—деди екинши жаўшы.

Кемпир:

— Егер мәрдикарлықтан қалдыратуғын болса... дейбергенде оның сөзин пышақ кескендей кесип алып жаўшылардың биреўи;

— Қалдыратуғын болса деген не, сөзсиз алып қалады, оннан ғам жеме,—деди...

Тағы не айтыўға сөз таппай отырған кемпир:

— Айтбай жанды мәрдикарлықтан алып қалатуғын болса, бар бердим қызымды!—деди.

Апасына қарап:

— Апа, ойланбай айта салдың ғой!—деди Айтбай бул иске қарсылығын билдирип.

— Қой балам, бөтен сөзди, Ҳүрзияжанды бермеген менен сен көзимнен ғайып болайын деп турсаң. Ғаррыға барса да тири болса болар!—деди кемпир.

— Ҳәзир сизлер қалың-палыңы демей-ақ қойыңыз, мына мәрдикар алыў сапласқаннан соң өзлериң барысып-келисип, биреў-биреўиңизде болса алыса берерсиз. Ҳәзирги бас каде Айтбайды мәрдикардан алып қалыў болсын,—деди жаўшының биреўи уры күшиктей жылмаңлап:

— Неде болса қызды беретуғын болдық ғой,—деди кемпир, басқа сөз таўып айта алмай. Не керек, ақырында жаўшылар қалыңсыз қуда болып, пәтия қылып, нан сындырып қайтты. Ойламаған жерден болып қалған ҳәдийсеге Ҳүрзия ҳайран қалды.

— Усы оңым ба, түсим бе? Сақалы ақ қуўдың пәриндей болған ҳарамы ақсақалдың қанлы дузағына растан-ақ түскеним-бе?—деп көзи мөлдиреп, өксип жылап отырып,—жетимниң жолдасы көз жасы, деген усыдағы,—деди...

Сол күнниң ертеңине бир жаман өгиз арбаны сүйреп, Ҳәкимбай ақсақалдың дийханы келди. Буны көрген кемпир:

— Мениң жаман шертекте отырғанымды күйеў балам намыс билип, мени көширип алайын деген екен-аў,—деп ойлады. Бирақ арбаны айдап келген дийханның сөзи кемпирдиң ойлағанына қарсы болды.

8—136



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Кемпир,—деди дийхан,—қызың қайда? Ақсақал— „патшалықтың иси менен күйеўлеп барыўға қолы тиймейди, сен алып кел“ деп мени жиберди, қане қызың келип арбаға минсин,—деди. Бул суўық сезди еситкен кемпирдиң де, Ҳүрзияның да төбесинен суў қуйғандай болып, тула бойы музлап сала берди. Буны Айтбай да намыс көрди.

— Мәрдикардан алып қалмай-ақ қойсын, ақсақалдың бундай хорлағанына көнбеймен, Ҳүрзия жанды ақсақалдың өгиз арбасының изине ертип жибермеймен,—деп желке тамыры тырысып, ашыўға минди Айтбай.

— Шырағым, күшли менен алыспа деген, ақсақал менен алыспа, жығаалмассаң, тири болса болар, Ҳүрзияжан барса барағойсын,—деп кемпир баласына аналық ақылын айтқан болды. Ананың бул ақылына пүткил халық қарсы шықты.

— „Қалыңсыз қыз болса да, қадесиз күйеў болмайды“—деген, ақсақал қалың мал бермегени менен турмай неге халықтың қадесин етпейди, ҳеш болмаса қызды алыў ушын неге өзи келмеген?!

— Өзи келген менен үлкен басы киширип қалатуғын ба еди...

— Ақсақалдың бунысы „жетим қыз“ деп хорлағанлық...

— Буған көниўге болмайды!—деп халық кемпирдиң аўзын жулып алғандай етти. Сөзден жеңилген кемпир:

— „Қартайғанда түйе көшегине ереди“—деген, мен де қартайған адам, жаслар өзлериң билесиз,—деп әдепки сөзинен қайтты.

Бул мәрдикар алыўдың әдепки күнлери еди. Соңынала „палапан басына, турымтай тусына“ дегендей заман болып, Айтбай менен Ҳүрзияның басына түскен саўда, көпшиликтиң басына түсти де, журт өз қайғысы менен өзи болып кетип, Ҳүрзияға мойын бура алмады. Айсыз қараңғы түнлердиң бири еди, мен де мәрдикарға кететуғын болып, терең ой теңизиниң түбине бақаншақтай шөгип, үйдиң қапталында түтинлик салып, түтинниң ық жағында жатсам, сыртымнан биреў келип:

— Ерполат!—деди. Өзи үрейленип қорқып жүрген адамға мына даўыс жағымлы болып еситилмеди. Бир-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ден басымды көтерип алып қарасам, сөйлеп турған Айтбай екен.

— Биймезгил не қылып жүрсең?—дедим бир нәрсе айтайын деп келгенин билип.

— „Сасқан үйрек алды менен де, арты менен де сүңгийди“ деген емес пе, ақылдан адасып албырап жүрген адамға күндизи бар ма, түни бар ма, — деп суўық демин алып, Айтбай қапталыма отыра кетти.

— Ойласпастай бөтен адам емессең, ойласайын деп келдим,—деп Айтбай сөзин даўам етти. Ҳәкимбайдың қылып отырғаны, бағанағы арба жибергени өзиңе белгили, Ҳүрзияны жылатып оған берип, өзим мәрдикардан қалғаннан, басқа бир илаж тапсам деймен.

— Не илаж табасаң?

— *Усы мәрдикар алыў сап болғанша, өзим басқа* бир қалаға қашып кетсем деп ойлап едим, бирақ мениң қашып кеткен „айыбым“ ушын бәри бир Ҳүрзияны тутады ғой, деп ойланып, Ҳүрзияны да қапталымнан қалдырмай, бирге қашсам деймен. Аман саў бир қалаға барсақ Ҳүрзияны сол бетте биреўге берер едим. Бирақ аяғыма тусаў болып турған—кемпирим.

Қашағойсақ суўсыз шөллерден, қумлы жерлерден асыўға туўры келеди. Ондай жолда кемпир пияда жүре алмай, елсиз жерде қалама деп қорқаман. Сонлықтан кемпирди таслап-ақ кетсем қалай болар еди. „Ел иши алтын бесик“ деген, ел ишинде отырып аштан өлмес еди, деп ойланып, буны кемпирге айтып едим, кемпир де, Ҳүрзия да мақул деди. Енди сениң менен ойласайын деп келдим. Сен де терис көрмесең, усы бугин жолға түсемен бе деген ойым бар,—деди Айтбай. Айтбай бурында сөзлерди ашылысып айта бермейтуғын уяң жигит еди. „Басқа түссе баспақшы болады“ деген усыдағы, басына түскеннен кейин шешен болып, сөзди қуйылыстырып отыр.

— Өзиң билесеңдағы жора! „Жатып өлгеннен, атып өл“ деген, қандайда болса ҳәрекет етиў керек.

Бирақ қандай ҳәрекет етиўге өзимниң ақылым жетиспей отыр. Анаў күни ақсақалға анадай қарсылық еткен менен оннан да ҳешнәрсе шықпады, Чимбай халқы приставты өлтирген менен де мәрдикарлықтан қутыла алмапты, не қыларымды билмей отырман. Қа-



www.ziyouz.com kutubxonasi

шаман десең, қаш. Егер қашып қутылып кетсең, биз де сениң жолыңды қуўармыз! — дедим.

— Оны ўақтында көрерсиздағы, мениң ҳәзирги исиме қарсылық билдирмесеңиз көп турмай кетейин,— деп Айтбай кетиўге бейимленди.

— Жақсы, жолың болсын! Аман көрискеймиз! — деп мен қалдым.

Айтбай кемпирин таслап, қарындасын ертип, ҳарамы ақсақалдың зәҳәрли пәнжесинен қашып қутылмақшы болды. „Бала, ата-анаға, ата-ана, балаға қарамады“ — деген заман усыдағы.

Бирақ Айтбайдың ол сапар қадеми қайырлы болмады. Бағана дийханынан Ҳүрзияны берип жибермегеннен кейин, ақсақал „аттың қуйрығына байлап, шеңгелден, шеңгелге сүйреп алып келиң“ деп үш жигитин жиберген екен. Айтбай менен Ҳүрзия үйден бес жүз қадем шыққанда алдынан ақсақалдың адамлары шығып, екеўин де тутып алыпты. Өгиз арбаға минип бармаған Ҳүрзияны қолға түскеннен кейин, ағасы менен екеўин қойдай қосақлап атқа сүйретип, ақсақалдың алдына алып барыпты. Ақсақалда уят деген жоқ ғой, жаңағы өлимнен қашқан еки жасты ертеңине масқарасын шығарады.

— Ақ пәтия оқып, неқасы қыйылған мынаў неқалы ҳаялым еди, диннен шығып, өз ағасына тийип, екеўи қашып баратырған жеринен туттым,—деп қазыға сүйреп барды. Ақсақалдың еситер қулаққа, айтар аўызға уят бул сөзинен пүткил халық жеркенди. Бирақ қазы жеркенбей Ҳәкимбай ақсақалдың пайдасына бийлик етти. „Шошқа-шошқаны жарған емес“ — деген усы!

Соннан еки-үш күн соң Айтбай бизлер менен бирге айдалып мәрдикарға кетти. Ҳүрзия Ҳәкимбайдың темир жабаның тисиндей жабайы пәнжесиниң астында қалып еди. Оған мине быйыл үш жыл болып баратыр,—деп Ерполат кисесинен папиросын алып шегип, аўызын түтинге бир толтырып, қайта босатып, сөзин тағы даўам еткизди.

## II.

Биз жигирмалаған қызыл әскер елдиң шети, жаўдың бетинде жатырмыз. Қубла жағымызда бандит Ханжунайдтиң, Балабийдиң, Темиралының адамлары жасырынып қашып жүрген қалың тоғайлық бар, ал



www.ziyouz.com kutubxonasi

арқа жағымызда аўыллар бар. Бул аўыллар қаладан узақ болыўы себепли бандитлер келип мал талап, адам өлтирип, елди шуўлатып кетеди. Олар қараңғы түнлерде де урыдай жасырынып келип, өзлерине тәбия адамлары арқалы қалада қанша қызыл әскердиң барлығын биледи,—деген хабарды еситип, баспашының байланысын үзиў мақсети менен бул кәраға келип жатқанымызға төрт-бес күндей болып қалды.

Қалаға күнине бир неше рет барып, сөйлесип турыў керек, бирақ телефон жоқ, телеграф болған менен оны әлле кимлер бузып кеткен. Байланыс жақсы емес. Сонлықтан аз ғана бир исимиз болса да ат пенен барып сөйлесип қайтамыз. Бул кәраға келгенимизден бермаған қалаға барғанымыз жоқ еди. Сонлықтан бир күни қалаға барып қайттым. Астымда торы төбел жорға, ол жәниўар бир туўған жылқы еди, ҳеш қамшы сүймейтуғын, тек дизгинди қағып қойсаң болғаны. Қоблан минген торыдай, қулағын қайшылап, аяғын аннан-саннан бир басатуғын еди. Торы төбел жорға менен жүрген сайын жүргиң келетуғын еди. Зәңгиге таслап ширенип, торының басын жиберип киятырман. Әмиўдәрьяның ағысындай ағып киятыр.

Гүзар жол менен торы төбел жорға таўдан қашқан түлкидей аяқты аннан-саннан бир басады. Жол бойында К. қаласынан және Қ. қаласына қарап алып киятырған телеграфтың столбалары бар. Бул кәраға оларды кеше салып өтти. Бүгин кеште ямаса түске Қ. қаласына жеткереди. Соннан кейин телефон арқалы сөйлесе алатуғын боламыз. Телефонды биз ишки Россия жақта көргенбиз, өзимиз сөйлескенбиз. Оның жай-жағдайын билемиз. Ал езилиўден басқа ҳешнәрсе көрмеген бизиң надан халық телефонға ҳайран қалады. Бурын әскерий орынларда пайдаланылған телеграфтан халық пайдаланбақ түўе, қапталына барып көре алмаған еди. Телеграф туўралы ҳәр қайсысы ҳәр түрли сөйлейди. Телеграф деп айта алмай биреўлери „тилеген" дейди. Тағы биреўлери „тилегр" дейди. Тағы биреўлери „тилсим" дейди. Оның менен сөйлесиўди де ҳәртүрли етип айтады:

„Тил сым менен сөйлескенде бир ағаштың түбине барып, айтажақ сөзинди айтып бақырады екенсең".

„Тилеген менен сөйлесиў ушын бақанның түбине барып, бақанды урып, айтайын деген сөзинди айтып,



www.ziyouz.com kutubxonasi

өзиңе керек адамыңның атын айтады екенсең. Буны „тилеген урып сөйлести дейди".

„Тил сым менен сөйлесиў ушын, оның ана асыўлы турған жиңишке сымына бир арқанды салып алып, бир шуқырға жатып, қалеген адамың менен сөйлесиўге болады екен",—деп тағы биреўлер буркытады.

„Тил сым менен қарақалпақша сөйлесиўге болмайды екен"—деп және биреўлер өзлеринше билгишсийтуғын еди.

Телеграфтың ағашларын көрип киятырып, жurттың сондай сөзлери ядыма түседи де, жинли кисидей өзимнен-өзим күлемен. Тағы өзимнен-өзим ҳайран қаламан. „Буннан еки-үш жыл бурын, мен де усы дөгеректеги көптиң бири едим, ҳешкимнен артықшылығым жоқ, еди ғой. Анаў гөне жап, анаў кишкене көл, анаў шаңғыткан боз жерлер өкшем жарық-жарық болып қой баққан жерлерим еди ғой. Онсери бел менен ана жапты қазып едим ғой, ана гөне қыслаўдың аржағында кетпен менен кетпенлеп тары егип едим ғой" деп ишимнен ойлап, өткен өмиримди көз алдыма елеслетемен. Сөйтип жүрген адам киши командир болып, қайқайып жорға сүрип киятырғаныма ҳайран қаламан.

Сөйтип өзим менен өзим болып киятырсам, алдымда гүбир-гүбир биреў сөйлейди. Мен киятырған жолды тикке кесип өтетуғын нәҳән бир гөне жап бар. Сөйлеген адам жаптың ырашының аржағында, мен бержағында, ол көринбейди, ким сөйлеп турғанын билмеймен. Мени аңлып, атайын деп турған душпанларым мени көрип „келип қалды", деп бир-бирине хабар берип атыр мекен. Падашылармекен деўге бул дөгеректе жайылып жүрген мал көринбейди. Ойнап жүрген бала деўге, аўыл узақ, кеминде үш-төрт шақырым жер. Сөйлеп турған ким? Егер душпан болса, қашсам да ҳеш қайда бара алмайман, атады. Қолына түсемен. Басқа адам болса, не айтып атыр, билейин, деп ойладым да, аттың басын тартып тура қалдым.

Жаптың аржағындағы адам гүбирлеп сөйлесиў менен бир нәрсениң тақылдаған даўысы еситилди. Сөйлеген адамның даўысы каттырақ шығады. Жылағандай болады. Қулағыма мына сөзлери зордан еситиледи:

„Шықпаған шыбынжаным бар, ақ сүтин берип адам



www.ziyouz.com kutubxonasi

қылған анаң дәрбедер болып кетти. Бир анадан туўған баўырым болатуғын болсаң меннен бир хабар алсаң болмай ма, хор болдым. Бирге кеткен жолдасларың қайда, аман бар ма? Усы тилеген барса сенде маған „тилеген" ур. Ҳәр сөзди айтқан сайын тақылдап таяқтың даўысы еситиледи.

Турып тыңлаған менен жумбақтың шешиўи табылмады. Тағы азырақ жүрип ырашқа шығып қарасам, бир ҳаял телеграфтың ағашын бир урып бир сөйлейди. Ол ары қарап тур екен. Мени көрген жоқ, ағашты урып „хош аға, бөтен сөзим жоқ, тез кел, көз жасым жолдасым болды"—деп таяғын таслап жиберип, қапталында орта толмас бир қап тур еди. Соның үстине жығылып кетти де, солқылдап жылады.

—Кимсең?—дедим. Ҳаял басын көтерип, ушып турып жалт қарап:

—Мен—отқа түскен көзсиз гүбелекпен!—деди. Үстинде оңлы көйлеги де жоқ екен. Өрим-өрим жыртық көйлек. Еки алмасының үсти жыртылған, маған тикке қарағанда еки алмасы үриккен тананың қулағындай едирейип, көйлектиң жыртығынан шыға келди. Оны өзи сезди керек, дәрҳал жасырыў менен болды.

—Тилеген урып атырман,—деди ҳаял бетиме бир қарап. Бул дөгеректиң адамының бәри маған белгили, айдалып кеткен ағасын таныйтуғын шығарман деп:

—Ағаң ким?—дедим жаман көйлегиниң өңирине қолын тығып, төсин қасып, төмен қарап отырған ҳаялға.

—Ағам Айтбай,—деди ҳаял, бирақ басын көтермей, жоқарыдағы қылған исине меннен уялып отыр-аў, деп ойладым.

—Басыңды көтерип бери қара, атың ким—дедим мен.

—Әке-шешемниң қойған аты Ҳүрзия, ҳәзирги атым „Тоқал",—деп басын көтерип бир қарады. Бет әлпи қызыл гүлдей солып өзгерген екен, таныдым баяғы Ҳүрзия. Бетинде қан жоқ, өзгерген, қуры қуў сүйеги қалған. Баяғы толық сүйриктей саўсақлардың ети қашып тарамыс-тарамыс болып қалған. Сонда да мен оны таныдым, бирақ ол мени танымады. Ҳақыйқатында оның адам таныўғандай сыйқы қалмаған екен.

Танымайтуғынын билдим де:



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Мени таныйсаң ба?—дедим күле шырай менен. Бетиме тигиле қарап, азырақ отырды да, ол:

—Биреўге усатаман, бирақ ол емессиз ғой,—деди қара көзи тынық суўдай мөлдиреп турып.

—Кимге усатасаң?

—Бизиң аўылда бурында Ерполат деген бар еди, соған усатаман.

—Ол қайда?

—Мәрдикарға айдалып кетип еди, өли—тирисин билмеймен.

—Онда, сол Ерполат—мен.

—Ерполат! Ерполат!—деп ҳаял орнынан турды.

Мен аттан түстим. Басқа сөз таўып айта алмады. „Ерполат, Ерполат" деўименен келип мойнымнан қушақлап, өксип-өксип жылады.

Жанымызда Торы төбел жорғадан басқа жан жоқ, бизиң бунымызға ол гүўа болатуғындай көзи дөңгеленип қарайды. Бирақ „қой" деп бизди айырып жубатқандай тили жоқ. Ҳүрзияға „қояғой" деп қушағынан шығыў маған қыйын болды. Оның үстине жыласа жылап маўқын бассын деп азырақ турдым. Бирақ Ҳүрзия қушағынан жаздыратуғын емес, жылаған үстине өксип жылады. Бундай жерде жанымызда басқа адам болғанда жақсы болатуғын еди, адам болса бизди айырып жубатар еди. Адам болмағанлықтан жолдастың ислейтуғын исин өзим ислеп, зордан дегенде Ҳүрзияның қолын жазып, қушағынан шықтым. Сонда да көп ўақытқа шекем ол өксип жылаўын қоймады.

Бираз ўақыттан соң солығын басып:

—Айтбай ағам қайда, тири ме?—деди.

—„Тири ме" деген не, жақында келеди. Бәримиз мәрдикарға бардық. Сол бетте жүрип большевикке қосылдық. Оқып өнер үйрендик, мен де, ол да әскер баслығы болды. Мениң бул қалаға келгениме 15 күндей болды. Қаладан Ханжунаидтиң адамларын шығарған бизлер,—дедим жубатайын деп.

—Айтбай ағам қашан келеди?

—Ол жақында келеди. Ал, өзиң не қылып жүрсең?

—Не қылғанымды сорайсаң, көрмеген азабым жоқ, баяғы Ҳәкимбай ақсақалдың қапесине қамалып қалғанымнан шыға алмай жүргеним, апамның қайда екенин билмеймен. Дийўана болып жүр дегенди еситемен. Адамлар алыстағы адам менен тилеген урып сөйлесе-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ди деген менен басымдағы муңымды айтып, жаңа тилеген урып атырғаным еди,—деди.

Телеграфтың ағашын урып сөйлеп жүргенининң мәниси сол екен.

Сүйискен ярды адам қыймайды ғой. Ҳурзия жоқарғыдай халда турса да уялмай—ақ:

—Мийригүл қайда?—дедим мен.

—Туўған анамның қайда екенин билмей жүрип, Мийригүлдиң қайда екенин қайдан билейин, бирақ бул қараған аўылда жоқ,—деди Ҳүрзия.

Кимлер атадан, кимлер анадан, кимлер баладан айрылып, дәрбедер болып тентиреп кеткен ғой, олар да тентиреп кеткендағы деп қайтарып сорамадым.

—Көп адам атаўға қашып көшип кетти ғой, бәлки Мийригүллер де атаўға кеткен шығар,—деди.

—Солай болса, солай шығар—дедим, оның жақсы билмейтуғынын билип, қайтарып тағы сорай бермей.

—Бул бетте не қылып жүрсең?—деди Ҳурзия.

—Биз қызыл әскермиз. Халықтың душпаны—баспашылардан елди қорғап жүрмиз!—дедим.

—Баспашы дегениң ким?

—Ханжунаидтиң, Балабийдиң, Темиралының атлылары.

—Оларды не қыласыз?

—Оларды таўып, тамырына балта урамыз. Олар—душпан. Олар мудамы халыққа қастыянлық етеди.

—Олардың адамлары Ҳәкимбайдикине күнде, күн ара келип турады,—деди Ҳүрзия.

—Ҳәкимбайдикине келип туратуғын шығар,—дедим қаттырақ сорасам айтпай қалама деп, сүйеў салды етип.

—Ҳәрдайым түнде келеди, мал сояды, ўарқ-шарқ қурып ярым ақшамға шекем отырады,—олар рәҳәтленсе, мен қыйналаман, тамағын писиремен, чайын қайнатаман, қашан олар қайтқанша тынбайман.

Ҳүрзияның Ҳәкимбай ақсақалдың исине қарсы екенин билдим де, не дер екен деп:

—Ҳәкимбайдикинде жүре бересең бе?

—Илажсыздан жүрмен, егер илажы болса желкемниң шуқыры көрсин дейин деп жүрмен,—деди Ҳүрзия жыламсырап турып.

—Биз большевиклермиз, сендей хорланған, зорланғанларды жубатамыз, жақтылыққа шығарамыз,—дедим.



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Онда мени жақтылыққа шығар, аға!—деп Ҳүрзия жақынлай түсти.

Бетине қарап турып иркилместен:

—Әлбетте, азат етемиз!—дедим.

—Мен ҳәзир қайда барсаң да жаныңнан қалмайман. Қалай да мени Айтбайға жолықтыр!—деди.

— Жолықтыраман, бирақ ҳәзирше Ҳәкимбай ақсақалдың үйинде болатур.

— Жоқ, қалмайман, өлтирсең өзиң өлтирип кет!—деди.

— Жоқ, мениң мақсетим адам өлтириў емес, өлген адамды тирилтиў. Ҳәкимбай саған да, маған да, Айтбайға да, кемпириңе де зулымлық еткен адам. Биз оннан өшимизди алыўымыз керек. Оның менен қатнасып жүрген баспашыларды да тутыўымыз керек. Бул жөнинде сен ҳешкимге сыр бермей бизге көмеклес.

— Көмеклесиўге таярман, бирақ қалай көмек бериўдиң иретин билмеймен.

Көмеклесиўдиң барлық жөн-жосағын айтаман, ертең усындай ўақытта усыманға кел,—дедим. Тағы сөйлесип тура бериўге күн кеш болып қалып еди.

— Жақсы, ертең келейин.

— Ертең кел, ҳеш нәрседен қорықпа. Енди саған ҳәм сен сыяқлыларға бахыттың есиги ашылды.

— Айтқаның келсин аға!—деди.

— Айтқаным әлбетте келеди,—дедим де жорғаға қайта миндим, қабырғасына шпорды тийгизип қойдым. Жәниўар суўлығын шайнап, алға қарай умтылды.

— Умытпа, кел аға!—деп Ҳүрзия қарап қала берди.

III

Көзге түртсе көргисиз қараңғы түн. Алдымыздағы нәҳән ыраштан басқа ҳешнәрсе көринбейди. Ыраштың басындағы жантақ, ақбаслар ербийип, қараўытып, мысал бир нәҳән ағаштай болып көринеди.

Қубладан ҳүўлеп самал еседи, бирақ бийик ыраштан самалдың күши артықмаш тәсир етпейди. Самалдың өриндеги биз қарап турған аўылдың ийтлериниң анда-санда шаў-шаў етип үргени де, ешки-ылақлардың маңырағаны да, ап-анық еситиледи. Өйткени, ол



www.ziyouz.com kutubxonasi

сести ҳүўлеп ескен самал бизге күшли ҳәм анық етип жеткереди.

Бизге булардың барлығы да тәсир етпейди, бизиң күткенимиз, баққанымыз Ҳүрзия, ол анаў күни маған биринши ушырасқаннан кейинде бирнеше дүўшәкерлести. Егер Ҳәкимбайдикине баспашы келсе бизге билдиретуғын болды, ал бизиң ҳәзирги турған жеримизде оны күтип туратуғын болғанбыз, сол ўәде бойынша кеше де усыманда турдық. Бирақ баспашы келмеди, ел жатар ўақытта Ҳүрзияның өзи келип „бүгин келмеди, қайта бериң" дегеннен кейин биз қайтып кетип едик, бүгин босқа қайтпаспыз деген үмиттиң үстинде турмыз.

Ҳүрзияны көргеннен бермаған, мен оған ақылымды айтып, оны батырлыққа бейимлеп тәрбиялап „биз ҳешнәрседен қорықпаўымыз керек, өледи екенмен деп уўайымламаў керек, өлим бизден қорқатуғын болады" дегенимде Ҳүрзия:

— Сен сирә ҳешнәрседен қорықпайсаң ғой,—деди.

— Бизиң көсемимиз Ленин, бизди батырлыққа, жеңимпазлыққа үйретти,—дедим.

— Ленин дегениң ким, қазақ па, қарақалпақ па, ол ким?—деди Ҳүрзия.

— Бул кәрада оның миллетин сораўдың ҳәжети жоқ, миллети ким болса ол болсын, езилген ҳалық ушын ис атқарып, халықты жақсы турмысқа шығарыўға хызмет етсе болғаны, оны атамыз, ғамхорымыз Ленин биледи. Лениннниң миллети рус. Бирақ русқа молла-ийшанлардай қарамаймыз, уллы рус халқы бизиң баўырымыз, туўысқанымыз. Биз оның көмеги менен бахытлы өмирге шадлы заманға жетисемиз,—дедим күле шырай берип.

Ҳүрзия мениң сөзимди ықласы менен тыңлап турды да:

— Ленин қайда, усы қалада ма?—деди.

— Жоқ, бунда емес, ол киси Москва деген қалада болады. Ол киси күтә ақыллы данышпан адам, ол бетте болса да, бул беттеги бизиң ғамымызды ойлайды,—деп Ҳүрзияға жақын түсиникли тил менен түсиндирген болдым.

Ҳүрзия сондай сада еди, бирақ мен оны көрген сайын табылған ақылымды айтып түсиндирдим ҳәм өзиниң зейинлилигиниң арқасында сөзге жақсы түси-



www.ziyouz.com kutubxonasi

нип кимниң ким екенин таный баслады. Әдепки күнлерде жоқарғыдай турпайы сораў берип жүрген Ҳүрзия, соңын ала қадимгидей-ақ ҳәр нәрсени түсинетуғын болып қалды. Сонлықтан да ол Ҳәкимбайдикине бизиң жасырын жиберген адамымыздай болып хызмет ислеп жүрипти.

Еки көзимиз аўыл жақта, әне келер, мине келер деп қыстанып күтип турмыз. Бирақ көринбейди. Бурын от шығып турған жерлерден бираздан кейин жақты шықпағанына қарап, аўылдың бир қатары жатқан шығар деп пәмлеймиз. Қапталымдағы жолдасым асығып:

— Кеше де босқа қайтып едик, бүгинде босқа қайтпасақ болар еди. Ол қатынның өзи бизди алдап жүрген шығар,—деп Ҳүрзияға исенбеслик қылады.

— Жоқ, исенбеслик қылма. Ҳүрзия бир сөзли, табанлы адам,—деп жуўап бергенимде, жаптың бурын суўат болған ой жериниң аржағынан келип шыққан биреў қараң етти.

Жолдасыма мине келди дегенимше болмай, өзи де келип жетти.

— Баспашылар келмеди ме, неге көп еглендиң?—деди асығып отырған жолдасым.

— Баспашылар жаңа ғана келди. Жигирмалаған атлы,—деди Ҳүрзия ҳаплығып, еки ийнинен демин алып турып.

— Жигирмалаған атлы болса көп екен, аналарға хабар берейик,—деп жолдасым штабтағы әскерлерди шақырыў кереклигин айтты.

— Жоқ, оларға хабар бермеңиз, ол әскерлериңизге хабар бергенше кетип қалар,—деди Ҳүрзия.

— Қайда барады екен, айтты ма?—дедим Ҳүрзияның бетине қарап.

— Дуздың жолына барып, дузшыларды талайтуғын шығар, ямаса қырдан киятырған базаршыларды талайтуғын шығар, сол ширкинлердиң бағыты барма, ким билсин, бирақ тезирек иләжин қылың!—деди қыстанып турған Ҳүрзия.

— Олар ҳәзир не қылып атыр?

— Барлығы Ҳәкимбайдикинде чай ишип атыр.

— Аўылда кимлер бар?

— Сайеке, Қалмурат, Қара бала, Сейтеклер бар.

— Соларды шақырып келерсең бе?



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Усыманға ма?
— Жоқ, бизлер аўылға жақынлап турамыз.
— Оларды не қыласаң?
— Ҳешкимге билдирмей, жаңағы айтқан адамларды және бирнеше ҳаялларды ертип кел, келгеннен соң айтаман,—дедим.
— Жақсы, онда ҳәзир ертип келемен,—деп Ҳүрзия жуўырып кетти. Мениң атым басқа бир атты көрсе, айыўдай ақырып киснейтуғын жылқы еди. Баспашылардың атын көрип киснейме деп аўзын қурсаўлап алдым да, желдей жорттырып, аўылға қарап жүрип кеттим. Жолдасым изимнен жортып киятыр. Биз аттың аўзын байлап жүргенде, Ҳүрзия көп жерге асып, кеткен екен, жеткермеди. Оған жете алмадық та. Аўылға жақынлап, бир гүжимниң түбинде тура қалдық. Баспашылар жыйналған Ҳәкимбай ақсақалдың жайының терезесинен шыраның ба, пешке жаққан оттың ба жылтырап жақтысы шықты. Баспашылар атларын сейисханаға байлаған шығар деймен, ҳеш ат көринбейди. Жаңағылар келгенше баспашылар кетип қалмаса болар еди деп жаным шығып, қыстанып қарап турман.
— Жигирмалаған баспашыға екеўимиз не қыламыз?—деди қапталымдағы жолдасым әсте ғана.
— Не қылғанды сен сорама, мен айтпайын, неде болса ўақтында көрерсең, қорықпа!—дедим жолдасыма. Айтып аўзымды жыйғанымша болмай Ҳүрзия 5-6 еркек, 4-5 ҳаял ертип келди.
— Келдик,—деди Ҳүрзия асығыс түрде.
— Жүдә жақсы. Ҳәзир баспашылар отырған Ҳәкимбайдикине барып, қамаймыз. Мен өзим есиктиң аўзына, Ҳүрзия терезениң алдына барар, басқаларың атлы адамдай болып, дүсирлеп үйди қамалап алың да, „15 атлыға жигирма баспашы не қылатуғын еди“ деп сөйлей бериң, сонда биреўин де қашырмаймыз дедим келгенлерге.
— Жақсы ислеймиз!—деди Ҳүрзия. Оған мылтығымды бердим де:
— Терезени тесип, мылтығыңның ушын көринер, көринбес етип тутып, өзиң көринбей тур, қолыңнан тартып алмасын,—дедим.
— Жақсы ислеймен!—деди Ҳүрзия. Бәримиз дүсирлеп алға жүрдик. Бизиң бул ислеген исимиз ай-



www.ziyouz.com kutubxonasi

тыўға қыйын, ислеў аңсат болды. Дәрҳал үйди қамап тура қалдық. Есиктиң алдына барып:

— Баспашылар бар, қамаңыз үйди, қашса атың иштен атса, үйге от бериң, терезениң алдын алың!— деп бақырдым да, қарыўларын жыйнап ал!—деп жолдасымды жибердим. Онық мылтығын өзим алып қалдым.

Жолдасым алты атарын қолына алып, ишке кирип:

— Көтер қолларыңды!—деди. *Ол жолдасым соңғы* бир урыста жаралы болып, Төрткүлдеги кеселханаға кетти. Сизлер көрген жоқсыз, ол жүдә айбатлы жигит еди. Баспашылар айбатынан қорқып қалса керек, буўынлары дирилдеп қолларын көтериў менен болған. Қарыўларын шетинен жыйнап ала берди. Терезени тесип мылтығын шошайтып Ҳүрзия турыпты. Бираз ўақыттан соң, бир талай мылтықты, қатарды арқалап жолдасым шықты. Әкелген мылтықларын да, қатар*ларында ердиң басына илдик*. Есиктиң сыртынан илип қойдым да, Ҳүрзия жыйнаған дийханларды шақырып алдым. Онлаған адам капталыма келип орап тура қалды.

— Ислеген ерлигиңиз ушын рахмет!—Ертең және сөйлесермиз, көрисермиз, ҳәзир исимиз қыстаў,— дедим.

— Жақсы шырағым, жақсы,—деп олар ырзалық билдирди. Соның арасында жолдасым үйренген әдетин ислеп, баспашылардың атын түйе кәрўанындай етип бириниң қуйрығына бирин тиркеп, сейисхананың алдына жыйнады. Бул ўақытта ай туўып, арқан бойлы көтерилип, қараңғы түн жақты тартып киятыр еди. Айдың жақтысы менен баспашыларды штабқа айдаўға киристик, баспашының атларын кәрўандай етип тиркеп, өзи кәрўан басындай болып, барлығын жетеклеп жолдасым таярланды, баспашының бир атын минип, бир мылтығын алдына өңгерип турып;

— Енди мен сизлерден қалмайман,—деди Ҳүрзия.

— Жақсы жүр, мылтықларыңды таярлаң! —дедим Ҳүрзия менен жолдасыма.

— Баспашыларды не қыламыз?—деди қуўанышлы Ҳүрзия.

— Ҳәзир не қылғанды көресең,—дедим де, Ҳүрзияға, баспашылар отырған үйге қарап:



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Қолға түскен баспашылар шығың үйден!—дедим. Олар шубырып шыға берди, „күн батыс қублаға қарап жүриң“ деди жолдасым атларды бирине-бирин тиркеп жетеклеп жүрип. Баспашылар айтқан жаққа қарап шубырды. Жолдасымның изинен Ҳүрзия екеўимиз еки жағынан қараңғы түнди қақ жарып жигирмалаған баспашыны штабқа айдап кеттик.

IV.

Колға түскен қосаяқ тышқанларды қалаға айдатып жибергенимизге үш сааттай ўақыт болды. Оларды түнде Ҳәкимбайдын үйинен қолға түсирген ўақытта биз бир аңсызлық қылғанымызды сизлерге айтпай баратыр екенмен-аў. Баспашыларды қамамастан бурын Ҳәкимбай майданға шығып кеткен екен, ал баспашыларды қамаған ўақытта, ол қашып аўылдан шығынып кеткен. Баспашылардын үстине кирип қарыўларын алған жолдасым Ҳәкимбайды танымайды екен, сол жигирмалаған адамның бири шығар дегенде маған айтпаған. Ал, мен де, Ҳүрзия да үйден шыққанлардың бири шығар деп ойлап қараңғы да аңламағанбыз. Өзимиздиң штабқа келип оттың жақтысында қарасақ қарғылы қара аўыз көпек Ҳәкимбай жоқ. Онын жоқ екенлигин сол жерде билдик те „алла бәрекелла“ деп саңға бир урдық. Өзине ҳәм үйине мал мүлкине тиймейтуғын адамдай болып сол күни түнде сырттан бағып отыра бердик.

Ондағы ойымыз үйине қайтып келе қойса барып турып тутып алыў, оның үйин сырттан қараўыллап жүрген адам келди де оның орнына бағана басқа бир әскер жиберилди. Ол әскерлерден де, баспашыларды қалаға алып кеткенлерден де хабар жоқ...

Биздеги әскерлердиң көпшилиги дерлик өз тileклери менен әскерге жанадан қосылған жигитлер еди. Әскер ойынларын да дурыс билмейди, оларды үйретиў ушын күнде азанда ойнатамыз, ойыннан кейин азанғы аўқатқа отырамыз. Оннан соң қуралларын тазалайды, бул әдет болып қалған. Сондай-ақ қуралларын тазалап болып биреўлер қосық айтып, биреўлер ойнап ўақты-хошлық етти. Ишимизде Сәмендер деген бир жигит бар, сол ўақытта азлап қосық шығаратуғын ҳәм қарақалпақ намаларын да жақсы билетуғын еди. Аўылда оның Айжан деген сүйген қызы болса керек, усын-



www.ziyouz.com kutubxonasi

дай дем алған ўақытта сол ҳаққында қосық айтады. Көбинесе сүйип айтатуғын бир қосығы бар. Оны „Қыз мүнайым“ намасы менен ыңырсып қайта-қайта айтыўы себепли басқа әскерлерде билип алған. Умытпасам ол қосық былай шығар деймен:

Айжан мениң сүйген ярым,
Аямайды меннен жанын,
Биз қумармыз қушақласып,
Қыдырмаға бахыт бағын.
Болсадағы сондай ярым,
Бирақ күшли намыс-арым,
Ашықлықтан намыс күшли,
Ойлағанға халық ғамын...

Сәмендер бирден усы қосығын айтты. Ал Жафар көп ойнайтуғын ойыны „асса“ ға басты. Әскерлер Сәмендердиң қосығынан гөре Жафардың ойынын жақсы көрип, Жафар жаққа аўды. Ойынға тек қарап турмастан, Сәмендердиң „асса“ намасына шығарған „асса“ “жаслар“ деген қосығын айтып, ойынға қосылып та кетти.

Асса-асса-асса,
Жаслар алға басса,
Алмайтуғын жаўы жоқ,
Бәри күшин қосса,
Асса жаслар, асса,
Бәрҳа алға басса,
Қызыл туўды жоқары
Қолда беккем усла!

Күн салқын. Күн батар беттен азлап самал еседи. Ол жанға дым жағымлы, ескен үстине ессе екен дейсең.

Бизиң ишимизде жаңағы Жафар. Әзербайжан жигити еди. Ол түргелип дөгерекке қарап турды да:

— Шох гөзел!—деди өз тилинде.

— Не ол?—деди биреў.

— Қойлара бақ,—деди Жафар, Соның арасында отырған Ҳүрзия орнынан ушып түргелип, оң қолын маңлайына қойып, көзине сая қылып турды да:

— Бул дөгеректе бундай көп қой жоқ еди ғой,



www.ziyouz.com kutubxonasi

бир жақтан көшип киятырған елдиң қойы ма екен?— деди.

Булардың сөзи мени де отырған орнымнан турғызды. Ушып турып қарасам, санап санына адам жете алмастай көп қой, тап бизиң үстимизге қарап жайылып киятыр. Қойдың соңында таяғын белине услап шопаны киятыр. Күнде бул әтирапта бундай қой көринбейтуғын еди. Бул қойдың қайдан шыққанына мен де ҳайран қалдым. Бир жақтан көшкен елдиң қойы шығар дейин десем биз елдиң шети, жаўдың бети атанған жерде жатырмыз. Ал қой баспашы жақтағы тоғайлықтан шығып киятыр. Ол тоғайда ҳеш ел болыўы мүмкин емес.

Бәҳәрдеги көк қуўған қойдың ҳәрқайсысы ҳәр жаққа пытырап жайылып, танаўы пырқырап жүрмей-жайылатуғынлығы, ал гүзде болса қой жүре жайылатуғынлығы белгили. Мына киятырған қойларда қадимги гүзде жайылған қойдай болып жүре жайылып киятыр. Сол қойдың тап ортасынан бизге қарап созылған нәҳән бир жап бар еди, сол жаптың еки жағасы менен иркилместен бизге қарап айдап киятыр. Раш болса, жар болса ешкиниң қудайы берип, рашқа секирип ойнайтуғын еди, бирақ бул қойдағы ешкилер ондай ойнамайды. Ойнаў түўе раштың басына да шықпайды. Қошқар менен текениң күйеги алынған ўақыт болса да, бул киятырған қойлардағы қошқар, текелердиң күйлемеген қой, ешкиниң артынан қуўалап, жүргенлери көринбейди. Ербийисип жуўыра отлап киятыр. Бул көринисти ишим жек көрди.

— Жолдаслар, „сақлықта хорлық жоқ“—деген сақланып таяр болып турың. Мынаў қой емес, жаў шығар деймен. Жүриси жаманырақ,—дедим жолдасларыма.

— Жаўда қой болатуғын ба еди—деди тәжирийбеси жоқ бир жолдас.

— Жаў қой болмақ түўе, азыўы айланған жалғывақ та болады. Бирақ жаўдың урыс усылын билип алыў керек,—деди де әскерге келгенине көбирек ўақыт болған бир жолдас мылтығын қолына алып таярлана берди.

Ҳүрзияның бизге қосылғанына онша көп ўақыт болмағаны өзлерине де мәлим ғой. Ол еле мылтықты қалай услаўды ҳәм қалай атыўды билмейди. Бирақ ол



www.ziyouz.com kutubxonasi

жигерли, ер көкирек, ҳеш нәрсени „билмеймен",—деп қарап қалмайды, бәрҳа „билемен" деп умтылатуғын еди. Бағанағы баспашыларды алып кеткен әскерлер менен қалаға кете бер, дем ал, таза кийим кий—дегенимизде айтқанды қылмай, сизлер менен бирге боламан,—дегенде бармай қалып еди. Мылтықтың атыўын жақсы билмесе де баспашыдан түскен бир мылтық пенен бир қылышты алып қалып, асынып алып еди. Мен „таяр турың" дегенде:

— Таяр турыў керек, таяр болыў, сақ болыў бизиң өмирлик жолдасымыз болыў керек,—деп мылтығын қолына алып алдына қарап турақалды.

Соның арасында командир „жатың" деп команда берди. Қазып қойған окопларымыз бар еди, соған жата қалдық. Нәҳән гөне жаптың ишинен қора дүзетип байлап қойған атларға қарап турыў ушын бес атқа бир адам жиберилди.

Арадан көп ўақыт өткен жоқ, бағанағы жүре жайылып киятырған қойдың аяқ алысы пәсеңледи, тасбақа тарбаңға салынды. Буны көрген командир:

— Қой емес, жаў! Жақсы таярланың!—деди. Соның арасында „қой" менен бизиң арамызда бир бөлек қарабарақлық бар еди. „Қойлар" оған келди де дүстөмененинен жерди қушақлап жата қалды да, оқты қардай боратып қоя берди.

Бизиң командир бизди көзи менен бир шолып айнала қарады. Оның бетинде баспашыға қарсы қайнаған ғайрат билинетуғын еди. Ол ашыўы келип сөйлегенде маңлайының терисин жыйырып тислениш турып сөйлейтуғын еди. Ҳәзир де әдеттегише тисленип турып:

— Огонь! оқ атың!—деп команда берди. Оның командасын күтип турған ғайратлы қызыл қыранлар оқ жаўынын жаўдырды.

Мылтықтың даўысы аюдай ақырып оқлары зуўлап жөнелди...

Баспашылар да қуйдырды, бизде қуйдырдық. Ҳақыйқатында, бир оқты бийкарға шығармаўымыз керек еди, бирақ биз булкәрада оқты ҳусыл менен көбирек шығардық. Биз көбирек атсақ баспашылар „булар сасып көбирек атып атыр"—деп кем-кем бизге жақынлаў имканияты бар еди. Жәнe азғана ўақытқа оқты көбирек шығарып, кейин азлап атсақ баспашылар



www.ziyouz.com kutubxonasi

бизди „оғы азайды"—деп ойлап бизге жақынлар—деп ойладық.

Оқты еки жақта қардай боратты. Жер силкинип аспан асты шайқалғандай, әтирапты думандай болып түтин орап кетти. Арадан бес минуттай ўақыт өткенде, командир аз атыўға команда берди. Анда-санда бир оқ шығардық, ойлағанымыздай-ақ баспашылар бизге жүдә жақынлады. Жалғыз жаяўды қамап шаң бораткан қасқырдай болып, түтинниң арасында жуўырып жүрген ҳәр жерде баспашылар көзге көрине баслады. Бир жерде топарласып жатқан бир топар баспашылар көринди, тағы бир жерде бир топары көринди. Буларды көрип, командир дәрҳал пулеметчиктиң қапталына барып, баспашылардың жайын шама менен қадемге есаплап, қол пулеметтиң аўзын қаратып қойды. Мәкке жүўериниң қуўырмашындай пытырлап оқ кетти. Бул ўақытта баспашылар бизге қарап оқ атыў орнына қара басы қайғы болып, қайдағы қуўыс қолтықты изледи. Биз соннан пайдаланып, гранатаны баспашының шоқ жерине зыңғыта басладық...

Граната түсип жарылған жердиң топырағы, баспашылардың қурашлары менен малақайлары жанар таўдың тасындай аспанға атылып, қайтадан жерге түсип бир „қыямет-қайым" болып қалды...

Бундай саўашты биринши рет көрген Ҳүрзия қорқып окоптан басын көтере алмас,—деп ойлап едик, бирақ Ҳүрзия бизиң ол ойымызды бийкарға шығарды. Баспашылар бас пана табалмай ояққа-бұяққа қашып жүргенин көрди де, Ҳүрзия рухланып кетти. Жуўырып қашып жүрген баспашыны ҳәр көрген сайын омыраўын көтерип, қызып турды.

— Қой, Ҳүрзия, душпан өтирик қашқан болып, бир топары қашқан менен бир топары қашпай жасырынып жатып, үстине ат қойып барған ўақытта жүректен берип қалатуғын әдети болады. Мен ондайдың талайын көзим менен көрдим,—дедим көпти көрген кисидей ақыл айтып.

— Қашқан жаўдың несинен қорқасыз,—деди Ҳүрзия мыйығын тартып күлди.

— Жоқ, ол қорыққанлық емес, сақлық,—деди қапталымызда жатқан бир жолдас.

Бул ўақытта пулеметтиң оғы қуўырмаштай пытырлап, граната түскен жер жанар таўдай атлығып, бес



www.ziyouz.com kutubxonasi

атардың оғы қардай борап урыстың ғажжа-ғаж қызып атырған ўақты еди. Баспашылар буған төтепки бере алмаса керек, арқасын бир-ақ көрсетип қайқайып қашып баратырғаны көринди. Буны көрген Ҳүрзия шыдап тура алмады. „Ана бир баспашы жығылды,Ужарыўларын алыў керек“ деп жатқан орнынан тура жуўырды, жатқан жеринен есик пенен төрдей жерге бара бергенде „ақ“ деп шалқасынан ушып түсти. Талай адамның оққа ушқанын көрип едим, бирақ оның жығылғанындай жығылғанды көргеним жоқ. Таўдың басында турып, тасты төменге қарап зыңғытқандай болып ушып түсти. Бержағында жатқан бир жолдас басын сүйеп қалды, егер ол басын сүйемегенде жарасының үстине, мийинеде бир зыян келетуғын еди. Соның арасында Ҳүрзияның қапталына арамыздағы саўлық сақлаў хызметкери жетип барды. Ҳүрзияның жығылғанын көрип шыдап тура алмаса керек, командир атака жасаўға команда берди. Әскерлер уралап алға қарай умтылды...

V.

Тәжик қызларының ала шайы көйлегиндей болып, түрли түрге енип қызарып күн батып баратыр. Гүздиң күнлери бир тымық болса да, бир күн самал, даўыл, алабурқан болып туратуғын әдети-ғой, әдеттегише бүгинде сондай самал ҳүўлейди. Қубладан ескен самал жүдә жаман. Егер жер, қум, шаңлақ болғанда топырақты аспанға суўырып, арқаның боранындай болатуғын түри бар. Бирақ жер шым, тепсең, самал қаншама ҳүўлеген менен топырақ борамайды.

Батып баратырған күн менен жан таласып Ҳүрзия жатыр. Ҳуўлеп ескен самал оған дым жағымсыз. Самал шатырдың қуўыс-қолтығынан ҳуўлеп киреди де, еки ийнинен демин алып, талықсып жатқан Ҳүрзияға урады. Иле турғызама деймен, гей ўақытта маңлай терисин қатпар-қатпар етип жыйырып „ҳиккиң“ деп гиржийип бираз ўақыт демин ала алмай турады. Оның жаны қыйналғаны жанындағы бизге батады. Бирақ илаж жоқ, тек қас-қабағына қарап отырып оның кеўлин көтериў ушын, тәўир болып кетесең, „қайғырма“ деймиз.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Автомашинаның жоқлығы да көп кесент берди. Бағана Ҳүрзия жығылған бизиң атака жасағанымызе ядыңызда бар шығар. Сол атакада жалтылдатып қылышты қолға алып, граната атып баспашының үстине тикке жуўырдық. Гранатаның түскен жери жасыл түскен дей болып, астан-кестен болып кетти. Баспашылар көп болғаны менен, буған төтепки берип жата алмады. Табанын жалтыратып, келген изин тапты. Биз соңына түстик. Табанда талайы өлди, талайы жаралы болды. Талайы тирилей қолға тусти. Қолға түскеннен бул баспашылардын сыр-сыпатын билдик. Қашып кеткен Ҳәкимбай өзиниң үйинде болған ҳәдийсени баспашыларға жеткерип, „большевиклер азғана барсаңыз аласыз" деп баспашыларға сөз берип, үстимизге ертип келген екен. „Тилегенниң қарнына" деген емес пе, урысты өзи тилеп келген баспашылардың жетире сыйын бердик. Сонда Ҳәкимбайдың өзи де оққа ушып аўзын бақадай ашты.

Ҳүрзия жығылған ўақта, биз атака қылып, оның қандай жаралы болғанын билгенимиз жоқ еди, жаўдың исин ислеп болып қайтып келип қарасақ, оқ аўзынан кирип, өңешин жыртып, тамағынан шығып кеткен екен. Суў жутса ишине кетпей, өңешиниң тесигинен ағып кетеди. Дем алса мурнынан шықпай өңешинен қырылдап шығады. Кирпигин зордан қағып жатыр, бирақ қырылдаған ўақта „а" дейди. Айтайын деген сөзиниң басқы ҳәрибин айта алмаса да, бизге белли „аға" деген сөз. Сизлерге айтпай умытып баратыр екенмен аў... Баяғы биз бенен мәрдикарға айдалып кеткен ағасы Айтбай биз бенен мәрдикарлыққа барып, оннан соң қызылларға қосылып қайтып келди. Бирақ еле бул қалаға келген жоқ. „Х" қаласында жүр еди. Ағасын сағынған Ҳүрзия „ағам қашан келеди" деп күнде қайта-қайта сорайтуғын еди. Ҳәмме ўақытта айтатуғыны ағасы. Ағам келмейди аў, „деп" гей ўақытта гөне рашқа шығып, жолға қарайтуғын еди. Ҳәзир өлим зәңгисине аяғын салып жатқанда да, ағасын ядынан шығармай жатқаны бизге билинетуғын еди. „Аға" дейин десе, дей алмай, „ға" өңешиниң тесигине жетпей жоқ болып „а" сеси өңештиң тесигине зордан жетип адам түсинер-түсинбес болып шығып атырғаны еди—ғой.

Бундай аўыр жарасы менен қаладағы үлкен док-



www.ziyouz.com kutubxonasi

*торға алып бара алмадық. Өзимиздиң арамыздағы* доктор қараған менен Ҳүрзияның жанына пайдалы хешнәрсе ислей алмады. Үлкен доктор болғанда өңештиң оқ өткен жерин тигип таслайтуғын еди. Ат пенен апара алмадық, машина болмады. Сонлықтан қаладағы үлкен докторға адам жибердик, бирақ еле келген жоқ. Шақыртып жиберген адамымыз „ҳәзир келеди" деп келди. Соның менен бирге Ҳүрзияның ағасы Айтбайдың да усы қалаға келгенин айта келди. Оған Ҳүрзияның аўыр жаралы болғанын еситтирмепти. Доктор менен барып тири екенин көрсин, аўыр жаралы болды дегенге инанбас, өлген шығар деп жүрер деп ойлаған екен.

Қуўанып кеўли көтерилер мекен деп „ағаң келипти, ҳәзир усы жерге келеди" дедик Ҳүрзияға. Мен бундай болып атырғанда келетуғын болды аў деп ойлады ма, келгенше өлип кетемен деп ойлады ма, қулласы көзине жас алып жылайын деп қамсықты. Бирақ жылай алмады. Тез-тез қаттырақ қырылдады. Ҳәр қырылдаған сайын „а" дегендей болады. Бизиң бәримизде Ҳүрзияның ағасына күлип көрисе алмағанына өрттей ғаўлап өсип киятырған жастың жалындай *жалп етип жығылғанына* жанымыз ашыйды. Ең болмаса жаны барында ағасын көрер мекен деп, қала жаққа қайта-қайта қараймыз. Ҳүрзияның кем-кемнен ҳалы кетип баратыр. Не қылыўды билмеймиз. Қалаға барып келген адамға „неге өзиң ертип келмедиң" деп урысамыз. Бирақ оннан шығатуғын пайда жоқ. Бизден қысынып, қалаға барып келген жигит қайта-қайта рашқа шығып, келетуғын доктор менен Айтбайды қарап турып еди. Бир ўақытта қуўанып кетсе керек, бирден;

— Ана киятырған солар емес пе—деди даўысын созып. Оның даўысын созғанынан киятырғанлардың узақ екенлиги билинетуғын еди. Соның арасында биз де рашқа шығып қарадық. Узағырақта еки атлы киятыр. Атқа отырысы аўыл адамларының атқа отырысындай емес. Атқа отырысынан ақ солар екенлигин билдик. Анық билгеннен соң, Ҳүрзияның қапталына жуўырып келип: „Айтбай киятыр" дедим. Бирақ Ҳүрзия мениң сөзиме қулақ салмайтуғын сыяқлы. Жақынлаңқырап келип қарасам, қырылдаўы бурынғыдай емес, дым әсте, анда-санда бир қырылдайды. Көзи



www.ziyouz.com kutubxonasi

аларып кеткен. Әсте-әсте ийегин қағады. Тула бойым музлап кетти ,Ҳүрзия! Соның арасында бираз кериленгендей болып аяқ қолын созды да тынышланып көзин жумды. Жас қызыл гүл қыршынынан қыйылды.

Соның арасында доктор менен ағасы да келди. Ағасы менен аманласа да, көрисе де алмады. Қарындасының бундай болғанын да айта алмадым. Айтбай бети жабыўлы жатқан өлини көрип „бул ким?—"деди. Мен жуўап бере алмадым. Қаладан келген доктор айландыра қарап келип, „мына жарасынан ҳешнәрсе болатуғын емес екен, өңешти тиккенде адам болып кететуғын екен, бирақ бурыннан миокардит кесели бар екен. Аўыр жаралы болғаннан соң, жүреги ислемей қалған" деп аты-жөнин сорап акт жасаған ўақытта Айтбай өлинин өзиниң қарындасы Ҳүрзия екенлигин билди.

Ҳүрзия сөйтип ағасын көре алмай әрманда кетти. Өлисин қалаға әкелип, революция қурбанларының қапталына қойдық. Мынаў соның жатқан жери—деп Ерполат жолдасларына баяғы кишкене мазарды көрсетти. Жолдасларының ўатан қызы Ҳүрзияның аянышлы өмирине жас жүреклери елжиреди. Бул ўақытта күн тикленип, түсликке барып қалып еди. Ерполат саатына қарады да:

— Саат он еки болыпты,—деп қалаға қарай жүрди. Еки жолдасы оның изинен кетти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## МАЗМУНЫ


Айралық . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 3
Төрбарды көргенде . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 8
Қум кайрақ етип, тас корылдақ қылды . . . . . . . . 15
Ағаш басындағы келиншек . . . . . . . . . . . . . . 23
Тоғайдағы той . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 29
Көрген билгенинди айта бер . . . . . . . . . . . . . 42
Яр қойнында . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 47
Аксулыўдың ашыўы . . . . . . . . . . . . . . . . . 52
Мунлы Мийригүл . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 60
Шешенниң май дегени торақ шықты . . . . . . . . . 66
Тюрмадағы дослар . . . . . . . . . . . . . . . . . . 72
Жазықсыз гүнакар . . . . . . . . . . . . . . . . . . 79
Аймерекениң ақылы . . . . . . . . . . . . . . . . . 93
Тюрмадан турмысқа . . . . . . . . . . . . . . . . . 104
Сырлы мазар . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 109


---


На каракалпакском языке

Мырзагали Дарибаев

ОДНА ИЗ ТЫСЯЧИ

(незаконченная повесть)

Издательство „Каракалпакстан"

Нукус—1974.

Редактор *Б. Кайыпназаров.*
Худ. редактор. *Қ. Нажимов*
Тех. редактор *А. Турдымуратов.*
Корректор. *Б. Файзуллаева.*

Териўге берилген ўақты 12/VIII—1974 ж. Басыўға рухсат етилген ўақты 9/IX—1974 ж. Қағаз форматы 84X108¹/₃₂ Көлеми. 4,25 баспа табақ. 7,14 шәртли баспа табақ 7,16 есап баспа табақ. Тиражы 20000.. Баҳасы 32 т.

„Қарақалпақстан" баспасы, Нөкис қаласы, К. Маркс көшеси 9.

ҚҚАССР Министрлер Советиниң Баспа, полиграфия ҳәм китап саўдасы ислери бойынша басқармасының „Правда" нын 50 жыллығы атындағы Нөкис полиграфкомбинаты Зак 136.



www.ziyouz.com kutubxonasi